Saking rikating rata tindakipun Prabu Kresna sampun dumugi sajawining kitha boten antawis dangu negari ing Astina sampun katingal. Sakathahing kalangenan urut margi, ingkang dipun ambah dening Prabu Kresna, semunipun sami prihatos. Ebahipun godhonging uwit wringin, semunipun kados tiyang jaler kasusahan, amargi kacuwun enggonipun badhe karon-jiwa. Pucaking gapura emperipun kados angajeng-ngajeng enggale rawuhipun Prabu Kresna. Baunipun ing gapura, kados badhe nyembah dhumateng ingkang rawuh. Epanging uwit cepaka sapinggiring margi, katempuh ing angin, semunipun kados astanipun Dewi Banowati, arigawe-awe badhe pitaken dhateng Prabu Kresna, "Punapa Raden Janaka boten andherek?". Swaraning ratanipun sang nata, sarta gebyaring sesotya rerengganipun, kados anyahuri sarta angujiwati ingkang pitaken, wondening sauripun, "Si Janaka ora milu ngiring, isih kari ana ing Wiratha, kadang-kadange siji ora ana kang milu". Empang kanginan emperipun kados tiyang mengo, boten kadugi ing wangsulan wau, awit Raden Janaka boten andherek dhateng negari ing Astina, anjabel negarinipun. Sekar-sekar ing margi emperipun kados rentah ing jurang. Wit-witan ingkang wonten pinggir margi katempuh ing angin, godhongipun abosah-basih, semunipun kados tiyang prihatos, dene Pandhawa boten wonten tumut. Cucur mungel menggah-menggah, semunipun kados tiyang ajrih. Wonten sekar pudhak rentah ing sela, semunipun prihatos, awit dening Raden Janaka boten tumut andherek. Lawa guman-dhul wonten ing epang, kebet-kebet kados tumut sedhih, yen sageda wicanten, wiraosipun mekaten: "Ya gene Pandhu putra ora milu rawuh, anjabel negarane dhewe". Sekar tanjung anggulasah wonten ing margi semunipun kados tumut sedhih. Brengeng-ing kombang ingkang ngupados sekar, utawi ingkang atut unthuk-ing toya, kados anangis tumut prihatos, dene Sang Dananjaya boten andherekaken tindakipun Prabu Kresna. Lumut aking tumempel ing sela, semunipun kados tiyang estri kalenger, amargi kedanan Sang Dananjaya. Akathah kalangenan ing pinggir margi, utawi pinggiring rawi, ingkang angemper-emperi prihatos. Kapanjangan yen kacariyosna sadaya.

Tindakipun Prabu Kresna sampun dumugi ing Tegalkuru.

Anunten wonten jawata sakawan tedhak, anama Janaka, Rama Parasu, Kanwa sarta Narada, badhe ambiyantoni lampahipun Sang Nata. Prabu Kresna kaget mirsa wonten dewa anedhaki, lajeng mingser tumut lenggah kusiripun. Dewa sakawan sami lenggah salebeting rata, sareng Sang Nata sampun nembah, jawata sakawan angandika, "Sang Nata, sampun kasesa ing lampah, kula badhe tumut ing salampahan dika", anunten rata dipun rindhikaken. Samargi-margi Sang Prabu gineman kaliyan dewa sakawan, wondening ingkang dipun rembag prayogining lampah, saha saening kadadosanipun ing prakawis.

Sang Prabu Suyudana ing Astina sampun midhanget, bilih Prabu Kresna sampun dumugi ing Tegalkuru. Lajeng Andhawahaken parentah, sakathahing lelurung andikaken angelari sinjang, anjog ing siti inggil, dumugi korining kadhaton ingkang jawi, sarta para pinisepuh kadhawuhan amethuk. Wondening ingkang kapatah amethuk wau, Bisma, Durna, Dhestharata. Punika sama suka ing batos, dene Prabu Kresna ingkang lumampah, badhe anjabel negari, ayipta yen Prabu Suyudana amesthi badhe ngulungaken. Nanging Prabu Suyudana akaliyan Patih Sangkuni sami kewedan, awit Prabu Kresna sampun kalih-kalih ing atunggil kaliyan Pandhawa. Anunten para Korawa sami ngalempak wonten salebeting kadhaton.

Lampahipun Prabu Kresna angancik kikising negari Ngastina, ratanipun karindhikaken. Arame swaranipun tetiyang ingkang sami methuk, utawi ingkang sami anonton. Tiyang sanagari Ngastina ebah sadaya, saking kapenginipun badhe aningali Prabu Kresna. Ageng alit ting balebar, jejel titip atimbuh pinggiring margi, ajrih menawi kasep ing langkungipun Sang Nata.

Inggang sami methuk wau sampun panggihan kaliyan Prabu Kresna. Sang Nata lajeng dipun aturi lumebet dhumateng kadhaton. Wondening para ratu sampun tata pinarak wonten salebeting kadhaton. Prabu Salya inggih sampun rawuh. Arya Widura, Adipati Ngawangga, Karna, Arya Sindureja, Yuyutsuh, Sujaya, sami andher wonten ngarsanipun Prabu Suyudana. Anunten para pinisepuh, ingkang kautus methuk wau, sami dhateng angrumiyini, boten antawis dangu Prabu Kresna rawuh, tedhak saking rata, kali-

yan jawata sakawan. Para Korawa sami ngadeg angurmati, Sang Nata akaliyan jawata sakawan dipun aturi pinarak dhateng Prabu Suyudana. Para pinisepuh kumrubut ingkang sami ambagekaken, anunten pasegah sumaos. Pangandikanipun Prabu Suyudana, "Kakang Prabu ing Dwarawati, sumangga kula aturi dhahar, minangka jejampining sayah". Prabu Kresna amangsuli, "Yayi Prabu, sakalangkung-langkung pamundhi kula, pasegah pinanggih ing wingking, bilihpadamelan sampun rampung". Suyudana ngandika malih, "Dene mawi wigih-wigih kakang Prabu, anampik pasegah kula". Kresna amangsuli, "Agampil Yayi Prabu, pinanggih ing wingking kemawin". Prabu Kresna suka ing galih, aningali para ratu ingkang sami pepakan wonten ing kadhaton, utawi para pinisepuh ingkang sami sowan. Anunten pamitan ing Prabu Suyudana, badhe masanggrahan rumiyin. Prabu Suyudana amangsuli, "Sumangga ing karsa kakang Prabu, ratu bijaksana ing sajagad". Prabu Kresna amangsuli, "Mugi-mugi yayi Prabu amanggiha suka, siyosa padamelan ingkang kula lampahi, wilujenga ing kadadosanipun". Prabu Kresna sareng sampun dumugi ing Jawi, matur dhateng jawata sakawan, "Kula badhe masanggrahan rumiyin, benjang enjang kemawon kula mratelakaken prelunipun lampah kula mriki".

Prabu Kresna anjujug panggenanipun, ingkang bibi Dewi Kunthi, lajeng anyungkemi sampeyanipun, Dewi Kunthi muwun, cip-taning galih prasasat kapanggih kaliyan Pandhawa. Tumunten amratelakaken sakeling galih, bab prakawis ingkang badhe kalam-pahan. Akathah pituturipun. Saking ageng ing prihatos pangandikanipun pegat-pegat kamoran muwun. Sareng sampun telas pituturipun, Prabu Kresna pamit badhe dhateng pasanggrahan ing griyanipun Arya Widura. Sarawuhipun ing ngriku, anunten sesaosan pasegah katbah dhateng.

Saunduripun Prabu Kresna, Suyudana apiremagan kaliyan ingkang rayi, punapa malih kaliyan Adipati Ngawongga, ingkang minangka kapangajeng ing damel. Prabu Suyudana sumelang ing galih, awit pasegahipun katampik dhumateng Prabu Kresna, pangandikanipun, "Prabu ing Dwarawati amesthi ngandhut wadi, dene ora karsa dhahar pasuguhku. Heh Drusasana, aja sira kurang weweka marang Ratu ing Dwarawati, sira di angati-ati, kadang-

kadangmu kabeh tuturana. Besuk padha amendhema baris, aja pinikir suwe-suwe, wong ing Dwarawati banjur ditumpesa bae, awit iku awaking pandhawa, mesthi angandhut ala, ora wurung dadi mungsuh, samudana angandhut amanis”.

Sabibaring pasamuan, sakathahing Korawa sami mantuk. Para ratu tamu tuwin pinisepuh sami kundur dhateng pasanggrahanipun piyambak-piyambak. Prabu Suyudana kundur angadhaton, tedhak dhateng panggenanipun ingkang garwa Dewi Banowati. Dewi Banowati amethuk, lajeng dipun kanthi astanipun, malebet ing dalem tata sami pinarak. Pra abdi estri marak.

Retna Bonawati galak ulat, manis pamulu dedeg sembada, goreh nanging dados ing pantes sarta boten wonten sarunipun. Anjelih anjulalata mindhak perak ati, bengis marengut malerok kawewah manis. Sanajan boten ngagem-ngagema, ambombrong kalung kasemekan kemawon, inggih pantes. Sabarang lelewanipun amantesi. Tanpa ganda tanpa sekar, suprandosipun arumipun angebeki kadhaton ing Astina.

Kala semanten srengenge angajengaken serap. Arindhik lampahipun, kados dereng tuwuk enggonipun aneningali rerengganiipun kadhaton ing Astina. Emperipun kados anolih, papencut aningali Retna Banowati, tuwin para estri ing kadhaton. Kalanipun serap kados tiyang purik, awit para estri boten wonten ingkang nyusul. Arame swaraning peksi, ingkang sami ngupados papan patileman, ajrih manawi karumiyinan wedaling rembulan. Sasereping srengenge kagentosan wedaling rembulan. Lintang kados dipun sebar wonten ing langit. Cahyanipun amewahi wingiting rerenggan kadhaton ing Astina, sampun kados kayanganipun Bathara Endra. Swaraning peksi amor garebeging angin, anempuh sesekaran, amewahi rame sarta arumipun ing kadhaton. Rerenggan prabayasa, ingkang warni mas asesotya, pating pancurat katerangan dening cahyaning rembulan.

Dalemipun Retna Banowati anglangkungi saking endah, karengga ing mas akaliyan sesotya. Sakilening dalem wonten pamananipun, mawi pancak suji mas, kataretas ing jumerut. Pager banonipun sela cendhani, wonten balenipun mas. Palataranipun sinebaran jumerut saha mutyara, tuwin sesotya sanesipun. Tangah

telasipun manawi kacariyosna sadaya, kalangenanipun salebeting kadhaton, ing mangke karingkes kemawon.

Kacariyos srengenge sampun malethek, arame swaranipun para estri, ingkang sami ngundhuh sekar dhateng patamanan. Prabu Suyudana sampun busana, badhe amanggihi tumunipun, tedhak dhateng pandhapi. Wondening palenggahanipun para ratu, utawi para pinisepuh sampun katata. Dhestharata, Bisma, Druna, Karna, Drusasana, Adipati Ngawangga, Ratu ing Mandaraka, utawi para ratu sanesipun sampun sami dhateng. Prabu Suyudana adhedhah dhateng Yuyutsuh saha dhateng Yama Widura, angaturi Prabu Kresna, Patih Arya Sangkuni akaliyan Adipati Ngawangga kadhahwuhan methuk rawuhipun.

Yuyutsuh sarta Yama Widura sampun panggih kaliyan Prabu Kresna, lajeng dipun aturi tedhak dhateng kadhaton. Prabu Kresna enggal busana. Para prajuritipun sampun sami dandos, titiyanipun rata sampun sumaos, anunten bidhal saking pasanggrahan. Wonten ing margi dipun pethuk dening Patih Arya Sangkuni akaliyan Karna, lajeng sami andherekaken tindakipun dhateng ing kadhaton. Sarawuhipun ing kadhaton. Prabu Kresna kaaturan pinarak. Anunten sakathahipun ingkang wonten ing pasamuhan sami lenggah atata.

Prabu Kresna tumenga, anunten jawata sakawan tedhak, anama Kaneka Putra, Janaka, Rama Parasu, Kanwa. Bisma akaliyan Druna munjuk dhateng Prabu Suyudana, bilih wonten jawata tedhak. Suyudana lajeng nyembah, dewa sakawan dipun aturi pinarak, anunten sami tata pinarak nunggil para pinisepuh. Wondening para ratu nunggil kaliyan sasamaning ratu, para satriya nunggil sami satriya. Adangu kendel ingkang sami pinarakan, anunten Prabu Kresna ngandika, "Paman Dhestharata, laku kula mriki niki, mung neja ngatutake sanak, empun nganti onten kang sulaya, prayoga padha rukuna. Yen ngantia padha kekerengan, abungah sing boten dhemen, sabarang reh kula, putra andika yayi Prabu ing Amarta sasantane anut mawon. Mungguh pagaweyan sing kula lakoni niki, wit saking karsane yayi Prabu ing Amarta, anedha saparone negari ing Astina". Dhestharata amangsuli, "Sampun kasinggihan pangandikanipun anak Prabu, sakalangkung prayogi-

nipun". Dewa sakawan anyambungi, "Luwih dening patut rehe Prabu Kresna, sakecap boten wonten sing luput, olehe murih becik lan rakete asesanak."

Bisma Druna anggyubi pangandikanipun dewa sakawan, namung Prabu Suyudana anjetung basengut tumungkul, boten angandika sakecap. Yama Widura kaliyan Yuyutsun anyambungi, saha mrayogekaken panantunipun Prabu Kresna, amurih wilujenging sadayanipun. Ibunipun Prabu Suyudana, anama Dewi Gendari, angandika dhumateng ingkang putra sarwi amuwun, "Prayoga turuten rehe anak Prabu ing Dwarawati, apa kang di karepake luwih saka ing atut sesanak". Prabu Suyudana noli dhateng Sangkuni saha dhateng Drusasana, ambekuh boten ngandika sakecap. Karna angedhepi dhateng Suyudana purih tindaka.

Prabu Suyudana mundur saking pasamuhan, Sangkuni kaliyan Drusasana ingkang andherekaken lajeng andhawahaken parentah mepak dedamel. Korawa satu saprajuritipun sampun mirantos, miwah kapal rata gajah sampun pepak. Ingkang anyenapati Arya Sindureja, punika ingkang minangka andel-andeling pakewed. Ler kidul wetan kilen sampun jejel dening baris. Dewi Gendari angutus Dhestharata, matur dhateng Prabu Suyudana, sampun ngantos kagungan ambek rosa paripeksa, angengetaken saruning pratingkah enggonipun anilar tamu. Boten dangu Raden Setyaki dhateng saking jawi, nyembah matur dhateng Prabu Kresna, "Gusti, ing jawi jejel dedamel, badhe anumpes panjenengan dalem, punapa Suyudana saestu awon manahipun. Korawa kiwa tengen sampun mirantos sadedamelipun, sampun katata panggenanipun piyambak-piyambak, prajurit ingkang malebet ing kadhaton inggih sampun kathah".

Prabu Kresna sareng sampun miyarsaaken aturipun Setyaki, sakalangkung dukanipun, tedhak saking pinarakan, tindak dhumateng palataran. Lajeng triwikrama, sariranipun sakedhap dados ageng saredi, sampun kados Bathara Kala. Kalanipun nepsu, sariranipun medal latu. Karosan isen-isenipun tigang jagad tuwin ing Suralaya, punapa malih panguwasanipun para dewa sadaya, ngalempak wonten sariranipun Prabu Kresna. Sampun ical warnining manungsa, asipat denawa. Jumangkah inggero sesumbar, sanalika

bumi gonjing, toyaning seganten umob, isen-isenipun sami sisah angambang. Prabu Kresna saestu yen titisipun Bathara Wisnu, kadugi anguntal bumi anggilot redi, sakathahing dedamel ing alam donya, katekem wonten ing astanipun. Korawa satus sami miris aningali, prajurit kethen sami kekes, boten wonten saged wicantenan. Enggenipun nyepeng dedamel sami anggregeli. Druyudana kaliyan Karna miris, anyipta pejah. Bisma, Druna sami nangis, mendhak-mendhak murugi Prabu Kresna, lajeng sami nyembah. Punapa malih jawata sakawan sami angrerepa ngasih-asih, Bathara Surya enggal medhak, ing awang-awang kathah dewa katingal, sami anjawahaken sekar. Bathara Surya angrerepa, pangandikanipun dhateng Prabu Kresna. "Heh Prabu Kresna, aja kok tutugake nepsumu, yen kowe sumeja numpes Korawa, sabala negarane, amesthi lebur kabeh, ora ana sing kari, ananging jagad tolihen sarta welasana. Kapindhone elinga punagine si Wrekodara lan si Drupadi. Dening sing dadi punagine si Drupadi, salawase urip ora gelem gelung-gelung, yen ora uwis kramas getihe Korawa satus ana ing paprangan, yen kok banjurna nepsumu, ora kelakon punagine". Sakathahing dewa sami nyembah dhumateng Prabu Kresna, Sang Nata lajeng lilih galihipun, ical ingkang duka, sampun warni manungsa malih, lajeng wangsul dhateng pinarakipun. Bisma kaliyan Druna punapa dene Resi Narada sami ngrerepa. Prabu Kresna tedhak saking kadhaton tanpa pamit. Jawata sami suka, tumut ing satindakipun. Sareng dumugi ing jawi, dewa sami mantuk dhateng Kayanganipun, Prabu Kresna tedhak dhateng panggenanipun Dewi Kunthi.

Sareng sampun kapanggih kaliyan Dewi Kunthi, Prabu Kresna dipun dangu sarwi amuwun, "Kapriye anak Prabu mungguh ing lakumu, apa ta oleh gawe, lan kapriye kadadeyane?". Prabu Kresna amangsuli, "Pun Suyudana lumuh atut sesanak, boten lila negari ing Astina dipun tedha sepalih, kedah lumampah karebat ing perang". Dewi Kunthi amangsuli, pangandikanipun pegat-pegat: "Yen kaya mangkono karepe si Suyudana, apa maneh sing dipikir, mung adhimu si Yudhisthira bae warahana, aja aninggal kautaman, murungke karepe, angrebut negara kang dadi wajibe. Wong mati ing paprangan amarga nggone angrebut negarane, amesthi oleh

swarga Poma wekasku anak Prabu, purihen sidane amangun perang”.

Prabu Kresna matur sandika, nyembah pamit lajeng nitih rata kaliyan Adipati Ngawangga, Widura sarta Sanjaya, punapa dene Yuyutsuh, sami andherekaken. Sadangunipun lumampah, Prabu Kresna angrembagi dhateng Adipati Ngawangga, yen saestu dados perang kapurih angilonana Pandhawa. Nanging Adipati Ngawangga boten purun, kedan angiloni Korawa, awit kala rumiyin sampun apunagi, badhe angaben kadigdayan kaliyan Dananjaya. Sareng lampahing rata sampun dumugi sajawining kitha, Adipati Ngawangga pamit, tedhak saking rata, lajeng amanggihi kang ibu Dewi Kunthi. Ingkang ibu andangu sarwi ambrebes mili, ”Sakundure kakangmu anak Prabu Kresna, amekas apa menyang kowe?”. Adipati Ngawangga matur, ”Kula dipun purih kesaha saking negari ngriki, menawi saestu dados perang, kula dipun rembagi angilonana Pandhawa”. Dewi Kunthi amangsuli, ”Rembug mengkono iku luwih dening becik, prayoga kok turut, dadi kowe kumpul karo sadulur-dulurmu, awit panggonane utamaning pati iku ing perang Bratayuda. Mati urip becik kowe nunggal sudulurmu dhewe”, Dewi Kunthi enggenipun ngatag ingkang putra sarwi amuwun. Adipati Ngawangga matur, ”Ibu, yen satriya linuwih amesthi ngekahi wicantenanipun ingkang sampun kawedal. Anempuhana Sakit utawi pejah, amesthi boten purun ngingkedi. Punagi kula sampun kawedal, badhe angaben kadigdayan kaliyan pun Janaka. Aliya saking punika kula sampun kalindhihan sihipun Prabu Suyudana, yen kula kiranga ing panarima, dados cacad ageng, kalebet satriya urakan, boten kenging dados palupinipun para satriya utawi para adipati”.

Dewi Kunthi sanget enggenipun amuwun, awit ingkang putra boten nurut wulangipun, kekah ing karsa badhe angiloni Korawa. Adipati Ngawangga nyembah, pamit lajeng kundur.

Lampahipun Prabu Kresna kaliyan Setyaki ngajengaken dumugi ing negari Wiratha, Samargi-margi Sang Nata angrentahaken waspa, anunten balanipun Pandhawa sami amethuk rawuhipun Prabu Kresna. Sareng sampun dumugi kadhaton ing Wiratha, para ratu sami ambagekaken sadaya, sarta anungsung pawartos, meng-

gah ing tindakipun dhateng negari ing Astina. Prabu Kresna amang-suli pangandika, "Korawa ora kena dipurih becike, kudu angajak perang, ora aweh negara ing Astina dijuluk saparo. Ana dewa ambi-yantoni ing lakuku, aran Kanwa karo Narada telu Janaka, papat Rama Parasu. Olehe padha nemoni aku ana ing Tegalkuru. Iku padha sumurup wiwitan lan wekasaning rembug, sarta padha angrujuki pirukunku kang patut. Tekan ibune si Duryudana, apa dene si Bisma, Druna lan Salya, padha amrayogakake pasrahe sa-paroning negara. Nanging sakehing rembug becik ora di dhahar, malah sumedya angalani marang aku".

Sakendelipun Prabu Kresna ngandika, para ratu sami ngungun-amiyarsakaken pawartos. Prabu Darmaputra. Wrekodara., Arjuna tuwin Nakula, punapa dene Sadewa, inggih mekaten ugi. Wonde-ning Prabu Darmaputra sasedherekipun kekah ing karsa, badhe angestokaken wewelingipun ingkang ibu Dewi Kunthi, angrebat negari, ingkang amargi saking perang. Para ratu tuwin para bupati, ingkang sami ngrojongi Pandhawa, amrayogegaken dadosing perang Putra ing Wiratha ingkang nama Raden Wira Sangka, kali-yan Raden Utara, punapa malih Raden Drusthajumena ing Cem-pala, sami ambek purun, amemurun ngajak perang, Para bupati utawi para punggawa sami kelu sadaya.

Enjingipun tengara mungel, kendhang gong asauran. Para ratu gumerah sami anata baris. Sareng ampun sami rakit sadaya, la-jeng bidhal saking negari ing Wiratha. Kathahing bala tanpa wi-calan. Panganggenipun gumebyar, kados cahyanipun srengenge saweg malethek, badhe amadhangi jagad, amewahi langening pangangge Saking kathahing prajurit kados seganten ambalabari wana sarta redi-redi. Sakathahing margi jejel dening prajurit. Ing-kang panganggenipun abrit agolong sami abrit, ingkang jene sami jene, ijem sami ijem cemeng sami cemeng, biru sami biru, wungu sami wungu, pethak sami pethak. Boten wonten ingkang kaselanan sanesipun. Swaraning bala kados galudhug. Gebyaring rerengganing rata tempur kaliyan gebyaripun rerengganing lelayu, kados urub-ing redi sewu sareng kabesmi.

Sang Hyang Endra anjawahaken wewangi. Sakathahing dewa ing Kaendran sami angestreni ingkang sami anglurug. Pandhawa

unggula ing perangipun, angsala negari ing Astina.

Ingang anindhihi cucuking baris Raden Wrekodara, lampahipun dharat kemawon sarta amandhi gada, awit salaminipun gesang boten karsa anitih kapal, rata utawi gajah. Sanajan tindaka medal seganten, ngambah jurang redi utawi lepen, inggih dharat kemawon. Samargi-margi tansah asesumbar kemawon. Lampahing barisipun kados anebahna bumi, isen-isening wana ingkang kamambah sami mawur.

Satelasing barisipun Raden Wrekodara, kasambetan ing barisipun Raden Dananjaya, anitih rata karengga ing sesotya, murub kados redi kabesmi. Panganggening prajuritipun pating gelebyar, kados agesengna negari ing Astina sarutunipun. Genderanipun kumelab, aciri kethek mangap. Sakedhap ing awang-awang peteng dening mendhung, galudhug gumleger, kilat amradini ing awang-awang kados andalajati, manawi badhe unggul ing perang.

Raden Nakula akaliyan Raden Sadewa anyambeti barisipun Raden Dananjaya, sami anitih rata karengga ing sesotya wungu, kados Bathara Kamajaya kembar, badhe tedhak dhateng kadhaton ing Astina, aningali Krawa, kados aningali kenya.

Ing wingking kasambetan ing barisipun putra ing Wiratha tiga. Ing wingking kasambetan ing barisipun Raden Drustha Jume-na, putra ing Cempala. Anunten kasundhulan ing barisipun ingkang rama Prabu Drupada, sang nata anitih gajah, dipun garebeg ing para mantri sarta para punggawa, barisipun tanpa wicalan. Ing wingkingipun Dewi Drupadi anitih rata, asongsong mas sarwi angure rema, kanginan kados angawe-awe, angenggalaken banjir rah, isthanipun kados sang dewi karsa jamas rahing Korawa tumun-ten, sasampuning jamas lajeng karsa ukel. Sawingkingipun Dewi Drupadi Dewi Srikandhi ingkang anyambeti, anitih rata karengga ing sesotya. Anunten Prabu Darmaputra anitih gajah, asongsong jene, dipun garebeg ing abdi kathah, sarwi mangku Serat Kalima-sada, saestu yen ratu utama, semunipun saged anungkasi perang. Wondening serat ingkang dipun pangku wau, minangka pangleburaning mengsah. Sawingkingipun Prabu Darmaputra, kasambetan ing barisipun Prabu Kresna, genderanipun sami pethak, aciri puthut semadi. Sang nata anitih rata karengga ing sesotya, asong-

song pethak karengga ing manik, kumilat angenguwung. Isthani-pun amengeti, "Heh delengen, iya iki pamugarining perang". Tindakipun Prabu Kresna kados andherekaken panganten, ingkang minangka pangantenipun kakung Prabu Darmaputra, ingkang minangka putri utawi panganten estri negari ing Astina. Sabibaring damel, negari katampen dhateng Prabu Darmaputra. Wondening para ratu sesuruhan, ingkang sami rumojong ing perang, upamini-pun ingkang sami nyumbang dhateng Prabu Kresna, ingkang kagungan damel, inggih namung punika ingkang dipun pundhi-pundhi, sarta dipun estokaken pitedahipun. Sinten-sinten ingkang anut pitedahipun Prabu Kresna, anglampahi pejah wonten ing perang Bratayuda, amesthi manggih swarga. Lepat sakathahing siksa wonten ing jaman kailangan, mila para ratu sengkud anglampahi pitedahipun Prabu Kresna, suka lila amanggih pejah, awit swarga kaliyan naraka sampun prasasat kaasta dhateng Prabu Kresna.

Raden Wresniwira ingkang nyambeti baris ing Dwarawati, saha minangka tetindhihipun para adipati, parajuritipun tanpa wicalan angebek margi. Swaraning bala kados angebahna bumi, angocakna seganten. Inggang anyambeti barisipun Raden Wresniwira putranipun Raden Dananjaya, ingkang nama Abimanyu, anitih rata mas asongsong lare merak, sarwi amangku cakra. Panganggening prajuritipun kados sekar anggulasah. Ing wingking ingkang nyambeti Raden Pancawala, putranipun Prabu Darmaputra, anitih rata karengga ing sesotya, dipun gombyongi ing lar merak, songsongipun anglaring kombang. Panganggening prajuritipun murub, genderanipun sami ijem sadaya.

Boten telas-telas bilih kacariyosna sadaya, langening baris ingkang lumampah, ing mangke kacugag kemawon. Baris ing ngajeng sampun dumugi ing Tegalkuru, tiningalan kados toya ambelabar. Para ratu para adipati adeledeg dhatengipun, boten pedhot-pedhot. Lajeng sami adamel pasanggrahan ing sapangkatipun piyambak-piyambak

Anunten Dewi Kunthi dipun utusi rawuh ing Tegalkuru, kadherekaken ing Yama Widura. Sareng kapanggih kaliyan Pandhawa, lajeng sami muwun. Sakendelipun muwun sami suka-suka,

tangeh yen kacariyosna sadaya, enggonipun sami suka-suka. Yama Widura ingkang andherekaken Dewi Kunthi, wangsul dhateng Astina malih.

Dewi Kunthi kanton wonten ing Tegalkuru. Pasanggrahanipun Pandhawa sampun dados kadhaton, pasanggrahanipun Prabu Kresna inggih dipun rakit kados kadhaton. Yudhisthira, Wrekodara, Arjuna, Nakula, Sadewa, sami wonten ing pasanggrahanipun Prabu Kresna. Para ratu sesuruhan inggih sami pepak wonten ing ngriku, sami arembagan sarta anyuwun dhawah dhateng Prabu Kresna. Yudhisthira matur ing Prabu Kresna, "Kakang Prabu, kula sumangga ing sampeyan, sinten ingkang sampeyan karsakaken dados pangajenging perang". Wrekodara saha Dananjaya inggih mekaten ugi aturipun dhateng Prabu Kresna. Wangsulipun Sang Nata, "Yayi Prabu ing Amarta, ingkang kula pilih dados pangiriding perang pun Seta". Sadaya sami angguyubi. Anunten Raden Wresniwira dipun serepaken dhateng Prabu Kresna, menggah gelaripun bilih amedali perang.

Prabu Suyudana sareng midhanget wartos yen mengsah sampun masanggrahan wonten ing Tegalkuru, lajeng andhawahaken parentah, amepak balanipun. Anunten Yama Widura munjuk dhateng Sang Nata, yen para ratu, ingkang sami ambiyantoni Pandhawa sampun sami ngalempak wonten ing Tegalkuru. Boten antawis lami bala ing Astina sampun mirantos, bidhal saking kitha. Balanipun para ratu saha para dipati tanpa wicalan, lampahipun kados umobing toya saganten ambalabar dhateng dharat. Wondening para ratu, ingkang angrojongi Prabu Suyudana, inggih kathah, anunten sami ngadegaken pasanggrahan piyambak-piyambak, sami dipun rakit kadhaton. Bisma ingkang kapilih dados Senapatining perang.

Boten kacariyos laminipun anata bala. Pandhawa saha Korawa, sareng sampun rakit sadaya, enjingsami nabuh tengara kendhang gong akaliyan beri. Bodhol saking pasanggrahan, sarakipun gume-rah, kados ambelahna langit. Swaraning gong utawi tabuhan sanesipun ngantos boten kamirengan. Barisipun Pandhawa andhendheng wonten kilen majeng mangetan. Barisipun Korawa andhendheng majeng mangilen, ingkang kidul anotog redi, ingkang ler anotog

seganten. Kandeling baris sapaningal, ewadenten ingkang dhateng taksih gili.

Gelaripun Senapati Bisma wukir jaladri, ingkang minangka karang sakathahing rata sarta gajah, ingkang minangka alun para ratu, sakathahing bala alit-alit ingkang minangka toya. Gelaripun Senapati Arya Seta anama braja-tikna lungit, ingkang wonten ngajeng Raden Wrekodara, Raden Dananjaya sarta Dewi Srikandhi, sami sabalanipun. Drustha Jumena saha Setyaki sabalanipun sami wonten ing kiwanipun, nanging ragi kawinking caket akaliyan panggenanipun Senapati Arya Seta. Prabu Darmaputra kaliyan Prabu Dwarawati sami wonten ing tengah, nunggil para ratu saha para adipati.

Raden Dananjaya ngeres galihipun aningali, dene mengsah sami kadang tuwin gurunipun, lajeng matur dhateng Prabu Kresna, "Sang prabu, menawi kening mugi panjenengan dalem sandekaken perang Bratayuda, kawula boten tahan aningali, dene mengsah sami kadang saha guru". Sang Nata amangsuli pangandika, "Karsaning dewa ora kena wurung perang Bratayuda. Kapindhone, yen satriya mati ing perang, anemu pati utama, lan munggah swarga. Lan maninge, kakangira yayi Yudhisthira kudu angluware punagine, apa ta sira ora sumedya, anglabuhi kadang tuwa. Mungguh sing bakal mapagake perange gurunira wis ana, ora susah sira ngawaki dhewe. Dene yen sira amrangguli gurunira ana ing paprangan, ora kena sira oncati, kudu lumaku tinadhahan, mung sira anyembaha bae dhisik".

Sareng Prabu Kresna sampun anyerepaken dhateng Raden Dananjaya, bilih perang Bratayuda boten kening kasandekaken, lajeng sami wiwit perang. Suraking bala gumerah. Ungeling tetabuhan, amor kaliyan garedeging gajah. Kepyaking rata, kerapyaking kapal, kados redi jugrug. Swaranipun angebeki bumi, pangamuking bala riwut. Sampun kathah ingkang pejah. Para ratu, satriya sarta para adipati inggih sampun kathah ingkang pejah. Rata ingkang sampun remuk sadaya, gajah ingkang sampun pejah sadaya asareng kaliyan ratu ingkang nitih. Ramening perang kesreking dedamel kados medala gelap. Gumerah sambatipun ingkang sami tatu. Pesating jemparing kados jawah. Prajurit kepaian

ingkang sampun pejah atusan. Para gedegdhug nitih rata ingkang pejah sewu, wondening kathahing prajurit ingkang numpak gajah saleksa, ingkang numpak rata saleksa, ingkang numpak kapal sayuta, ingkang dharat kawan yuta, panempuhing prajurit anggonjingaken bumi, enggonipun perang sampun satengah dinten. Inggang sampun pejah satriya kekalih, sami putra ing Wiratha, satunggil nama Raden Wira Sangka, pejah dening Druna, kalih Raden Utara, pejah dening Prabu Salya, andel-andeling Korawa kathah ingkang pejah.

Raden Seta nepsu sanget, awit saking pejahipun ingkang rayi kekalih, ingkang nama Raden Wira Sangka, kaliyan Raden Utara wau, lajeng ngangseg sabalanipun. Agalak kados sima badhe memangsa, utawi kados denawa rebatan daging, asareng panempuhing bala. Raden Seta amenthang langkap, anglepasaken jemparing. Inggang kawawas Prabu ing Mandaraka, nanging lepat, namung rata sakusir pangayapipun ingkang kenging, remuk amor kaliyan siti. Karta Marma amethukaken, badhe angadhangi pangamukipun Raden Seta, lajeng kadhawahan jemparing, dhawah saking rata, ratanipun remuk. Bala Korawa geger, sumerep pangamukipun Raden Seta. Saking kathahipun angsal pejah, adamel girising mengsah. Anunten Bisma kaliyan Druna sabalanipun anulungi. Jaya Sena angundha gada, tiningalan angajrihi. Raden Rukmarata anulungi ingkang rama Prabu Mandaraka, nitih rata methukakenipun Raden Seta, lajeng dipun lepassi jemparing dening Raden Seta, kenging jajanipun, dhawah gumuling pejah wonten salebeting rata. Bala ing Wiratha ingkang dipun senapati Raden Seta, asareng pangangsegipun, tandangipun kados bantheng kataton. Para ratu para adipati katrajang kathah ingkang tumpes. Bala ing Astina giris, sami bibar mawur, kados kidang aningali sima. Saking mirisipun bala ing Astina, palajengipun boten kenging dipun andheg dhateng pangagengipun, malah sangsaya sanget. Awit Raden Gatotkaca, Drustha Jumena sarta Raden Angkawijaya, sami dhateng, ambiyantoni Raden Seta, sarengan sami anempuh bala ing Astina. Anunten Senapati Bisma ngamuk, para andel-andeling Korawa sami tumut, ajeng-ajengan kaliyan Raden Seta, dados tandhing sami senapati. Raden Seta dipun lepassi jemparing dhateng Bisma,

wedalipun ambrubul, angebeki ing awang-awang, andhawahi Raden Seta, sariranipun murub nanging datan tumama. Raden Wrekodara kaliyan Raden Dananjaya anulungi dhateng Raden Seta, sami anglepasaken jemparing, ambarubul kados jawah, ingkang dipun angkah Senapati Bisma. Anunten Suyudana anulungi dhateng Bisma, kenging ing jemparing jajanipun, boten pasah nanging karaos sakit. Lajeng mundur anekem jaya, giris boten saged ngandika. Para Korawa angrubung, sarta andherekaken kunduripun Sang Nata.

Senapati Bisma sareng aningali bala ing Astina gusis, amargi dipun amuk dhateng Raden Seta, sakalangkung nepsunipun, ngadeg wonten ing ratanipun, anglepasaken jemparing, ambrubul wedalipun, andhawahi Raden Seta. Raden Seta lajeng menthang langkap, Bisma ingkang dipun angkah, kenging baunipun, boten pasah, malah jemparingipun tugel. Raden Seta senapatinipun Pandhawa sanget nepsunipun, aningali tugeling jemparing, Bisma boten pasah, enggal medhun saking rata, anyandhak gada, lumumpat dumugi panggenanipun Bisma, Bisma dipun gada angoncati, malumpat saking rata, dados namung ratanipun ingkang kenging, remuk sakusir kapalipun. Seta sangsaya nepsu, manengah angobat-abatitaken gada. Para ratu ingkang nitih rata, utawi ingkang nitih gajah, kababit ing pedhang, sami remuk sareng kaliyan kusir kapal sarta gajahipun. Ratu gangsal ingkang pejah remuk kaliyan ratanipun, ingkang ajur kaliyan gajahipun inggih gangsal. Wondening para adipati ingkang pejah kathah. Seta saestu yen sekti tanpa tandhing. Bala ing Astina mawur, giris aningali pratingkahing pangamukipun Seta, kados upaminipun denawa sewu sarengan angangkah daging. Gadanipun angobat-abit sarta anggegilani, Bisma giris aningali. Seta wurung ing pangamukipun, lajeng mundur saking paprangan. Anunten dewa anyuwara saking awang-awang. "Heh Bisma, apa mulane sira mundur saka ing paprangan. Wruhanamu, patine putra Wiratha iya dening sira!". Bisma mireng swaraning dewa lajeng wangsul, sarwi amenthang jemparing latu, lumepas kenging jajanipun Seta, butul, lajeng pejah. Bala ing Astina surak gumerah, ingkang sami lumajeng wangsul sadaya, giyak-giyak sami anjoged. Arya Dursasana akiprah-kiprah, Arya

Sindureja anggending, Jayasusena, Jayawikatha, Srutayuda, Yuta-Yuni, Sudirga, Rekadurjaya, Wiryasarta Kartamarma, sami surak-surak. Wondening bala Pandhawa sami prihatos, awit senapatinipun pejah, gumrubyug saking wingking sami dhateng ngajeng. Sang Prabu Maswapati ing Wiratha, sareng dipun pratelani, yen ingkang putra tiga pisan pejah, lajeng tandang kaliyan Arya Nirbita, Bisma dipun jemparing, ambrubul wedalipun. Bisma inggih nglepasaken jemparing, dados tempuh jemparing sami jemparing. Pandhawa sami nepsu, sareng tumandang, ngamuk sami angebyuki. Ciptaning manah suka lila sareng sirna kaliyan Prabu Maswapati. Bala Pandhawa gumrubyug arebat rumiyin, anempuh bala Korawa, mawur sami miris. Anunten kasaru seraping srengenge, kados anyapih ingkang sami sayah ing perang, isthanipun kados amengeti, kapurih sami asoa rumiyin, benjing enjing perang malih.

Inkang sami perang mundur dhateng pasanggrahanipun piyambak, sarta sami sanget ing sayahipun. Sang Prabu Maswapati saweg amuwuni pejahing putra tetiga. Jisimipun sampun kapanggih sadaya, dipun bersihi sarta dipun saeni. Sang Nata akaliyan ingkang garwa sakalangkung sekel ing galih, dene ingkang putra teksih sami anem-anem sarta bagus-bagus pejah. Galhipun Sang Nata akaliyan ingkang garwa kados rinujit kapara tiga. Prameswara angrangkul layonipun putra kagentos-gentos, sesambatipun amemelas, "Adhuh anaku, dene teka mati telu pisan. Sapa sing bakal anggenteni jumeneng ratu ing negara Wiratha. Lah tangiya engger, sapanen ibumu teka, apa mulane kowe padha meningbae, dene teka bareng patimu, bok iya kariya siji, ana kang dadi panglipuring prihatin. Dhuh anaku Seta, Utara, Wirasangka, mung kowe sing dadi marganing redatin. Ya dewa, banjutena aku!!".

Kendel kacariyos pamuwunipun Prameswara ing Wiratha, anunten Pandu-putra sami dhateng, ambekta pangangge, angurmati dhumateng ingkang sami pejah. Layon rinubung sarta dipun muwuni. Sasampuning linuruban, lajeng kainggahaken dhateng panca-ka. Dalu sasireping tiyang panuju padhang rembulan dipun resmi, mawi dipun jenengi ing para ratu, sarta ing para Pandhawa sadaya. Prabu Kresna amemuajakaken, mugi sami amanggiha swarga. Ane-

tepan ingkang sampun dados jangji, banjaranipun dhateng ingkang sami pejah ing perang Bratayuda, awunipun kapusus minggah Suralaya.

Sabibaring pakurmatan pambesmining layonipun putra ing Wiratha tetiga, Prabu Maswapati kalih ingkang para ratu ingkang anjenengi wau, sami kondur dhateng pasanggrahan, apirembagan kaliyan Prabu Kresna, menggah ingkang badhe kakarsakaken dados senapati. Lintunipun ingkang sampun pejah. Wondening ingkang kapilih dhateng Prabu Kresna, Drusthajumena, punika dados salintuning senapati, sarta asalin agelar garudha-nglayang. Para ratu para adipati sarta para mantri sapengandhap sami anggu-yubi karsanipun Prabu Kresna, anunten Raden Drusthajumena dipun puja sarta dipun kutugi.

Sasampune ngangkat senapati, boten antawis dangu byar, lajeng angungelaken tengara. Sakathahing prajuritipun Pandhawa sami dandos, bodhol dhateng ing Tegalkuru, makaten malih bala Korawa, bidhal dhateng Tegalkuru. Anunten Pandhawa amasang gelar garudha-nglayang, ingkang minangka cucukipun Raden Dananjaya, ingkang minangka sirah Prabu Drupada, Prabu Kresna nunggil sarata kaliyan Raden Dananjaya, Senapati Drusthajumena wonten panjawat tengen, ingkang kaprenahaken wonten ing panjawat kiwa Raden Wrekodara, Raden Setyaki minangka buntut, ingkang wonten ing githok para ratu, angubengi rumeksa Prabu Yudhisthira.

Korawa sumerep bilih Pandhawa salin gelar garudha-nglayang, lajeng dipun tiru. Inggang minangka cucuk Ratu ing Mandaraka, Arya Sengkuni minangka sirah, Senapati Bisma wonten ing panjawat kiwa Druna angenggeni panjawat tengen, Drusasana minangka kabuntut, para ratu kalih para adipati wonten ing githok, arumeksa Prabu Druyudana. Dewabrata angangsegaken bala, lajeng anglepasaken jemparing, sumedya angrisak gelaring Pandhawa, wedaling jemparing ambrubul, anunten Raden Dananjaya anglepasaken jemparing panulak.

Raden Wrekodara sanget nepsunipun, majeng mandhi gada, pangamukipun anggegilani. Bala Korawa pinten-pinten ingkang pejah dipun gada boten wonten ingkang kuwawi anadhahi. Raden

Wrekodara anyelehaken gada nyandhak jemparing anama Barga-wastra. Atusan ingkang pejah dening Bargawastra, Raden Setyaki ambiyantoni, bala ing Astina kathah ingkang risak. Karna, Karpa, Salya, Drusasana, Sindureja, sami ngungsi dhateng panjawat, ingkang dipun enggoni Bisma saha Druna. Prabu Kresna angatag kusiripun, angrikataken ajenging rata, badhe rumeksa perangipun Parta, ingkang sanget nepsunipun. Saweg anglepasaken jemparing dibya, wedalipun ambrubul, Bisma anglepasaken jemparing panulak. Lajeng tempuh jemparing sami jemparing wonten ing awang-awang.

Bisma ngatag dhateng Druna kapurih sumingkira, awit badhe medalaken kasektenipun. Lajeng anglepasaken jemparing mawi dipun mantrani, amradini ngebeki ing awang-awang, andhawahi mengsah, adamel girising manah. Anunten para Korawa sarengan majeng, anempuh mengsah. Karpa, Sengkuni, Karna, Prabu Salya, sami surak sabalanipun. Raden Dananjaya enggal anglepasaken jemparing panulak, nanging boten mikantuki. Akathah ingkang pejah dening jemparingipun Bisma, wedaling jemparing kados jawah saking langit. Korawa sami surak aningali, majeng sareng angebyuki, bala Pandhawa panggah, nanging kathah ingkang pejah. Wondening ingkang kalebet ing pepejah, kajawi saking para ratu kalih para adipati, putranipun Raden Dananjaya kekalih, anama Bambang Irawan kaliyan Dewi Palupi. Raden Dananjaya sakalangkung prihatos, kendel enggonipun anjemparing, pijer muwun kemawon. Prabu Kresna sareng aningali Raden Dananjaya muwun, lajeng tedhak saking rata, amenthang cakra, Bisma ingkang dipun wawas. Bisma sareng sumerep yen badhe dipun dhawahi cakra, enggal medhun saking rata, mendhak-mendhak amurugi Prabu Kresna, aturipun. "Adhuh gusti, begja sanget badan kula yen ngantosa kadhawahan cakra sampeyan, awit punika ingkang badhe angateraken pejah kula dhumateng ing Suralaya".

Arjuna aningali yen Prabu Kresna menthang cakra, badhe kadhawahaken dhateng Bisma, enggal marepeki Sang Nata, nyembah lajeng anyandhak astanipun, angrerepa kapurih anyandhekna karsanipun. Prabu Kresna boten siyos enggonipun anglepasaken cakra, lajeng minggah dhateng rata kaliyan Raden Dananjaya,

anunten Sang Nata dhawah dhateng Raden Dananjaya angawe Dewi Srikandhi. Sadhatengipun sang dewi, dipun dhawuhi dhateng Prabu Kresna, anglepasaken jemparing, Bisma ingkang dipun angkaha. Bisma boten sakeca manahipun aningali Srikandhi dhateng, angawe dhateng Prabu Yudhisthira, badhe dipun suwuni gesang, Prabu Yudhisthira api-api boten sumerep, tansah tumungkul kemawon. Dewi Srikandhi dipun dhawahi nunggil sarata kaliyan ingkang raka Raden Dartanjaya. Lajeng anglepasaken jemparing, kenging jajanipun Bisma, nanging boten pasah. Parta anusuli jemparing, kenging gandering jemparingipun Dewi Srikandhi, ananceb ing jajanipun Bisma, Bisma dhawah saking rata, gumuling ing siti lajeng pejah. Bala Pandhawa suka surak gumerah, anunten para jawata ing awang-awang sami anawahaken sekar. Barisipun Korawa sami miris bibar, boten wonten ingkang purun ambelani senapatinipun. Raden Wrekodara, Raden Gathutkaca, sarta Raden Drusthajumena sami anglepasaken jemparing, andhawahi para ratu sarta para adipati kathah ingkang pejah.

Anunten Prabu Yudhisthira angawe prajuritipun, kapurih anyelehna dedamelipun. Sang Nata lajeng anyungkemi sukunipun Bisma ingkang kataton. Prabu Suyudana, Arjuna, Nakula sarta Sadewa, inggih sami anyungkemi sukunipun Bisma, sarta sami sanget ing pamuwunipun. Sakathahing Korawa inggih sami nangis, nanging angandhut kuwatos, awit Raden Wrekodara teksih ngamuk kaliyan gadanipun. Sakathahing para adipati utawi bala alit sampun sami anyelehaken dedamel, angrubung Bisma. Prabu Yudhisthira angawe Raden Wrekodara, kapurih anyelehna dedamelipun, nanging boten purun, amilalah nebih ngadeg kemawon sarta amandhi gada. Prabu Suyudana andhawahaken parentah, bedhami ing sadinten punika, arukuna sampun ngantos wonten ingkang anyidrani.

Dewabrata sakedhap enget lajeng anedha toya. Prabu Suyudana anulungi, nanging ngantos dangu boten kaombe. Wondening ingkang dipun tedha toya sesawaning jemparingipun Raden Dananjaya. Prabu Yudhisthira adhawah dhateng Raden Dananjaya, anyaoi toya teturahaning jemparingipun. Raden Janaka anyandikani. Sareng toya kasaosaken, sarta sampun kaombe Bhisma

lajeng pejah.

Para ratu sami angurmati pejahipun senapati Bhisma. Jisim dipun anggen-anggeni badhe kabesmi. Sareng serap srengenge, kagentos padhanging rembulan, jisim lajeng kabesmi, awunipun minggah dhateng Suralaya. Ing sadalu punika Pandhawa kaliyan Korawa sami kendel kemawon, boten wonten ingkang salah damel, wonten ing pasanggrahanipun piyambak-piyambak.

Ingang pinanggih rembagipun para Korawa, Druna kadamel senapati. Sadalu punika kitha ing Astina jawah rah deres, rah mili dhateng pasanggrahan. Para Ratu para adipati tuwin para satriya sami bingah, awit punika pratandha yen badhe unggul ing perangipun. Sadalu Korawa boten tilem. Enjingipun bodhol, Druna ingkang nyenapateni. Gumerah swaraning gangsa, amor suraking bala, kados swaraning galudhug. Lampahing bala dumugi ing Tegalkuru, lajeng sami mirantos.

Pandhawa dereng salin gelaripun, teksih garudha-nglayang. Korawa gelaripun Gajah-meta. Suyudana wonten ing githok, akanthi Arya Sindureja, kaliyan adipati Ngawangga, Korawa satus ingkang minangka gadhing dados seket sisih. Kajawi saking balanipun, ingkang minangka telale Prabu Bagadenta, anitih gajah sarwi amandhi gada. Druna ingkang minangka sirah. Sareng majeng badhe tanglet, ciptaning manah boten sumedya mundur.

Pangangsegipun bala Pandhawa saha bala Korawa kados seganten kekalih pethuk-pethukan. Gumerah swaraning gong sarta beri. Suraking bala kados ampuhan, amor swaraning gelap, kados ambengkahna langit. Pandhawa lajeng angebyaki gelaripun senapati Druna. Raden Dananjaya aglepasaken jemparing, wedalipun ambrubul, andhawahi bala Korawa. Raden Wrekodara inggih anglepaskan jemparing, pinten-pinten Korawa ingkang pejah kadhawahaken jemparing. Raden Wrekodara lajeng angamuk kaliyan gada, kathah bupati ingkang pejah kagada. Gelar Gajah-meta risak. Gadhanging gelar gusis, ingkang wonten ing sirah busekan. Prabu Bagadenta ingkang minangka talalening gelar anilar senapati, majeng amandhi gada, Karna kaliyan Jaya-drata kantun. Prabu Bagadenta wau anglangkungi sektinipun, gajahipun katujahaken kapaling ratanipun Raden Janaka, lajeng anyawataken

gada, Raden Janaka ingkang dipun angkah, kencing jajanipun, dhawah kalempur gumuling wonten ing rata. Prabu Kresna enggal anulungi, Raden Janaka dipun usap ing sekar Wijayakusuma, lajeng enget anyandhak langkap, anglepasaken jemparing, kencing Prabu Bagadenta sasrati gajahipun, sareng pejah tiga pisan. Anunten Pandhawa sapunggawa satriyanipun sami ngebyaki, Wrekodara ngamuk kaliyan gadanipun. Barising Korawa bibar sadaya. Sareng dalu ingkang perang sami mundur dhateng pasanggrahanipun piyambak-piyambak, Korawa sadaya sami sedhih.

Enjing tengara mungel, amor kaliyan ungeling tetabuhan sanesipun. Prabu Suyudana abusana, ngagem makutha murub dening sesotya, Wedalipun saking kitha kadherekaken ing para adipati, Swaraning bala kados redi jugrug. Sadaya sampun sami rumantos, angajeng-ajeng dhatenging mengsah.

Druna matur dhateng Prabu Suyudana", Bilih anak Prabu karsa ngenggalaken tumpesipun Pandhawa, pun Janaka purih saged pisah kaliyan pun Wrekodara, lamine sadinten kemawon, manawi sadherek kekalih punika boten kapisahaken, Pandhawa boten saged risak, tuwin boten saged pejah". Prabu Gardapati sumambung, "Bilih mekaten kula ingkang badhe nyumbari pun Janaka, supados sampun saged nunggil kaliyan baris ageng". Pinanggih ing rembag, Sangkuni kaliyan Wresaya, ingkang badhe anyumbari Raden Wrekodara. Anunten baris sami bodhol, andaledeg lampahipun. Gelaripun boten ewah kados wingi, teksih garudha-anglayang.

Pangangsekipun barising Pandhawa kaliyan barising Korawa, kados seganten kekalih apethukan. Prabu Gardapati nitih gajah mandidul, amurugi Raden Dananjaya, sesumbaripun, "Heh Dananjaya, yen kowe prajurit temenan, amesthi nglegani kareping mungsuh. Ayo padha perang ana pinggiring gunung kana, ora ana kang ngewuh-ewuhi, tutug ing sakarep-karep. Yen kowe ora anuruti, amesthi dudu prajurit temenan. Aku ratu ing Kapitu, enengku Gardapati, kang wis misuwur ing kawentarane!!". Lampahipun Prabu Gardapat sabalanipun sampun dumugi sukuning redi. Raden Dananjaya mireng dipun sumbari, anusul lampahipun Prabu Gardapati, numpak rata kaliyan Prabu Kresna, balanipun inggih

tumut ngidul. anunten Raden Wresaya anyumbari Raden Wrekodara, "Heh Wrekodara, yen kowe nyata lanang, ayo perang karo aku ana ing pinggiring segara, supaya aja ana kang ngregoni, tutuga angadu kasekten!!". Raden Wrekodara boten tahan mireng dipun sumbari, atilar baris, lumampah mangaler angutu. Druna sumerep yen Raden Dananjaya mangidul, Raden Wrekodara mangaler, lajeng anyalini gelar, anama cakraning-swandana, anyipta boten kenging dipun risak ing mengsah. Karna kaliyan Karpa ingkang minangka kuping, Prabu Suyudana ingkang minangka buntut. Pandhawa aningali Korawa salin gelar, sarta pisahipun Raden Wrekodara akaliyan Raden Dananjaya, manahipun maras ing sawatawis. Prabu Yudhisthira lajeng dhawah animbali Raden Abimanyu, badhe andikakaken ngrisak gelaring Korawa. Wondening ingkang kautus animbali, Raden Gathutkaca.

Raden Gathutkaca dumugi ing pasanggrahanipun Raden Abimanyu, tembungipun, "Adhi, kowe ditimbali ing Sang Nata, bakal kakarsakake angrusak gelaring Korawa. Satindake Kangjeng Paman, mangidul aperang lan Gardapati ana sikiling gunung, ora ana kang duwe cakra, mung kowe dhewe, iya iku kang sayoga ginawe angrusak gelaring Korawa". Dewi Siti Sundari, garwanipun Raden Abimanyu, mireng pangandikanipun Raden Gathutkaca, sanget prihatosipun, awit sampun kaweling dhumateng ingkang rama, ing sadinten punika sampun ngantos suka yen Raden Abimanyu badhe medal dhateng paprangan. Saking kewedan saha susah ing galihipun, angantos boten saged ngandika, amegeng waspa muwun salebeting galih, nanging ajrih yen amambengana tindakipun ingkang raka. Ila-ila garwanipun ing satriya, sampun ngantos awrat tinilar perang.

Raden Abimanyu dandos, Dewi Siti Sundari amrayogekaken ingkang raka pamita dhumateng garwanipun Prabu Kresna. Abimanyu miturut, pamit dhateng garwanipun Prabu Kresna, sarta dhateng ingkang ibu piyambak. Sareng sampun lajeng mangkat, badhe amedali perang. Sadhatenge ngarsanipun ingkang uwa Prabu Yudhisthira anyungkemi sampeyanipun, dhawuhipun Sang nata, "Kulup, Korawa saiki salin gelar cakra-byuha, iku rusak!" Abimanyu matur sandika lajeng mangkat. Anunten masang gelar

supit-urang, Drustha-jumena minangka pucuking supit tengen, Gathutkaca kiwanipun, Setyaki minangka cangkem, Prabu Darma-putra minangka sirah, para ratu sami wonten ing wingking, Abimanyu panggenanipun wonten ing sesungut. Sareng sampun dados gelaripun, tuwin Korawa sampun rakit sadaya, sanalika peteng dhedhet. Pandhawa lajeng ngangseg, pangiridipun Raden Abimanyu. Gumerah swaranipun ing kendhang gong beri, tuwin suraking bala, kados ambelahna langit. Pandhawa akaliyan Korawa sarengan sami angerapaken kapal. Swaranipun punggawa ingkang numpak gajah utawi rata, amor kaliyan suraking bala, kados gelap.

Raden Abimanyu menthang langkap, anglepasaken cakra, andhawahi Korawa. Risak gelaripun cakra-byuha, kathah ingkang pejah, sakantunipun sami ngungsi dhateng panggenanipun Prabu Suyudana, ajrih ing pangamukipun Abimanyu, ingkang minangka sesungut, angirid bala Pandhawa, ambek purun sarta sekti.

Raden Jayadrata enggal anangkebi, barising Pandhawa tugel, Abimanyu katangkeban, lajeng dipun kroyok ing Korawa kathah, anama Sudarga, Sudarma, Wiryajaya, Susena, Satrujaya, Jaya-sekti, Jayawikatha, Jayadarma, Upacitra, Citradarma, Citrasena, Citraksi, Citradirgantara, Citrasurti, Citrawicitra, Surasudirga, Dirgaśura, Yutayuni, Yuta-yuta, Sena-citra, Durga-among, Durga pati, Durga Angsa, Darma, Durganta, Durgantara, Darmayuda, Yudakarti, Dursasana, Sindureja, tuwin Raden Lesmana Kumara putra ing Astina, punapa malih Kartasuta, sadaya sami tumut angepang Raden Abimanyu, anunten Kartasuta dipun jemparing dhateng Raden Abimanyu, kenging lajeng pejah. Saking sangeting pangamukipun Raden Abimanyu, boten rumaos ajrih dipun karubut ing perang. Secasrawa inggih pejah dening jemparing. Anunten putra ing Astina ingkang nama Raden Lesmana Kumara anglepasaken jemparing, ingkang dipun angkah Abimanyu. Abimanyu males anjemparing, Lesmana Kumara kenging jajanipun lajeng pejah. Abimanyu sangsaya wuru ing pangamukipun, manengah dhateng panggenanipun Prabu Suyudana, sarta anglepasaken jemparing kathah.

Sindureja sareng aningali putra ing Astina pejah dening pangamukipun Abimanyu, sumedya apulih getih akaliya Prabu

Suyudana. Lajeng anglepasaken jemparing, Abimanyu kening, Anunten Korawa ingkang kathah-kathah tumut anglepasaken jemparing, saking kiwa saking tengen dipun kerepi panjemparingipun, boten wonten ingkang nglepati, Abimanyu kataton, ing jaja ing gigir bau walikat ula-ula tuwin wentis, nanging boten miris. Lampahipun sangsaya manengah, ciptaning galih, sarenga pejah wonten ing paprangan kaliyan Prabu Suyudana. Kala semanten kathah kapal utawi rata, ingkang remuk kening ing jemparing.

Abimanyu amenthang langkap, langkapipun tikel. Wondening jemparing ing mengsah boten kendhat-kendhat andhawahi, kados upaminipun jawah. Pangraosipun Abimanyu kadhawahan ing jemparing, kados dipun garuti ing tiyang estri. Abimanyu ngiwa nengen anyandhak jemparing ingkang sami dhawah. Tandangipun Abimanyu, enggenipun kakepang, sarta kadhawahan jemparing, kados asepanggihan kaliyan prawan. sariranipun ajur dening tatu, nanging boten sumedya mundur, boten ewah ing kapuruna-nipun.

Abimanyu angandika, "Heh Korawa, aja gugup olehmu amarih patiku, mangsa aku angingkedana, yen trahing Pandhawa, dikehana ing tatu bungah anemu pati, wis patute satriya mati dikarubut ing perang!!". Abimanyu pegat-pegat sesumbaripun, boten kaur anariki jemparing, ingkang andhawahi sariranipun, susun timbun kados kambengan wonten ing jaja. Jemparing ingkang tumancep ing jaja kalih ing lambung, kados sekar kanthil ginubah. Rabahipun ing rata manik kalumud dening rah, kados angus awor atal. Mripa-tipun Abimanyu kerep kening ing jemparing. Alindri tiningalan, mastakanipun upami kados sekar kanigara, kalih sekar sumarsana, karebat ing akathah badhe dipun anggit. Jajanipun kados tunjung mekar. Sedanipun satriya ambek wanter, adamel ngeres ing manah, sanilika grimis, kathah kombang ing awang-awang, kados badhe angangkah sekar.

Prabu Yudhisthira sumerep, bilih Abimanyu pejah dipun karubut ing mengsah. Setyaki Gathutkaca Drusthajumena sumedya pulih getih, anarajang gelaring Korawa, tandangipun kados angege pejah, angontragaken bumi. Darmaputra kaliyan Panca-

wala putra ing Amarta, sami ambiyantoni. Ramenipun ing perang angantos busekan. Anunten kasaput ing dalu, bubar igkang sami perangan, Korawa sami bingah-bingah.

Kacarayos Raden Dananjaya, ingkang perang wonten sukuning redi, dipun emong ing Prabu Kresna. Arame enggonipun perang, Prabu Gardapati sampun pejah, anunten sami bibaran mantuk. Dumuginipun ing pasanggrahan, Raden Dananjaya mireng tangis, sasantanipun ingkang ibu tuwin rama, punapa malih garwanipun kekalih, Dewi Wara Sumbadra kaliyan Wara Srikandhi, tuwin putri ing Wiratha Dewi Utari, ingkang saweg ambobot wolung wulan, sami amuwun sarta angadhuh. Akathah pasambat kamirengan wonten ing pasanggrahan, arame kados ungeling peksi gagak.

Dhatengipun Raden Dananjaya, sarengan akaliyan Prabu Kresna, saha Raden Wrekodara, ingkang perang wonten ing pingir saganten, mengsahipun ingkang nama Wresaya sampun pejah, dhatengipun sarengan saking ler sarta saking kidul. Raden Dananjaya sareng midhanget yen putranipun pejah, sanget enggenipun supe, Prabu Kresna amituturi, pangandikanipun: "Yen satriya kasekelan awit kapatenan anak, sudah derajate, sarta kasiku ing dewa kang linuwih". Raden Dananjaya mireng pangandikanipun Prabu Kresna lajeng nyembah, anyuwun pangapunten, anunten anyungkemi sampeyanipun Prabu Yudhisthira, aturipun, "Kados pundi gusti, nalaring pejahipun Abimanyu?". Prabu Yudhisthira amangsuli pangandikanipun, "Patine anakira, awit angleboni gelar cakra-byuha, katangkeban dening si Sindureja. Sanak-sanakira padha pulih egtih, si Drusthajumena, si Gathutkaca lan si Setyaki bareng ing pangemuke, angarah patine si Sindureja, nanging ora kena. Ana dene sing mati dening anakira, si Lesmana Kumara, si Kartasuta lan Secasrawa. Pangamuke sanak-sanakira, oleh pepati pirang-pirang, mung si Sindureja kang luput". Dananjaya lajeng jumeneng apratignya, "Kawula apunagi, bilih pun Sindureja ing sadinten benjing enjing boten pejah dening kawula, sontenipun kawula obong".

Prabu Suyudana tuwin sakathahing Korawa miureng pratignyanipun Raden Dananjaya, anunten Sindureja kadhawahan mantuk, ing sadinten benjing enjing kapenging medal, bilih srengenge de-

reng serap, sarta dipun purih amemuja, anyuwun sawabing kaki, ingkang nama Bagawan Sempani, amurih wilujengipun. Punapa malih jemparing enggenipun angsal saking Abimanyu, kapurih angangeya, sarta amuja, supjados wewaha kasektenipun.

Kacariyos Prabu Suyudana akaliyan ingkang garwa Dewi Banowati, sanget prihatos sarta pamuwunipun, awit saking pejahing putra, ingkang nama Lesmana Kumara. Salebeting kadhaton rame dening tangis, nanging Prabu Suyudana wekasan lejar galihipun, kaengetan pratignyanipun Raden Dananjaya, enggenipun badhe obong, mila Sindureja dipun rekso, sampun ngantos amanggih tiwas. Anunten Korawa sami suka-suka, anyipta yen Raden Dananjaya badhe pejah ing sadinten benjing enjing.

Prabu Yudhisthira sasantanipun sami prihatos sanget, ing sapejahipun Abimanyu. Dewi Siti Sundari badhe obong tumunten, ambelani ingkang raka, nanging para santana sami anggendholi, awit para ageng-ageng dereng gilig ing rembag, genipun adamel upayaning perang. Wondening Dewi Utari putri ing Wiratha, boten kening ambelani ingkang raka, yen dereng lahir wawratipun.

Prabu Kresna angandika dhateng Raden Dananjaya, "Heh adhi, papriye saiki, Korawa wis angrungu punaginira, olehira arep amateni Sindureja, si Sindureja amesthi direkso, ora dililani metoni perang, supaya kalakona ubayanira". Dananjaya matur, "Mangsa boronga panjenengan dalem!". Prabu Kresna angandika malih, "Mungguh sarate adhi, lestarine kang sira angkah, iya namung memuja, supaya weruha karsaning dewa kang weritwerit". Dananjaya matur malih, "Kula sandika anglampahi pitedah dalem". Prabu Kresna anyambung, "Besuk yen sira perang, kagungan ingkun rata sira anggoa, rata iku duwe panguwasa. Pangiride jaran papat, sing ngarep aran si Cipta-welaha lan Abra-puspa, sing buri si Sukantha lan Sena. Dene panguwasane, sarupaning gegaman oraana angenani. Lan sira ingkun paringi gong, jenenge si Panca-janya, iku ing besuk esuk aja adoh karo kowe. Sira ang-anggoa panah cakra, panahira si Pasopati sira tamakna menyangsi Sindureja, kaya iya ing sadina sesuk patine. Sanajan abot sanggane, awit bapakne kang aran Bagawan Sempani, lagi tinarima semadine ing dewa kang linuwih,

ewadene atasna kalawan pujanira ing sawengi iki sing abanget, suwunen ing Bathara patine si Sindureja. Bok manawa luput pethekku, lah mara nyatakna, mujaa den mesu". Raden Dananjaya nyembah, kesah saking ngarsanipun Prabu Kresna, lajeng asemedi. Sampun prasasat pejah salebeting gesang. Boten antawis dangu Sang Hyang Jagadnata angatingali, namung wates sangandhap ing jangga kemawon, sapangangandhap boten katingal, pangandikanipun Sang Hyang Jagad-nata, "Heh Dananjaya, racuten pujanira, patine si Sindureja ingsun lilakake, awit saka ing panyuwunira. Panahira si Pasopati sira tamakna, ratane si Kresna sesuk sira anggoa, karo dene gonge kang aran si Pancajanya aja adoh karo sira".

Raden Dananjaya sampun luwaran enggonipun semadi, anjujug panggenanipun Prabu Kresna, aturipun, "Boten wonten ingkang sisip pangandika dalem, tetes kaliyan wangsitipun Sang Hyang Jagadnata, boten sulaya sarambut". Prabu Kresna me-sem angandika, "Ayo adhi, enggal padha angater marang si Siti Sundari, kang arep mati bela!!".

Kacariyos Dewi Siti Sundari, sampun dandos angagem busanipun pejah, badhe ambelani ingkang raka. Sadangunipun angimur Dewi Utari, ingkang kilayu badhe tumut bela pejah. Sarehning rembulan sampun inggil, Dewi Siti Sundari kasesa, pangandikanipun dhateng Dewi Utari, "Kowe iku lagi meteng, ora kena ambelani bojomu. Sapa sing nyatur kowe, angarani wedi bela, ora-orane ana wong ngrasani. Kajaba saking iku, belane wong lagi meteng ora pakolih, malahan nemu dosa, tetela yen kowe lagi meteng wolung sasi, wis kariya, aku pamit bakal menyang pancaka pabelan". Dewi Utari amangsuli, pegat-pegat pangandikanipun, "Tutura menyang si Abimanyu, yen banget prihatinku, awit digendholi dening para ratu, ora kalilan melu mati, bela munggah ing pancaka, sabab wetenganku durung lahir, ingaran nemu dukane dewa kang linuwih, dene cip-taku, saking bangeting tresnaku, mung bisa amilu mati, muga-muga aja ngantia lawas, poma tuturna, yen banget ing pangsahku, mung angajap enggala runtung-runtunga ana ing Endraloka, karo si Abimanyu. Ya gene teka sarenti, aku ora bisa ba-

rengi lakumu”.

Sareng Dewi Utari sampun lipur, Dewi Siti Sundari lajeng lumampah, badhe pamit dhateng ibu ramanipun. Sanget andadosaken prihatosipun ingkang sami dipun pamiti, angantos boten saged angandika. Sareng sampun, Dewi Siti Sundari lumampah dhateng peperangan, panggenaning layonipun ingkang raka, lajeng kabesmi sareng kaliyan Dewi Siti Sundari. Ingkang sami anjenengi pambesminipun sampun sami wangsul, rembulan sampun andhap, semunipun kados asih dhateng ingkang seda bela.

Anunten byar rahinten, arame swaraning kendhang gong beri. Gongipun Prabu Kresna ingkang nama pun Pancajanya katabuh angungkung, swaranipun kados dumugi ing Suralaya. Para ratu ingkang sampun sami ngalempak sabalanipun, tini-ngalan kados seganten. Anunten barising Korawa medal, agengipun anglangkungi, kados upaminipun seganten pasang. Gelari-pun taksih cakrabyuha, kados ingkang sampun kalampahan, amung ingkang wonten ing kiping sanes. Wondening Sindureja boten tumut medali perang, dipun reksa dening para Korawa.

Korawa sampun angrakit gelar cakra-byuha, alanging baris sapaningal, ujuripun sadasa paningal, kandeling baris mantri pepilihan punapa dene prajurit ingkang kendel-kendel sarta sekti-sekti sapaningal. Anunten Pandhawa animbangi nata gelar cakra-byuha, Drusthajumena angenggoni kuping tengen, Wrekodara wonten ing kuping kiwa, Dananjaya wonten ing gulu, anitih rata kaliyan Prabu Kresna. Wondening rata punika kagunganipun Prabu Kresna, apangirid kapal sakawan, ingkang ngajengan nama Ciptawelaha kaliyan Abra-puspa, ingkang wingking anama Sukantha kaliyan Sena-sekti.

Para dewa mireng ungelipun gangsa Panca-janya, sami aningali wonten ing awang-awang, sarta anjawahaken wewangi. Menggah gangsa ingkang nama pun Dewa-denta wonten ing wingking. Baris Pandhawa medal kapurunanipun, awit saking mireng ungelipun gangsa kekalih wau, Panerakipun kados denawa, rebatan daging. Gelaripun Korawa dhadhal, boten kuwawi ana-

dhahi pangamukipun barising Pandhawa. Anunten raja-putra ing Mandaraka, anama Raden Burisrawa, majeng nitih rata, badhe males risaking gelaripun, sesumbaripun, "Heh Setyaki, ngendi enggonmu kowe, ayo padha ngadu kasekten ana ing ke-ne!!". Raden Setyaki majeng nitih rata, anudingi Raden Burisrawa, wicantenipun, "Heh Burisrawa, begja temen aku, de-ne kowe kang mapagake perangku, aja kowe ngoncati!!". Sareng sami ajeng-ajengan, Raden Setyaki menthang langkap, anglepasaken jemparing, kening ratanipun Raden Burisrawa remuk, dalasan kusir kapalipun sami pejah. Burisrawa malumpat, sanget nepsunipun, lajeng amenthang langkap, anglepasaken jemparing, kening ratanipun Setyaki remuk, Setyaki malumpat, dados sami perang dharat kemawon, sami ambucal langkap, anyandhak gada kalih-kalihipun, lajeng rame agada-ginada. Sareng gada kekalih tugel sami dipun bucal, lajeng udreg dedel-dinedel, bucal-binucal. Sarehning Setyaki kawon ageng inggil, kangelan enggonipun andugang mengsahipun, wusana dhawah kalumah, dipun idak-idak dhateng Burisrawa, ngantos meh pedhot napasipun. Sareng Setyaki badhe dipun suduk, Prabu Kresna angandika dhumateng Dananjaya, "Enggal si Burisrawa panahen baune kang sisih, supaya uwala olehe anjambak ing si Setyaki!!". Raden Dananjaya lajeng anglepaskan jemparing, kening baunipun Burisrawa tugel, Burisrawa kaget, aseru wicantenipun, "Heh Pandhawa, rusuh tangkepmu cidra!!". Raden Dananjaya amangsuli, "Pandhawa ora cidra, mung nimba-ngi lakuning Korawa, awit patine Abimanyu biyen iya kena ing cidra". Raden Setyaki sareng aningali Burisrawa, tugel badanipun, lajeng tangi nyandhak jemparing, Burisrawa dipun jemparing, kening gulunipun tugel lajeng pejah. Gumuruh surakipun bala Pandhawa. Korawa sareng aningali Burisrawa pejah, sami ngangseg sumeja amales ing pejahipun Raden Burisrawa. Pinten-pinten kathahing jemparing, ingkang dipun lepaskan, ngantos kados jawah. Pangamukipun Raden Dananjaya angobrak-abrik, Wrekodara, Drusthajumena, Gathutkaca, Nakula, Sadewa sabalanipun sami anarajang. Korawa kuwalahan sami mundur, meh dumugi ing panggenanipun Sindurja. Won-

ten ing ngriku sami kandheg ing plajengipun, amepeti, margi ingkang dhateng panggenanipun Sindureja, anglepasaken jemparing kathah, amurih mangsulaken ing pangamukipun Raden Dananjaya, utawi Pandhawa ingkang sekti-sekti.

Wrekodara nyelehaken langkap, nyandhak gada anarajang. Pinten-pinten Korawa ingkang pejah sami anggelasah, amargi dipun amuk ing gada dhateng Raden Wrekodara, gelar cakrabyuha ngantos risak. Pangamukipun Raden Dananjaya akaliyan jemparing, kethen ingkang andhawahi mengsah. Wondening panarajangipun Korawa saking kathahipun kados sulung, ambelasah ingkang pejah dening gada, kathah para adipati ingkang pejah, sarta ingkang remuk ratanipun tuwin gajahipun, awit kaamuk dhumateng Raden Wrekodara. Tandangipun kados gajah sewu meta, pundi ingkang dipun terak tumpes, baris ingkang ngamping-ampingi panggenanipun Sindureja meh tipis. Bala Pandhawa tansah ngangseg anarajang ngantos kangelan enggenipun rumeksa dhumateng Sindureja wau. Anunten Korawa sami amrayogekaken, Prabu Duryudana kundura ngungsi dhumateng kitha, namung Bagawan Sempani, ingkang boten angrembagi, taksih wonten ing paprangan, kareksa dening baris, bilih ngantos sesingidan, ciptanipun nistha, sarta boten enetepi kasatriyanipun. Bagawan Sempani anjungkung ing semadi, supados ingkang putra kang nama Raden Sindureja lepat ing pejah salebeting perang Bratayuda. Wondening pamujanipun, sageda anyipta warni satus, ingkang kados Raden Sindureja, sampun ngantos kenging Sindureja ingkang sayektosipun. Kasupen yen ingkangmomong ing Pandhawa Prabu Kresna, boten kenging kekilapan, wonten warni satus, ingkang Sindureja sulap, amesthi sumerep Sindureja sayektosipun. Sayektosipun Prabu Kresna boten kenging dipun dorani.

Raden Dananjaya sayah enggenipun amemejahi para bupati, tuwin para prajurit, angantos telas saara-ara. Ing wingking sangsaya ambrubul, boten karaos kalonging prajurit pejah athen. Inggang punika Prabu Kresna maras ing galih, awit dening surya sampun gumiwang, Sindureja dereng kapanggih, kinubeng ing gegaman, enggal srengenge tinutupan ing cakra, di-

pun anggang-anggang, dados sulakipun sumirat jene, lajeng dipun tekepaken cakranipun, peteng kados seraping sayektosipun, kang sarta Bathara Kresna apearance dhateng Pandhawa, kapurih akalempaka kajeng. Sareng kajeng sampun ngalem-pak, lajeng kabesmi, andados latunipun. Unduring perang Pandhawa sami angumpul, sairib kados anjenengi obongipun Raden Dananjaya.

Sindureja lepat ing pejah, bilih sampun kaserapan surya. Sampun kawartos yen Raden Dananjaya badhe obong, Korawa sami bingah aningali, boten sumerep yen reka pagunanipun Prabu Kresna, srengenge dipun tutupi cakra, sanget enggènipun sami suka-suka, asurak-surak gumerah, alokipun, "Yen Dananjaya mati, Pandhawa ilang pamuke, sing kari prasasat cecindhil, mung kari anggetak bae. Wrekodara tandange perang kaku, ora julig kaya si Dananjaya!!". Kala semanten Raden Sindureja tumut aningali, wedalipun saking gedhong, ingkang kareksa ing baris, kados pratingkahing pandung. Prabu Kresna sumerep sesolahipun Raden Sindureja, angandika dhumateng Raden Dananjaya sarwi andebahaken, "Kae si Sindureja teka, uculana panahmu si Pasopati, di enggal, bok manawa kaselak weruh!!". Raden Dananjaya ngungak-ungak, matur dhumateng Prabu Kresna, "Panembahan, panggenanipun Sindureja wonten ing pun-di?". Prabu Kresna lajeng nyeneng langkapipun Raden Dananjaya sarta andedahaken panggenanipun Sindureja, pangandikanipun, "Kae apa, mara panahen di enggal!!". Raden Dananjaya jinjit, sampun sumerep dhateng Sindureja, lajeng dipun lepati jemparing, ingkang nama Pasopati, Sindureja kenging gulunipun tugel lajeng pejah. Anunten Prabu Kresna ngandika dhumateng Raden Dananjaya, "Endhase si Sindureja uncalna menyang enggone wong tuwane, isarat panahmu si Saru-tama". Raden Dananjaya lajeng menthang langkap, anglepasaken jemparingipun Saru-tama, sirahipun Raden Sindurja katut kabekta ing jemparing, dhawah ing ngarsanipun ingkang rama.

Bagawan Sempani panuju saweg samadi. Wondening ingkang dipun tedha salebeting puji, ingkang putra unggul ing perangipun, sampun ngantos mengsah saged amejahi Sindureja

ingkang sayektosipun, amung ingkang sulap kemawon. Dene yen males ing mengsahipun ambilaheni, mengsaha sadasa utawi satus sarenga pejahipun. Anunten sirahing putra dhawah ing ngarsanipun, dipun candhak dhumateng Bagawan Sempani, sebutipun akaliyan nangis, "Dhuh anaku mati,ya gene kowe nganti mati ing prang Brata Yuda, delengen aku, lagi memuja, anenedha ungguling perangmu!!.

Satereping srengenge, sakathahing baris sami mundur dhateg ing pasanggrahanipun piyambak-piyambak. Prabu Druyudana muwun, pangandikanipun dhateng Druna, "Kadi pundi karep andika paman, ing sapatine satriya loro, pun Burisrawa kao pun Sindureja, prasasat kaicalan bau tengen lan bau kiwa, napa kang digawe pepulih?", enggenipun ngandika mekaten punika kaliyan kasesegan, kang sarta angrerapa. Wondening ingkang panuju wonten ing ngajengan, Salya, Karna, Sangkuni, Karpa, tumunten angandika malih, "Kadospundi pratingkah puniki, menggah karsane paman Druna kados pundi, sadulur kula kathah kang pejah, si Citradarma, Citrayuda, Upacitra, Carucitra, Jayasusena, Rekadurjaya, Darmajahi, Suradurma, Ongsa-ongsa, Citraksi, ing sapuniki sami pejah dening Wrekodara, kang sarta pangamuke Arjuna. Anglangkungi ing prihatin kula, sapa kang digawe pepulih?". Druna awicanten seru, "Sapa amapagna perange Arjuna, saking gedhene sihe Hyang Bathara Guru, sapa bisa anadhahi pangamuke Wrekodara, sapa kelar nyembadani perange Prabu ing Wiratha, lan sapa kelar nadhahi pangamuke Prabu ing Cempala. Lah ana maneh, sapa sing bisa nulak pagunane Prabu Kresna. Wong gedhe kang limang iji iku, apa sing digawe nadhahi perange!!". Sang Prabu Druyudana lajeng angandika dhumateng Prabu Ngawangga, "Heh andika benjing enjing kang mapagna perange pun Arjuna lan Wrekodara, nanging anyuwuna parentahipun Pandhita Druna!". Aturipun Prabu Karna, "Inggih benjing enjing kula ingkang amethukaken perangipun". Sakalangkung bingah Sang Pandhita Druna.

Enjingipun tetengeraning perang mungel, Korawa ambrubul andalidir, saking ing pasanggrahanipun piyambak-piyam-

bak, kados banjiring seganten. Prabu Yudhisthira sampun medalaken bala, gelar taksih kados ingkang wau. Sareng majeng kados tempuking seganten. Sareng gulet perang tanpa etangan, sami bujeng-binujeng, dedel-dinedel arebat ngangkah pejah, kuwel kang prajurit. Ramening swara boten kantenan, bala asilih ungkih, ingkang dhateng sangsaya kathah. Wrekodara Dananjaya pangamukipun angorak-arik, nglepasaken jemparing, wedalipun amradini. Wrekodara nglepasaken Barga-wastra, Prabu Yudhistira angrikataken gajahipun. Kalantur saking ramening aperang, ngantos seraping srengenge, dereng wonten bibar, angantos kados ampuhan, amor dados satunggil, riwut gulet wonten ingkang ngundang-undang, "Aku rewangmu!". Saweneh ingkang wewartos namanipun, "Aku wong ing Cempala!". Wonten ingkang angaken tiyang ing Wiratha, tiyang ing Dwara-wati. weneh tiyang Astina, utawi tyang ing Sabrang, abantu tiyang Astina, punapa dene tiyang ing Mandaraka, tuwin ing Ngawongga-pati, kathah ingkang mastani negaranipun piyambak-piyambak.

Anunten para satriya utawi para mantri kang pepilihan, para ratu tuwin bupati, ingkang anitih rata utawi gajah, oboripun sami dhateng, abra kados jawah latu, amewahi ambranang satengahing paprangan. Ubekan kapal gajah, sarta ingkang nitih rata, wangsul dhateng panggenanipun. Bala kados dipun pilih, wangsul dhateng panggenanipun piyambak-piyambak.

Amiwiti perang malih, taksih pepak ingkang para ratu, punapa dening sawarnining ratu sesuruhan, majeng saking panggenanipun piyambak-piyambak. Panempuhing perang, surak sakalangkung rame, Wrekodara pangamukipun anengah, amung milih ingkang para dipati, ingkang sami nitih gajah utawi rata, punika ingkang dipun trajang, dipun gada kathah pejah pating sulayah. Punapa dene Raden Dananjaya, anglepasaken jemparing dinya. Punggawanipun Prabu Karna ingkang sinekti, anama Druwajaya, majeng anitih rata, pilih kang kuwawi nadhahi perangipun, punika angundha gada Kathah para prajurit ingkang pejah, dipun amuk Druwajaya. Lajeng dipun trajang dhumateng Wrekodara, punika Druwajaya pejahipun. Anunten dhatenge

pangamuke anengah Raden Setyaki, sanget nepsu perangipun, kathah bupati ingkang pejah, punapa dene para raja, ingkang dhadhal saking pangamukipun. Saking riwuting nepsunipun Raden Setyaki, ngantos adamel bingunging mengsah. Anunten Partipeya majeng, amethukaken perangipun, lajeng menthang langkap, anglepasaken jemparing, kenging jajanipun Setyaki, boten pasah nanging kontal, katut kabekta ing jemparing, dhawah kantep, Anunten putranipun Raden Setyaki, anama Raden Sanga-sanga enggal majeng, amethukaken pangamukipun Partipeya, Rame jemparing jinemparing, boten wonten ingkang anedhasi, lajeng ruket angaben karosan, sami ing kasektenipun, dumugi ing sakajeng-kajeng, araine dipun suraki, kados tiyang angaben sawung, remen ingkang sami aningali, dene sami ing prawiranipun. Anunten Raden Wrekodara dhateng, atetulung dhumateng Raden Sanga-sanga, Partipeya dipun lepasi jemparing, kenging jajanipun, dhawah kantep, karaos sakit sanget ing nepsunipun. Sumerep yen Raden Wrekodara ingkang anjemparing, lajeng males anjemparing, Wrekodara kenging baunipun kiwa, kaget lajeng anyelehaken Bargawastra, anyandhak gada majeng. Raden Partipeya dipun gada remuk, sareng kaliyan ratanipun, ing ngriku pejahipun Partipeya dening Raden Wrekodara. Anunten anakipun Partipeya enggal majeng, badhe pepulih pejahing bapa. Raden Wrekodara dipun karubut, adangu rame perangipun, wekasan anakipun Partipeya pejah dipun gada dhateng Raden Wrekodara. Punggawanipun Adipati Ngawongga, anama Drestha-rata majeng, inggih pejah dipun gada dhateng Raden Wrekodara, remuk saratanipun. Wrekodara sanget ing pangamukipun, sinten-sinten ingkang majeng dipun gada, akathah prajurit pepilihan ingkang pejah dening pangamukipun. Anunten adhinipun Sangkuni kekalih majeng, anama Anggajaksa, kalih Sarabasanta, angirid prajurit saleksa, angroyok Raden Wrekodara, boten kewedan dipun karubut ing perang, lajeng wiwit anglepasaken Bargawastra, kathah prajurit ingkang pejah dening jemparingipun. Sangsaya riwut pangamukipun Raden Wrekodara, pundi laris baris ingkang katerak tumpes. Anunten Raden Onggajaksa, kalih Raden Sarabasanta sami anglepasaken jemparing, angibut Raden Wrekodara. Sareng dipun wales kajempa-

paring, Raden Anggajaksa pejah, ingkang raka anama Sarabasanta wau aepulih, inggih pejah dipun jemparing dhateng Raden Wrekodara.

Sapejahe adhinipun Sengkuni kekalih, Korawa sami alit manahipun. Prabu Druyudana angrerepa pangandikanipun dhateng Adipati Ngawangga, "Adhi mara papagna pangamuke Wrekodara, Dananjaya kang sarta Setyaki!". Adipati Ngawangga enggal ngadeg, aturipun, "Sampun sumelang ing galih, amesathi ing dinten punika pejahipun Sena akaliyan Dananjaya, kula ingkang methukaken boten mawi kanthi". Sakendelipun Adipati Ngawangga ngandika, sagaha mejahi Bima akaliyan Parta, lajeng Karpa awicanten, "Heh Suryaputra, kowe iku yen celathu kaya dudu wong becik, ora patut dirungokake para satriya. Aku arep weruh bae nyatane celathumu iku. Wrekodara lan Dananjaya ora patut yen kasoran dening wong kang kaya kowe, yen ana kemreki asesungut, apa dene keyong bisa celathu, iku bok-manawa klakon celathumu mau. Dudu satriya yen maloto ora ana sing diisini". Adipati Ngawangga sanget nepsu, mirengaken wicantenipun Karpa, enggal nyandhak Candrasa, Karpa badhe dipun jemparing, anunten Aswatama manepsu, ningali pamanipun badhe dipun jemparing, enggal menthang langkap, wicantenipun, "Heh Suryaputra, aku tandhingmu!". Anunten Prabu Suyudana nyandhak dhateng Aswatama, kang sarta dipun arih-arih, pangandikanipun, "Aja mengkono sira!". Sang Prabu lajeng dhedhawah dhateng Karna majeng ing paprangan, Suryaputra enggal nitih rata, majeng anengah ing paprangan, anglepasaken jemparing, pinten-pinten ingkang medal amradini. Bala Pandhawa bibar, geger kadhawahan jemparing, kathah ingkang ratu. Prabu Yudhisthira gugup, boten alon pangandikanipun dhumateng Raden Dananjaya, "Kapriye, dene kowe ora mapagna pangamuke Suryaputra, balamu padha kaplayu, akeh kang kena ing panahe Karna, para satriya padha wedi, palayune ora noli-noli. Mara ta wiwitana, panahen Suryaputra dimati, apa ta ora pareng lan karsane kakang Prabu ing Dwarawati!". Raden Dananjaya lajeng matur dhumateng Prabu Kresna, "Panembahan, kados pundi ingkang dados karsa

dalem, menggah pangamukipun Suryaputra, sinenten ingkang kakarsakaken amethukna". Prabu Kresna alon ngandika, "Durung mangsane yen kowe mapagna perange Suryaputra, prayogane si Gathutkaca kang amapagna, bisa perang agal-alus". Enggal Raden Dananjaya animbali Raden Gathutkaca, pangandikanipun, "Kulup, kowe andikakake mapagake perange Suryaputra". Raden Gathutkaca lajeng andherek ingkang paman, sowan ing ngarsanipun Prabu Kresna. Sasampune nyembah, Gathutkaca matur, "Pukulun ingkang pinundhi ing kathah, kawula punika begia sanget, kakarsakaken anglampahi karsa dalem". Raden Dananjaya anyambungi alon, "Kawruhana wewekane wong arebut kasekten, sabudine katandhingan mungsuh ing kadigdayane, amurih ngungkuli kaprawirane, sanajan agal-alus, gelare Karna, olehe angarah kasekten, mangsa kowe ulapa". Prabu Kresna angandika alon, "Iya kulup tadhahana uwakmu, awit saka ing parentahku". Raden Gathutkaca nyembah, "Sinuhun inggih sandika, yen saking timbalan dalem, sanajan dumugia ing pejah boten mawi kumedhap, sampun ingkang dikakaken punika. Sanajan langkunga saking sekti Adipati Karna, amesthi kawula boten wigih. Sembah kawula ingkang sayekti katura ing panjenengan dalem. Dadosa jimat kaiden dhumateng ing pejah, kang sarta dadosa jimat ambilaheni mengsah. Yen kawula pejah ing perang, ingkang mugi panjenengan dalem mre-nahena kamulyaning swarga. Kawula boten gadhah cipta gesang, amargi pun uwa ing Ngawangga anglangkungi sekti". Sang Prabu Kresna kumepyar sanget ing galih, ing batos langkung kaduwung, lepating pangatag. Awelas sanget getuning galih' Raden Dananjaya aningali dhateng Sang Prabu Kresna, tingale sanget kaduwung, kuwur sanget welas ningali ingkang putra Raden Gathutkaca, dene taksih sanget lare. Sadaya sami angredatos. Raden Gathutkaca lajeng medal, muluk ing awang-awang, mapagaken pangamukipun Adipati Ing Ngawangga. Lajeng perang rame ing wanci dalu. Satengah ing perang, wonten denawa dhateng anarombol ing perang, kathahipun sakawan, anama Lembusana, kalih Salembana, tiga Kalasrenggi, sakawan Kalagasura, sami ambekta bala kathah, amethukaken perangipun Raden Ga-

thutkaca. Denawa sakawan wau sami pejah, dipun untir gulunipun dhateng Raden Gathutkaca. Raden Gathutkaca sabalanipun sangsaya wuru pangamukipun. Balanipun Dipati ing Ngawangga sami giris, dipun jawahi ing jemparing dhateng Raden Ghathutkaca saking ing awang-awang. Jemparingipun Raden Gathutkaca wau medal saking tutuk, sarta saking asta, tuwin saking delamakan. Adipati ing Ngawangga giris aningali balanipun kathah ingkang pejah, males anglepasaken jemparing dhateng ing awang-awang, nanging sami cupet, Sangsaya andadosaken ajrih sarta kekes ing galihipun. Raden Gathutkaca tansah sesumbar saking ing awang-awang. Adipati ing Ngawangga gugup ing solahipun, mireng swaranipun Raden Gathutkaca, kados galudhug. Enggal nyandhak jemparing anama Kunta, dipun lepasaken manginggil. Raden Gathutkaca kencing puseripun, jemparing lajeng manjing. Adipati ing Ngawangga sabalanipun sami sumerep, yen Raden Gathutkaca kataton, sami alok Gathutkaca kataton, katawis saking deresing rah. Kalanipun Raden Gathutkaca kataton, anggadahi cipta yen badhe pejah, lajeng anjog sumeja pejah sampyuh kaliyan ingkang uwa. Adipati Ngawangga trangginas lumumpat saking rata. Raden Gathutkaca lajeng angebruki rata, rata remuk sakusir kapalipun. Sareng Korawa aningai, yen Raden Gathutkaca pejah, sami surrak gumerah. Pandhawa sami dhedhep sarta anangis, boten dangu lajeng sami ambyuk mangsah ing perang. Prabu Yudhisthira sarta Raden Dananjaya angamuk ambudi pejah. Raden Wrekodara sareng mireng yen ingkang putra pejah, lajeng ngamuk liwung, sarwi angusapi eluh, gadanipun mobat-mabit, kathah para dipati tuwin satriya Korawa ingkang pejah. Druna angabani Korawa, makantukaken gelar. Arame perangipun ing sadalu, wusana kasapih saking sami arinipun.

Kacariyos ibunipun Raden Gathutkaca, anama Dewi Arimbi, sumeja obong ambelani ingkang putra, lajeng pamit dhateng ingkang raka, sarta para sadherekipun sadaya. Sareng sampun kalilan, lajeng amurugi layonipun ingkang putra wonten ing paprangan. Sadhatengipun ing ngriku, lajeng dipun obong sareng kaliyan layonipun ingkang putra.

Enjingipun lajeng sami anabuh tengaraning prang, sami anata barisipun piyambak-piyambak. Inggang dados senapatining Korawa, taksih Pandhita Druna, wondening senapatining Pandhawa, Raden Drusthajumena. Lajeng sami ngabani bala mangsah ing perang. Druna kinarubut ing para prajurit Pandhawa, sami anjemparingi, nanging boten pasah. Prabu Kresna lajeng amangsiti dhateng Raden Wrekodara, kapurih amejahana mangsah ratu ing Malawapati, sarta gajahipun inggang nama Aswatama. Wrekodara enggal lumumpat, mangsah anggada ratu ing Melawapati, ajur sagajahipun kadhawahan gada. Wrekodara lajeng alok, "Aswatama mati!", sarta para Pandhawa inggih alok makaten. Druna sareng mireng pangalok wau, sanget ing kagetipun sarta nangis, anyana putranipun inggang pejah, awit putranipun anama Aswatama. Lajeng amerepeki badhe pitaken dhateng Wrekodara, tuwin Janaka, nanging sampun sami dipun wangsiti dhateng Prabu Kresna, kapurih sami doraa, namung Prabu Yudhisthira, inggang dereng purun, wangsulanipun dhateng Prabu Kresna, "Kakang Prabu, kula boten purun wicanten dora, inggang mawi salami kula gesang, dereng nate dora. Kaping kalihipun Pandhita Druna punika guru kula, dados sangsaya sanget ajrih kula yen doraa". Prabu Kresna ngandika malih, "Yayi Prabu, ngandikaa makaten kemawon, esthi Aswatama pejah". Anunten Druna dhateng ing ngarsanipun Prabu Yudhisthira, sarta anitih rata, lajeng pitaken. Wangsulanipun Prabu Yudhisthira, esthi Aswatama pejah. Pamirengipun Druna, pasathi Aswatama pejah, Druna lajeng sumaput, andhawah gumalundhung wonten salebeting rata. Para dewa gumuruh ing awang-awang, sami anglekoken Druna mati. Raden Drusthajumena enggal amurugi, angethok mastakanipun Druna, dipun damel onclang, lajeng kasawataken dhateng panggenaning mangsah. Prabu Suyudana kaget kadhawahan sirah, enggal lumajeng, bala Korawa larud sadaya. Raden Aswatama pitaken, "Heh wong Korawa, ya gene padha lumayu!?". Karpa amangsuli, "Heh Aswatama, yen kowe ora weruh, bapakmu ing samengko wis mati, dikethok glune marang Raden Drusthajumena". Raden Aswatama sareng mireng inggang rama pejah, sanget ing nepsu-

nipun, lajeng umangsah anglepasaken jemparing latu, agengipun saredi alit, bala Pandhawa giris, boten wonten nyipta gesang. Raden Janaka dipun dhawahi dhateng Prabu Yudhisthira, kapurih amethukna prangipun Aswatama. Sarta Nata sarwi amuwuni gurunipun kang nama Druna wau. Prabu Kresna lajeng parentah dhateng bala Pandhawa, andikakaken sami dharat sadaya, sabab jemparing latu wau boten purun ambesmi tiyang ingkang dharat. Anunten Wrekodara dipun ken methukaken dhateng Prabu Kresna, sarta numpak rata, Wrekodara enggal majeng, anitih rata. Sareng Raden Janaka ningali, yen ingkang raka badhe kabesmi, enggal anglepasaken jemparing, latu lajeng ical sami sakedhap. Raden Aswatama wau lajeng mundur, saha sanget ing lingsemipun, sumeja tapa malih, supados wedaha kasektenipun. Bala Korawa sarta Pandhawa kasaput ing dalu, lajeng sami mundur.

Prabu Suyudana ing dalu pirembagan kaliyan para ratu. Kentheleng rembag, Prabu Karna ing Ngawangga ingkang kadadosaken senapati. Prabu Suyudana angebang badhe amasrahi negari ing Astina, Prabu Karna inggih sampun anyagahi, anumpes Pandhawa sami sadinten. Kacariyos Prabu Karna sakalangkung wanter sarta sekti, abagus warnanipun, saha kagungan jemparing, anama Wijayadanu, punapa ing saciptanipun ingkang gadhah, Wijayadanu inggih dados. Prabu Suyudana sakalangkung suka, amirengaken sagahanipun Karna, lajeng angganjar pagangge kang sae-sae dhateng Prabu Karna sabalanipun waradin, nanging balanipun sadaya sami susah, tuwin garwanipun inggih sanget susah, amargi sampun kathah dalajatipun, amrantadhani yen Prabu Karna badhe kasoran perangipun.

Kocapa Pandhawa, Prabu Dwarawati, saha Yudhisthira, tuwin Janaka, ing dalu sami tindak dhateng ing papan paprangan, angupadosi layonipun Druna, tuwin Bisma. Sareng sampun kapanggih, lajeng sami kabesmi, Sasireping latu, wonten swara, asanjang yen Pandhawa badhe menang ing perangipun.

Prabu Kresna, Yudhisthira, sarta Janaka, lajeng sami kondur masanggrahan. Enjingipun lajeng sami anabuh tengaraning perang. Sareng sampun sami tata barisipun, lajeng sami ame-

dali ing perang. Ing sadinten punika Pandhawa akaliyan Korawa kathah ingkang pejah, bibar kasaput ing dalu.

Ing dalu Prabu Suyudana sami pirembagan akaliyan para ratu, Salya, Karna, Karpa, sami wonten ing ngarsa. Prabu Karna anyuwun kusir dhateng Prabu Suyudana. Wondening ingkang dipun suwun Prabu Salya ing Mandaraka, supados timbanga akaliyan kusiripun Raden Janaka. Aturipun Prabu Karna, Yen saestu Prabu Salya kaparingaken dados kusir, dipun kinten Pandhawa tumpes ing sadinten benjing enjing, dening jemparingipun ingkang nama Wijayadanu. Prabu Salya sareng mindhanget aturipun Karna, sanget dukanipun. Prabu Suyudana enggal angrerepa, anyembah sarta anangis. Amemelas aturipun dhateng ingkang marasepuh, kaaturan nuruti panyuwunipun Karna. Prabu Salya dangu-dangu sareh dukanipun, welas aningali mantunipun, wusana anyagahi dados kusir. Kocapa Pandhawa sami pirembagan, Kresna ngandika dhateng Raden Janaka, "Ing sadinten sesuk kowe kang dadia senapati. Anganggoa gelar arda-candra, sarta kowe dingati-ati, yen kowe kurang pangati-ati, bakal dadi bilahine awakmu, karana si Karna luwih sektine". Arjuna matur sandika. Enjingipun sami nabuh tengeraning perang. Para ratu akaliyan para adipati sami anata baris angrakit gelar. Ingkang sami nitih rata, tuwin gajah saha kapal, sampun sami mirantos. Prabu Karna nitih rata, sarta aningali mengsahipun, ambelabar kados seganten. Karna sakalangkung suka, saha matur dhateng kusiripun, "Rama Prabu barisipun Pandhawa anglangkungi kathahipun, ingkang wonten ing pinggir boten katingal, nanging mangke sakedhap kemawon tumpes sadaya, dening jemparing Wijayadanu".

Prabu Salya sareng mireng sanget ewa, sarta amajanani, wangsulipun, "Heh Karna kiraku kowe ora bisa anumpes Pandhawa. Kowe dak upamakake iwak mentah, Pandhawa kang bakal angolah, ing sakarep-karepe iya dadi". Karna sareng midhanget sanget ing wirangipun sarta nepsu, aken ngajengaken rata sarta menthang gendhewa. Korawa sareng aningali senapati-nipun majeng, lajeng ambyuk mangsah ing perang, Pandhawa anadhahi. Ramening prang kados alun anempuh redi. Korawa

wewah ing kekendalanipun, amargi ningali senapatinipun, saka-
langkung kendel sarta sekti, dhasar bagus warninipun. Jempa-
ringipun Karna ambarubul wedalipun saking gendhewa, nge-
beki ing paprangan, Bala Pandhawa kathah ingkang pejah. Ra-
tanipun Karna ngalajok anglancangi bala, kaidak purun, Kora-
wa anuruti angrubut mengсах. Bala Pandhawa bibrah tatani-
pun, giris aningali tandhangipun Karna, saha kawus kala peja-
hipun Gathutkaca dening Surya putra, bala Pandhawa lajeng
larud. Raden Nakula, Yuyutsuh, Drusthajumena, ratanipun
sami rusak, dipun jemparing dhateng Karna, nunten sami luma-
jeng. Prabu Yudhisthira, Arjuna, Wrekodara, enggal sami anu-
lungi, methukaken pangamukipun Karna, sarta sami nglepasi
jemparing, bala Korawa kathah ingkang pejah. Kandheg rata-
nipun Karna, kandheg lajeng sami perang ijen-ijenana, ajemparing-
jinemparing. Prabu Suyudana dipun jemparing dhateng Wreko-
dara dhawah kalumah, nanging boten pasah, lajeng andhelik
wonten ing wingkingipun ing baris. Raden Wresasena, pejah
dening Raden Setyaki. Prabu Suyudana kapanggih kaliyan Wre-
kodara, lajeng dipun jemparing dhateng Wrekodara, kening
kendengipun pedhot, anunten lumajeng. Raden Dursasana,
ingkang rayi Prabu Suyudana, enggal angalingi ingkang raka,
amethukaken Wrekodara, sarta nitih gajah, anglepasi jemparing,
anama Barla, Wrekodara kening jajanipun, dhawah kabanting,
nanging boten pasah, Nunten tangi anyandhak gada, sarta ange-
suk. Gajahipun Dursasana dipun gada sirahipun ajur. Dursasa-
na enggal lumumpat dhateng siti, nunten sami gadaginada. Dur-
sasana rumaos kuwalahan, badhe lumajeng, lajeng dipun jam-
bak rambutipun sarta kasendhal dhateng Wrekodara, Dursa-
sana dhawah kalumah, rambutipun taksih kacepeng dhateng
Wrekodara, sarta dipun gadani. Prabu Suyudana sasedhereki-
pun nulungi, sami anjemparingi, nanging Wrekodara boten aj-
rih. Prabu Yudhisthira sasentananipun lajeng sami amethuka-
ken perangipun Prabu Suyudana. Dados Raden Wrekodara du-
mugi ing sakajeng-kajengipun, enggenipun badhe damel pange-
wan-ewan dhateng Dursasana, sarta wicanten seru, anyeluk pa-
ra dewa, tuwin para ratu mengсах, saha Pandhawa sadaya, "Heh

kabek padha aneksenana, yen aku bakal angluwari kaule ipeku kang jeneng Dewi Drupadi, garwane kakang Prabu Yudhisthira. Iku ora gelem gelungan ing salawase, yen durung kemas getihe si Dursasana, ing mengko bakal kalakon!!". Kacariyos, mila Dewi Drupadi gadhah kaul makaeten, kala sadere ngipun perang Bratayuda, Prabu Yudhisthira sasedherekipun nuju sami kesah tapa, Dewi Drupadi lajeng kaboyong dhateng negari ing Astina, wonten ing ngriku dipun pisakit saha kadamel sawenang-wenang dhateng Raden Dursasana.

Kacariyos Raden Wrekodara enggenipun adamel pangewanewan wau, wetengipun Dursasana kabadhel, rahipun dipun kokop, barabeyanipun kaodhet-odhet, lajeng dipun awut-awut, suku sarta tanganipun sinempal-sempal, lajeng dipun balang-balangaken, sirahipun kaejur ing gada. Raden Wrekodara lajeng mundur dhateng pasanggrahan, sumeja manggihi Dewi Drupadi, sarta ambeksa samargi-margi. Prabu Yudhisthira sasentananipun, tuwin ingkang garwa, enggal sami methuk angurmati, sarta anggunggung dhateng Wrekodara. Jenggot sarta brengosipun Raden Wrekodara taksih gupak rah, lajeng dipun peres wonten ing mastakanipun Dewi Drupadi, ing ngriku luware punaginipun, Pandhawa sami suka-suka. Ing sakedhap punika kendel enggenipun perang.

Sareng wanci lingsir kilen, Pandhawa sami geger, aningali mengsah dhateng. Ratanipun Karna sampun dumugi satengahing paprangan, anglancangi balanipun, bala Korawa sami anututi manengah. Prabu Kresna enggal angatag Arjuna, dipun kenitih rata, amethukaken perangipun Karna. Raden Janaka enggal nitih rata, ingkang ngusiri Prabu Kresna. Bala Pandhawa sarta Korawa, sami anyuraki saking katebihan kemawon. Wondening ingkang perangamung senapatinipun kemawon, sami satunggal. Inggih punika ingkang dipun wastani perang Karna tinandhing. Mila dipun wastani mekaten, dene warninipun kembar, akaliyan Raden Janaka, sami bagusipun, kendel serta kasektenipun inggih sami, tuwin kasagedanipun. Dhasar sadherekipun piyambak, tunggil ibu sanes bapa. Amung pasemonipun ingkang sanes, Prabu Karna semu ladak, Raden Dananjaya se-

mu luruh. Sarta sami kadhawah jemparing peparinging dewa, Prabu Karna jemparingipun anama Wijayadanu, punapa saciptanipun ingkang gadhah Wijaya-danu inggih dados, Raden Dananjaya jemparingipun kekalih, satunggil anama Sarutama, satunggil anama Pasoppati, punapa saciptanipun Raden Dananjaya, jemparing kekalih wau dados. Wondening ingkang dados kusiripun, inggih sama ratu ageng, Prabu Salya, akaliyan Prabu Kresna. Mila para dewa para widadari, tuwin Pandhawa saha Korawa, ingkang aningali perangipun satriya kekalih wau, sami angadhahi pangeman, yen pejaha ing salah satunggil, badhe boten wonten ingkang dipun tingali. Karna akaliyan Arjuna lajeng sami angaben kasekten, ratanipun ubeng-ubengan, sami lepaslinepas jemparing. Prabu Karna amenthang gandhewa, sarta anginceng jemparingipun, nunten kasarun wonten sawer dhateng ing ngarsanipun, cumalorot saking awang-awang, agengipun anglangkungi, saged wicantenan kados tiyang, anama Ardawalika, matur dhateng Prabu Karna, yen badhe males ukum dhateng Arjuna. Karna amangsuli, "Sakarep-karepmu ing kana, enggonmu arep mateni si Janaka, aku ora anyenyambat marang kowe". Ardawalika lajeng kesah, badhe anyaut dhateng Arjuna. Raden Janaka enggal nyandhak jemparing, lajeng kalepasaken, sawer pun Ardawalika kenging lajeng pejah, gumebrug dhawah ing siti.

Prabu Karna enggenipun nginceng jemparing wau, angangkah jangganipun Raden Janaka. Prabu Salya sumerep, yen pangincengipun Karna wau badhe ambilaheni dhateng Raden Dananjaya, nunten tetalining kapal dipun tarik, ratanipun lajeng gonjing, anyarengi uculing jemparing, dados ewahing pangincengipun, kapara manginggil. Raden Janaka makuthanipun timpal, kenging ing jemparing, Prabu Kresna enggal anulungi, angelus rema sarta angleresaken makuthanipun. Karna sanget ing getunipun, dene Raden Janaka boten kenging jangganipun, nanging boten sumerep yen dipun damel dhateng kusiripun. Prabu Karna nunten nyandhak jemparingipun Wijayadanu, sarta kawawas, ingkang dipun angkah jangganipun. Arjuna. Prabu Salya lajeng anggenjot ratanipun, anyarengi uculing jemparing, Ra-

den Dananjaya kencing gelunganipun tatas. Janaka sanget nep-sunipun sarta lingsem, enggal males anjemparing, kapal pangiriding ratanipun Karna tatas sukunipun sadaya. Raden Janaka amawas malih jemparingipun Pasopati, Prabu Karna inggih amawas pun Wijayadanu, sarta dipun mantrani, ananging karumiyinan dhateng Raden Janaka. Prabu Karna tugel jangganipun, kencing ing jemparing Pasopati, gumebrug dhawah salebeting rata. Bala Pandhawa surak gumerah, Korawa sami lumajeng, nunten sami mundur amargi kasaput ing dalu.

Prabu Suyudana apirembagan kaliyan Patih Sangkuni, sarta Prabu Salya, tuwin ingkang rayi ingkang namung kantun kalihdasa, sadaya sampun sami pejah. Prabu Suyudana matur sarwi anangis dhateng Prabu Salya, dipun aturi dados senapati, angrebata negari ing Astina, wangsulanipun Salya boten purun, sarta angrembagi amasrahna nagari Astina ingkang sepalih dhateng Pandhawa, yen Pandhawa boten narimah, Salya sagah anumpes. Aturipun Prabu Suyudana, boten pareng, awit sampun kasep, sarta putra tuwin sadherekipun kathah ingkang sami pejah. Adangu sami diya-diniya. Anunten Raden Aswatama dhateng, lajeng wicanten saru, sarta amelehaken pratingkahipun Prabu Salya, kalanipun angusiri perangipun Karna. Prabu Salya sanget dukanipun, lajeng badhe kerengan kaliyan Aswatama, nunten kapisah dhateng Suyudana, Raden Aswatama katundhung, lajeng kesah atapa dhateng ing wana. Prabu Salya sareh ing dukanipun, wusana anyagahi dados senapati. Prabu Suyudana suka ing galihipun, lajeng angganjar busana kang sae-sae dhateng bala ing Mandaraka sadaya waradin. Sampun misuwur yen Prabu Salya dados senapati, antawis kalih dinten kendelipun perang.

Pandhawa sampun sami mireng, yen Prabu Salya dados senapatining Korawa, lajeng sami bingung. Prabu Yudhisthira sasedherekipun sami nedya asrah pejah kemawon dhateng Prabu Salya, awit saking airhipun. Dhasar ratu sepuh kaprenah sepuh, sarta sakelangkung sekti, boten wonten purun anadhahana perangipun. Prabu Kresna lajeng dhawah dhateng Raden Nakula, sarta Raden Sadewa, kapurih sowana dhateng ingkang Uwa Prabu Salya, sarta kawulang pratingkahipun, yen sampun du-

mugi ing ngarsanipun Prabu Salya.

Raden Nakula sarta Sadewa lajeng mangkat dhateng ing pasanggrahan Mandaraka, tanpa bala. Sareng dumugi ing ngriku, Prabu Salya kapanggih wonten ing sanggar pamujan. Raden Nakula lan Sadewa lajeng angrungkebi sukunipun ingkang uwa, sarta anangis, aturipun, "Bilih uwa Prabu saestu dados senapati, boten sande badan kula, saha sadherek kula sadaya, badhe tumpes dening sampeyan. Tuwin para ratu Pandhawa sadaya inggih sami ajrih dhateng kasekten sampeyan, aluhung kula pejah ing sapunika kemawon", Raden Nakula saha Sadewa lajeng sami anarik dhuwung, ajeng suduk sarira. Prabu Salya enggal anyandhak dhuwungipun ingkang putra kalih pisan, angrangkul sarta amuwun, pangandikanipun, "Wis aja nangis, Sanajan aku wis katrucut saguh dadi senapati, ing batin banget tresnaku marang kowe, karana aku wis ora duwe anak lanang, anakku si Burisrawa si Rukmarata wis padha mati ing perang Bratayuda, dadi ing mengko mung kowe kang wajib duwe negaraku ing Mandaraka. Dene wekasku, sesuk yen aku maju ing perang, kakangmu si Yudhisthira bae konen mapagake perangku, sarta jimate, kang aran Kalimahusada, iku konen manahake marang aku, amesthi ing kono patiku. Yen liya saka ing iku, gegaman liyane dak kira ora ana kang tumama ing awakku, lan ora ana kang bisa angalahake ajiku Candhabirawa, karana kalane ing biyen, aku mate-ni maratuwaku, aran Bagawan Bagaspati, iku nuli ana swara — Heh Salya, besuk ing perang Bratayuda, yen ana ratu ambek pandhita, sarta duwe jimat Kalimahusada, ing kono aku males marang kowe —, sarta aku ditinggali aji Condhabirawa. Amung wekasku marang kowe, yen aku wis mati, negara ing Mandaraka bae mangsa bodhoa kowe, wis kowe nuli muliha!!".

Raden Nakula saha Sadewa sangsaya sanget enggenipun muwun, lajeng pamit mantuk. Samargi-margi boten kendel angusapi eluh. Sadhatengipun ing pasanggrahan, lajeng sowan ingkang raka Prabu Yudhisthira, tuwin Prabu Kresna, Wrekodara, Janaka. Raden Nakula saha Sadewa lajeng matur ing sawewelingipun Prabu Salya. Prabu Yudhisthira akaliyan Arjuna sareng midhanget lajeng sami amuwun, welas dhateng Prabu Salya.

Prabu Kresna akaliyan Wrekodara sami gumujeng, sarta anglik dhateng Prabu Yudhisthira, sabab salaminipun gesang, Prabu Yudhisthira punika dereng nate duka, saha dereng nate anyakitaken manahing tiyang, mangka ing mangke badhe anglampahi mejahi Prabu Salya.

Kacariyos malih pasanggrahan ing Mandaraka, garwanipun Prabu Salya, anama Dewi Setyawati, anglangkungi ayunipun, sarta prak ati, saged angladosi kakung, sarta pantes salalewanipun. Sampun patutan gangsal, ingkang jaler kekalih, anama Raden Burisrawa akaliyan Rukmarata, nanging sampun sami pejah ing perang Bratayuda, putranipun estri tiga, satunggil kagarwa dhateng Prabu Suyudana, satunggil kagarwa ing Prabu Karna, satunggilipun kagarwa ing Prabu Baladewa ing Mandaraka. Ing sapengkeripun Raden Nakula sarta Sadewa, Dewi Setyawati sanget enggenipun muwun, anethah dhateng ingkang raka, dene ambelakakaken isarat ingkang badhe damel ing sedanipun, boten angowel sariranipun, sarta putra-putrinipun estri, amilalah kapenakanipun. Dewi Setyawati lajeng badhe sudu sarira, Prabu Salya enggal anyandhak patremipun ingkang rayi, sarta anyerepaken ingkang dados karsanipun, lajeng dipun ngungrum, kabekta dhateng ing pasareyan. Sareng ing bangun enjing ingkang garwa kapatos enggenipun sare, abantal astanipun ingkang raka, sarta paningsetipun dipun tindhihi ingkang sepalih. Prabu Salya alon andudut astanipun, paningsetipun lajeng katigas ing dhuwung, nunten tumedhak lirik, ingkang garwa lajeng dipun apit ing guling, sarta payudaranipun kaseselan golek kancana, sarta kawicantenaken, "Ibu, si bapak lunga perang". Prabu Salya lajeng tedhak ing jawi, aningali srengenge sampun malethek, balanipun sampun pepak. Nunten wangsul angrangkul sarta angarasi ingkang garwa, pangandikanipun, "Nimas kariya sare, aku pamit perang", enggenipun ngandika makaten punika sarwi amegeng waspa. Prabu Salya lajeng dandos. Srengenge sampun inggil, balanipun dangu enggenipun sami ngentosi. Prabu Salya miyos anitih rata, balanipun lajeng anabuh tengaraning perang, saha angrakit gelar. Prabu Suyudana sabalanipun angumpul wonten ing ngriku.

Pandhawa inggih sampun ngrakit gelar saha anabuh tengara, lajeng mangsah ing perang. Tempuhing perang kados mendhung pethukan sami mendhung. Ramening perang swaranipun kados redi jugrug. Sampun kathah ingkang pejah. Korawa sami mesthekaken, yen Pandhawa badhe tumpes dening Senapati Salya. Prabu Salya amedalaken aji Candhabirawa, nunten kathah sarta warni-warni danawa ingkang medal saking sariranipun, angebeki ing paprangan, sarta sami ambekta dedamel, ambebujeng mengsah, anggadani, amedhangi saha nyakoti mengsah, yen kawales dipun pejahi, sangsaya wewah kathah. Korawa surak gumerah, sarta sami suka aningali. Bala Pandhawa kathah ingkang pejah, giris sami lumajeng, angungsi wingkingipun Prabu Kresna saha Prabu Yudhisthira. Prabu Kresna lajeng angundhangi bala Pandhawa sadaya, andikakaken ambucali dadamelipun, sarta sami kekudhunga. Lajeng sami anglampahi dhawuhipun Prabu Kresna sadaya. Danawa ingkang medal saking aji Candhabirawa lajeng sami dhelog-dhelog kemawon, angadhepi mengsahipun.

Prabu Kresna nunten angatag dhateng Prabu Yudhisthira, amethukna perangipun Salya. Prabu Yudhisthira enggal anitih rata, majeng dhateng ing paprangan. Prabu Salya amatak aji Candhabirawa malih, ambrubul wedaling danawa saking sariranipun, ageng-ageng sarta kathah, angungkuli ingkang rumiyin, sami amurugi Prabu Yudhisthira. Prabu Yudhisthira enggal amawas Kalimahusada, amedalaken latu anglangkungi agekipun. Latu wau lajeng ambesmi danawa wau, telas kabesmi sadaya. Prabu Yudhisthira lajeng anglepasaken Kalimahusada, Prabu Salya kenging jajanipun pecah, gumebrug dhawah ing rata. Bala Pandhawa surak gumerah, sarta ambyuk ambujeng mengsah. Korawa lumajeng ing sapurug-purug, nanging kathah ingkang kacandhak pejah, tuwin teluk. Patih Sangkuni kacandhak dhateng Raden Wrekodara, lajeng dipun sempal-sempal. Prabu Suyudana lajeng kondur dhateng pasanggrahanipun, sabala punggawa saha satriyanipun.

Wonten bupati ing Mandaraka satunggil sampun sepuh, katon kalanipun andherek Prabu Salya amedali perang, punika

apratela dhumateng Dewi Setyawati, yen ingkang raka seda wonten ing paprangan. Sareng dipun pratelani mekaten, Dewi Setyawati lajeng kantu. Sasampuning enget, kekah ing karsa badhe ambelani ingkang raka, lajeng nitih rata sarwi angasta patrem, kadherekan ing parekan satunggil, anama Sugandini, sumedya tindak dhateng ing Kurusetra, angupadosi layonipun ingkang raka. Sareng andungkap dumugi ing Kurusetra, ratanipun remuk, dados kapeksa tindak dharat, angupadosi layoning raka, dangu-dangu pinanggih. Dewi Setyawati enggal angunus patrem, katamakaken ing jajanipun, lajeng seda. Parekan ingkang Sugandini inggih suduk sarira, ambelani gustinipun. Anunten para dewa saha para widadari sami angiring nyawanipun Prabu Salya, akaliyan nyawanipun Dewi Setyawati, dhumateng ing Suralaya. Wonten ing ngriku pikantuk kanugrahaning swarga.

Kacariyos Prabu Suyudana, sabedhahipun negari ing Astina, saking mirisipun asingidan wonten sungapaning seganten, angedhem ing toya, ananging katitik pasingidanipun dening bala Pandhawa. Lajeng kapratelakaken dhumateng Prabu Yudhistira, saha dhumateng Prabu Kresna, nunten sami bi-dhal sabalanipun. Sadhatengipun wonten sungapaning seganten, bala Pandhawa sami sumerep ing solahipun Prabu Suyudana angedhem salebeting toya. Wrekodara anyumbari saking ing dharatan, sarta anguwus-uwus, awit boten prayogi yen ratu kawon perangipun lajeng singidan ajrih menawi pejah, kapurih mentasa badhe kaajak prang tandhing. Prabu Suyudana sareng mireng enggal mentas saking toya, reyab-reyab sarta kalebus, anjujug ing ngarsane Prabu Kresna anantun, punapa purun kaaben prang tandhing kaliyan Wrekodara. Wangsulaniipun Suyudana inggih purun. Prabu Kresna parentah dhateng bala-nipun, kinen anyukani busana karajan dhateng Prabu Suyudana, sarta dadamel gada. Nunten kasaru rawuhipun Prabu Baladewa ing Madura, saking tapa sangandhaping grojogan toya ageng. Prabu Kresna kaliyan Prabu Yudhistira sasedherekipun enggal sami methuk sarta ambagekaken, sarta apratela, yen Prabu Baladewa boten ameningi prang Bratayuda, nanging badhe ame-

ningi prang tandhingipun Wrekodara kaliyan Suyudana, Prabu Baladewa kaaturan angidinana. Wangsulanipun Prabu Baladewa, mila enggal kondur saking pratapanipun awit dipun sanjangi dhateng Hyang Narada, yen badhe boten ameningi prang Bratayuda, dene ing mangke inggih sumeja angidini dhateng ingkang badhe sami prang tandhing. Wondene Prabu Suyudana sareng aningali rawuhipun Prabu Baladewa, sakalangkung bingah ing galihipun, cipta badhe wonten kang mitulungi ing sariranipun, awit negari Madura punika kabawah ing negari Astina, sarta Prabu Baladewa kadamel ratu andel-andeling prang.

Sasampuning Prabu Suyudana angagem busana karajan, sarta angasta gada ageng, lajeng wiwit prang tandhing kaliyan Wrekodara. Arjuna maras ing galih, bilih ingkang raka kasoran prangipun, enggal matur pitaken dhateng Prabu Kresna, sinten kang badhe kasoran prangipun. Prabu Kresna anyerepaken, sarta Arjuna kadhawahan angengetna dhateng Wrekodara, saking katebihan kemawon, yen pangapesanipun Prabu Suyudana wonten pupunipun kang kiwa. Arjuna enggal anyaketi ing sawetawis dhateng kang aprang tandhing. Arjuna angejepi sarwi anampel wentisipun kang kiwa. Wrekodara sakedhap aningali pamangsitipun ingkang rayi, sampun anampeni, enggal ngangseg prangipun sumeja ngruket. Suyudana kewedan, sumeja ngoncati amapan kang ombur, lajeng milar, nanging sinarengan sinabed ing gada dhateng Wrekodara, kenging wentisipun kiwa, Suyudana ambruk, lajeng pinupuh ing gada, jinambak sarta dhinupak dhateng Wrekodara. Prabu Baladewa sanget muridaning galih, awit pamalanipun Wrekodara sawenang-wenang, boten angangge cara pranging ratu, enggal anyandhak nanggala, kaayataken dhateng Wrekodara. Prabu Kresna sareng aningali gugup ing galih, enggal anyandhak nanggalanipun Prabu Baladewa, sarwi matur ngrerapu, sampun ngantos andahweni ing solahipun Wrekodara. Mila amanggih pejah siya-siya mekaten, awit Prabu Suyudana kenging ipat-ipating Bagawan Mantriya, kaliyan kenging panedhanipun Dewi Drupadi, sabab Dewi Drupadi wau kala rumiyin siniya-siya, dados Wrekodara punika dremi amalesaken. Prabu Baladewa sampun li-

lih galhipun, lajeng kaaturan angrumiyanana lumebet dhateng negari Astina, Prabu Baladewa inggih lajeng amiturut ing aturipun ingkang rayi Prabu Kresna.

Sapengerkipun Prabu Baladewa, Wrekodara andumugekaken ing sakarsanipun gening damel sawenang-wenang dhateng Suyudana. Sareng Suyudana sampun remuk badanipun lajeng anyuwara, boten purun pejah yen dereng atapakan sirahing Pandhawa, nanging swara wau boten kapaelu dhateng Wrekodara. Prabu Kresna kaliyan Prabu Yudhisthira, Wrekodara sabalanipun nunten sami wangsul dhateng pasanggrahan, jisimipun Suyudana katilar wonten ing ngriku. Kala semanten Prabu Kresna kaliyan Prabu Yudhisthira dereng kersa lumebet dhateng negari Astina, saben ing wanci dalu mider-mider ing tilas papan paprangan, tuwin ing wana sarta ing redi.

Kacariyos wonten putranipun jaler Pandhita Druna satunggil, anama Aswatama, punika kalanipun taksih salebeting prang Bratayuda, apadudon kaliyan Prabu Salya, meh dados pancakara, nanging Prabu Suyudana angleresaken Prabu Salya, Aswatama sakit manahipun, lajeng kesah tapa wonten sate ngahing wana, bedhahipun negari Astina Aswatama boten sumerep. Kala semanten Aswatama sanget kaget kadhatengan garwanipun Prabu Suyudana, sarta santana ing Astina kekalih, anama Karpa, kaliyan Kartamarma, sami sanjang yen ing Astina sampun bedhah, Prabu Suyudana ical satengahing perang, boten kantenan pejah gesangipun. Aswatama ngeres manahipun, awelas dhateng Prabu Suyudana, ciptanipun badhe ambe-lani ing kasusahan. Lajeng mangkat saking wana, alampah pandung, sumeja anyidra para pangagenging Pandhawa, Karpa, Kartamarma inggih tumut. Sadumugining pasanggrahan wanci dalu, Prabu Kresna nuju kesah mider-mider, Prabu Yudhisthira saseduluripun gangsal inggih andherek. Aswatama wau lajeng anjujug pasanggrahanipun Drusthajumena kaliyan Dewi Sri-kandhi, kalih pisan sampun sami katigas jangganipun. Ing pasanggrahan geger sarta tangis gumerah. Aswatama lajeng ngamuk angagem jemparing latu, kathah angsalipun pejah. Raden Pancawala, putranipun jaler Prabu Yudhisthira, tumunten

wungu, amethukaken pangamukipun Aswatama, dangu sami alancaran jemparing, Pancawala kasoran sampun pejah amargi dipun jemparing. Aswatama tuwin Karpa, punapa dene Kartamarma, tumunten sami mundur dhateng ing wana malih. Sareng wanci byar Prabu Kresna kaliyan Prabu Yudhisthira saseduluripun sami rawuh ing pasanggrahan, Kaget mireng swara-ning tangis gumerah, lajeng kapratelan, yen Pancawala, kalih Drusthajumena, tiga Dewi Srikandhi, sami pejah margi dipun cidra dhateng Aswatama. Prabu Yudhisthira saseduluripun lajeng sami muwun sarta sanget prihatos. Prabu Kresna tansah amituturi supados sampun ngantos sami sanget prihatos, awit ingkang sami pejah wau sampun kalebet ing pepesthenipun piyambak. Anunten sami kaget ing rawhipun Bagawan Abiyasa, ingkang eyang prabu Yudhisthira, boten wonten ingkang sumerep ing sangkanipun, awit Bagawan Abiyasa wau sampun gentur ing tapanipun, sampun prasasat dewa. Ingkang sami muwun lajeng sirep, enggal sami ngabekti dhateng ingkang saweg rawuh. Bagawan Abiyasa nunten amituturi dhateng para wayahipun kang sami prihatos, sami angicalna prihatosipun, awit tanpa damel yen kagaliha, sarta sampun kalebet ing papesthenipun. Kaliyan sami kapurih angestokna sarta anglampahana ing sabarang parentahipun Prabu Kresna, amesthi badhe manggih kamulyaning pejah, balik ingkang boten sami anglampahi, saestu badhe manggih sangsaraning pejah, sabab Prabu Kresna punika titisipun Bathara Wisnu, mila prayogi yen dipun enuta, Sanajan dewa ing Suralaya inggih ugi boten wonten purun ambadali ing parentahipun Bathara Wisnu. Para wayah tuwinkang sami prihatos, ing sakala sami ical ing kaprihatosanipun. Bagawan Abiyasa lajeng pamiit, musna saking ing ngriku.

Anunten wonten bala kang amratelakaken ing panggenanipun Aswatama, wonten ing dhukuh satengahing wana, Karpa kaliyan Kartamarma inggih tumut wonten ing ngriku. Prabu Kresna sarta Prabu Yudhisthira lajeng bidhal lan sabalanipun, sumeja anglurug Aswatama. Dhukuh praptanipun Aswatama sampun kinepang sarta sinurakan. Aswatama, Karpa, Kartamarma sami medal amethukaken perang. Aswatama angaya-

taken jemparing, anama Cundhamanik, wasiyat saking bapa-
kipun kang nama Pandhita Druna. Sareng kawawas medal latu
ageng, Prabu Kresna enggal ngatag dhateng Arjuna, anangkisa
jemparing latu wau. Arjuna lajeng amawas jemparing Pasopa-
ti, inggih medal latu ageng. Atempuh sami latu. Saking agenging
latu urubipun sundhul ing Suralaya. Para dewa sami kageger-
an, Bathara Guru enggal angutus Sang Hyang Narada, andhawa-
haken deduka dhateng kang perang, awit purun-purun amedala-
ken jemparing latu. Sang Hyang Narada nunten tumurun, ing-
kang sami perang kadhawahan angrucuta jemparingipun, awit
jemparing kekalih punika sami dadameling Suralaya, boten ke-
nging yen kaanggeya wonten ing Marcapada, amesthi badhe ang-
risakaken. Arjuna sasampunipun angracut jemparingipun latu,
nunten matur dhateng Sang Hyang Narada, milanipun purun
anglepasaken jemparingipun, awit saking parentahipun Pra-
bu Kresna, kinen anangkis. Sang Hyang Narada sareng mireng
sanget suka ing galih, sarta angapunten dhateng Arjuna. Sang
Hyang Narada lajeng andhawahaken deduka dhateng Aswata-
ma, dene purun-purun anglepasaken jemparing Cundhama-
nik, sabab punika peparangipun Bathara Guru dhateng Pandhi-
ta Druna, sarta sampun kawaleran, boten anglilani yen kaang-
geya perang. Atur wangsulanipun Aswatama, mila purun angle-
pasaken Cundhamanik, amung kadamel angajrih-ajrihi kema-
won, sabab sumerep yen latuning Cundhamanik wau boten
purun ambesmi ing tiyang kang boten sumeja sikara. Sang
Hyang Narada inggih lajeng angapunten dhateng Aswatama,
nanging jemparing Cundhamanik kapundhut, lajeng kaparinga-
ken dhateng Arjuna, inggih sampun katampen. Anunten Pra-
bu Kresna matur dhateng Sang Hyang Narada, boten pareng
yen angapuntena dhateng Aswatama, sabab sampun anglampa-
hi kadursilan, anyidra Dewi Srikandhi, kalih Pancawala, tiga
Drusthajumena. Ingkang dados karsanipun Prabu Kresna, ben-
jing yitmanipun Aswatama kalebetna ing naraka salaminipun,
ing mangke boten kapejahan, awit dereng mangsanipun. Ben-
jing putranipun Abimanyu kang nama Prabu Parikesit, puni-
ka kang badhe amejahi Aswatama, nanging samangke taksih

wonten ing wawratan. Dene yitmanipun Kartamarma katitis-na dhateng sawarnipun kang asih ing bebanger. Amung Karpang kang dipun apunten, sabab boten andarbeni manah kadursilan piyambak, amung kapeksa saking ajrihipun dhateng Aswatama, ing mangke taksiha anglulusaken genipun darbe lampah kapandhitan. Sang Hyang Narada tuwin para dewa inggih sami amiturut angestokaken ing karsanipun Prabu Kresna, nuntèn sami mumbul wangsul dhateng Suralaya.

Prabu Kresna kaliyan Prabu Yudhisthira sabala Pandhawa, tuwin para ratu sesuruhan, lajeng sami bidhal lumebet ing negari Astina, sarta amboyong Dewi Banowati. Pasanggrahaning Kurusetra sampun kabibaraken, raja-brana ing negari Astina sampun sami kacacahaken. Arjuna lajeng kadhaupaken kaliyan randhanipun Suyudana kang nama Dewi Banowati. Sarehning Arjuna sanget ashipun ing tiyang estri, dados gegaduhanipun jemparing Cundhamanik kapundhut ing Prabu Yudhisthira.

Prabu Kresna nunten anjumenengaken nata ing Prabu Yudhisthira wonten ing negari Astina, kaestrenan dening Prabu Baladewa sarta para ratu sesuruhan, tuwin para jawata ing Suralaya inggih sami tumurun angidini jumenengipun nata. Kala pafjenenganipun Prabu Yudhisthira negari ing Astina sakalangkung arja, titiyangipun sami suka, boten wonten kang pinalang galih, awit kareksa dening Prabu Kresna kaliyan Arjuna. Bilih wonten ingkang alampah dora-cara enggal kapapas, ingkang bodho kaserepaken, ingkang musakat kaparingan dana lumintu, mila sanget kaeringan dening mengsah. Sareng sampun lestuntun jumenengipun nata Prabu Yudhisthira, Prabu Baladewa, kaliyan Ratu ing Wiratha, ing Cempala, tuwin para ratu sane-sipun, lajeng sami pamit mantuk dhateng negarinipun piyambak-piyambak, amung Prabu Kresna kang taksih anenggani wonten ing Astina.

T A M A T

GANCARING
CARIYOS RAMA

Ing negari Ngayodya wonten ingkang jumeneng ratu, ajejuluk Dhasarata, sudibya saha mungkul dhateng ing agami, putus dhateng ing sastra, tuwin dhateng sawarnining kawruh, asih dhateng para abdinipun, ingkang tan pegat asring kaganjar. Wondening ingkang kagalih amung isarat, ingkang kenging andadosaken karahjaning negarinipun. Sang Nata kagungan garwa tetiga, anama Dewi Ragu utawi Sukasalya, kalih Dewi Sumitra, tiga Dewi Kekayi. Prabu Dhasarata boten kagungan putra, saha sanget kapenginipun apeputra kakung, ingkang katitisan ing Bathara Wisnu. Lajeng animbali Pandhita satunggil, anama Bagawan Wasistha, kakarsakaken ambudi isarat kasembadaning puji sagedipun apeputra kakung. Pamrayoginipun Bagawan Wasistha, Sang Nata asidhekaha dhumateng para dewa, inggih punika ingkang minangka isarat kadugening karsanipun Sang Prabu. Pirembagipun Bagawan Wasistha makaten wau lajeng linampahan. Lami-lami garwa tetiga wau sami ambobot, ingkang ambabar rumiyin Dewi Sukasalya, miyos kakung, kaparingan nama Rama. Anunten Dewi Kekayi ambabar kakung, kaparingan nama Brata. Lajeng Dewi Sumitra apeputra kakung, kaparingan nama Lasmana. Boten antawis lami Dewi Sumitra wau ambabar malih kakung, kaparingan nama Satrugna.

Raja-putra sakawan wau sasampuning diwasa, lajeng kapasrahaken dhumateng Bagawan Wasistha, supados kawulanga ing sawarnining kawruh, saha kadigdayan tuwin lampah-lampahing perang. Sareng sampun sami putus dhateng ing ngelmi ingkang winulangaken sadaya, lajeng kabekta kondur dhumateng kadhatonipun ingkang rama. Wonten ing ngriku putra sakawan wau komuk ing kawignyan saha kadigdayanipun.

Kacariyos wonten empuning para pandhita, anama Bagawan Yogiswara, akaliyan Bagawan Mitra, sami sowan anyuwun pitulung dhumateng Prabu Dhasarata, amargi pratapanipun karesahan ing danawa, balanipun Prabu Dasamuka ing Ngalengka. Panyuwunipun pandhita kekalih wau, putranipun Sang Nata ingkang nama Rama kaparingana, supados anyirnakna sawarnining danawa, ingkang angresahi wau. Ing ngajeng Sang Nata boten pareng, awit putranipun kagalih taksih katimuren, dereng kuwawi amengsah danawa. Ananging sareng pandhita kekalih wau anyerepaken ing wajibing

ratu, amitulungi ing kasusahan, Sang Prabu lajeng pareng, putrani-pun ingkang nama Rama kabektakaken dhateng pandhita kecalih wau, Raden Laksmmana tumut dhateng ingkang raka.

Sadhatengipun ing redi pratapanipun sang pandhita kecalih wau, sakathahing pandhita ingkang adhedhepok wonten ing ngriku, sami suka bingah, sarta amulang ing sawarnining ngelmu dibiya dhateng Rama, akaliyan Laksmmana, punapa dene anyasahi jemparing. Anunten sakathahing danawa, ingkang angresahi pratapan, sami katumpes dening raja-putra kecalih, namung satunggil anama Marica ingkang boten pejah, katut kabekta ing jemparing braja, dhawah wonten pinggiring seganten. Ing mangke sampun sirna reribedipun para pandhita, ingkang adhedhepok wonten ing redi wau.

Sasirnanipun danawa ingkang sami angresahi pratapan, para pandhita amirembagi dhumateng Rama, kapurih lumampaha dhumateng negari ing Mantili, ingkang dipun ratoni dhumateng Prabu Janaka. Punika kagungan putra estri satunggil, ayu tanpa sisihan, anama Dewi Sinta. Sampun kathah para ratu tuwin para satriya ingkang sami nglamar, nanging Dewi Sinta anampik. Ewadenten sang dewi karsa ugi akrama, manawi wonten ingkang kuwawi amenthang gandhewa wasiyat saking Sang Hyang Girinata, ingkang dumunung wonten ing kadhatonipun ingkang rama, Inggih ugi sampun kathah para ratu tuwin para satriya, ingkang angayoni badhe menthang gandhewa wau, ananging boten wonten ingkang kuwawi. Mila Rama kapurih dhumatenga ing Mantili, awit kagali kuwawi amenthang gandhewa wau, sarta badhe anggarwa Dewi Sinta.

Rama angestokaken pitedahipun para pandhita, lajeng lumampah dhateng negari ing Mantili, akaliyan ingkang rayi Raden Laksmmana. Sadhatengipun ing Mantili, tumunten kauningan ing Sang Prabu Janaka, yen wonten tiyang kecalih dhateng, badhe angayoni menthang gandhewa dibiya. Sareng satriya kecalih sampun sami kasowanaken ing ngarsanipun Prabu Janaka, Sang Nata lajeng amaringaken gandhewa dibiya dhumateng Rama. Gandhewa pinenthang dhumateng Rama lajeng tikel, andadosaken gumunipun ingkang sami aningali sadaya. Sasampuning Prabu Janaka sumerep,

yen Rama akaliyan Laksmāna sami putranipun Prabu Dhasarata ing Ngayodya, enggal anglampahaken utusan dhumateng ing Ngayodya, angaturi Prabu Dhasarata, supados anjenengi pikramanipun Rama angsal Dewi Sinta. Prabu Dhasarata lajeng bidhal dhateng ing Mantili. Sareng Rama sampun kadhaupaken akaliyan Dewi Sinta, Prabu Dhasarata pamit dhumateng Prabu Janaka, kundur dhumateng ing Ngayodya, putra sakaliyan saha putra mantu sami andherek.

Anunten wonten pandhita ageng inggil medal saking wana, anama Bagawan Jamadagni, utawi Rama-Bargawa, ambekta gandhewa satunggil, agengipun sauwiting tal, amurugi dhumateng Rama, kapurih amenthanga gandhewanipun wau, yen Rama kuwawi amenthang, Bagawan Jamadagni narimah yen kawastanan kawon dening Rama, bilih boten kuwawi amenthang Rama narimaha kawastanan kasoran dening sang pandhita. Gandhewa katampen dhumateng Rama, kapenthang lajeng tikel, andadosakan kaget saha eramipun sang pandhita. Anunten Bagawan Jamadagni sumangka pangawak braja, anunggil para dewa ing Suralaya. Prabu Dhasarata andumugekaken lampah, rawuh ing negari Ngayodya.

Prabu Dhasarata lajeng kagungan karsa, badhe aseleh kaprabon dhumateng putranipun ingkang nama Rama, kasupen yen ingkang wau sampun aprajangji dhumateng Dewi Kekayi, saderengipun kagarwa. Prajangjinipun, ingkang manawi Dewi Kekayi apeputra kakung akaliyan Sang Nata, punika ingkang badhe kagentosan dados ratu. Sareng Rama sampun kajumenengaken ratu, Dewi Kekayi angundhat-undhat saha anagih jangji dhumateng Sang Nata, anyuwun pangangkatipun Raden Brata, angasta kaprabon ing Ngayodya, saha anyuwun kesahipun Rama saking negari. Prabu Dhasarata sanget prihatos ing galih, amidhangetaken aturipun ingkang garwa wau. Ewadanten inggih anuruti panyuwunipun, Raden Brata kajumenengaken ratu, Rama kadhawahaken kesah saking negari Sang Nata saking sekeling galih, adalem wonten patamanipun ing kadhaton.

Rama angestokaken dhawuhipun ingkang rama, lajeng kesah saking negari, akaliyan ingkang garwa, Raden Laksmāna andherek, lampahipun anjujug ing wana ageng, para abdi ing Ngayodya kathah ingkang sami andherek. Dumugi ing dalu sami lereb wonten

ing wana. Sareng lingsir dalu, sarta para abdi dalem ingkang andherek wau sampun sami tilem sadaya, Rama lolos saking wana, akaliyan Dewi Sinta, punapa dene Raden Laksmmana. Sareng injing para abdi sami angupadosi, ananging boten pinanggih, lajeng sami wangsul dhateng negari.

Prabu Dhasarata ing sakesahipun ingkang putra, boten kuwawi anandhang prihatosing galih, lajeng seda. Sasampuning layon karesikan saha kabesmi, Raden Brata angundhat-undhat dhumateng ingkang ibu, awit dados jalaraning sedanipun ingkang rama. Raden Brata boten karsa jumeneng ratu, lajeng tindak dhumateng wana, sumedya angupadosi ingkang raka, badhe kaaturan jumeneng ratu. Sareng srengenge serap, lampahipun dumugi ing pratapanipun pandhita satunggil, wonten ing ngriku nyare sadalu, sarta amundhut pitedah dhateng sang pandhita, menggah panggenanipun ingkang raka. Atur wangsulanipun sang tapa, yen Rama wonten ing redi Kutha Runggu, apuruhita dhateng pandhita linuwih.

Enjing Raden Brata mangkat saking pratapan, anjujug redi ing Kutha Runggu, kapanggih kaliyan ingkang raka. Sasampuning amratelakaken bab sedaning rama, ingkang raka lajeng kaaturan kundur, sarta jumeneng ratu wonten negari ing Ngayodya, nanging Rama anampik aturing rayi malah ingkang rayi kapurih kundura, saha angastaa kaprabon. Raden Brata ajrih mopo ing rehipun sadherek sepüh. Sareng sampun kawulang dhumateng Rama pratikelipun jumeneng ratu, Raden Brata lajeng kundur dhumateng negari ing Ngayodya, saha angasta kaprabon.

Sakunduripun Raden Brata, Rama kaliyan ingkang garwa, tuwin Raden Laksmmana, sami tedhak saking redi ing Kutha Runggu, sumedya dhateng redi ing Dhandhaka. Wonten ing margi kapethuk kaliyan danawa ageng, anami Wiradha, panunggilaning balanipun Prabu Dasamuka ing Ngalengka, damelipun asring amemejahi, punapa dene angaru-biru dhumateng para pandhita. Pun Wiradha wau lajeng dipun pejahi dhumateng Rama.

Rama andumugekaken lampah, angampiri pratapanipun pandhita satunggil, anama Bagawan Yoga. Sang Bagawan Yoga wau enggenipun tapa alit mila, ingkang tinedha ing tapa, icala sakathahing lampah resah, ingkang saking pandamelipun Prabu Dasamuka

ing Ngalengka, ingkang adamel susahipun ing sabumi. Bagawan Yoga wau amethuk rawuhipun Rama, sarta agadhah pitedah, Rama kapurih dhumatenga ing dhepokipun pandhita, ingkang anama Sutiksna. Sasampuning amituturi Bagawan Yoga lajeng obong.

Rama sakalangkung ngungun aningali pandhita obong, tumunten andumugekaken lampah, kendel wonten ing dhepokipun Bagawan Sutiksna. Wonten ing ngriku anggeguru ngelmu ngantos lami. Sareng sampun anyakep sakathahipun ingkang winulangaken, Rama lajeng pamit dhateng sang pandhita. Alumampah malih, angger wonten pratapan dipun kendeli. Sasampuning apuruhita dhateng para pandhita ingkang sami tapa, lajeng andumugekaken lampah, wusana rawuh ing redi Dhandhaka, andadosaken suka bingahipun para pandhita, ingkang sami tapa wonten ing redi Dhandhaka wau, amargi praptanipun asring dipun resahi ing danawa, anamtokaken yen raja-putra kekalih saged anyirnakaken reribidipun.

Kacariyos wonten danawa estri, sadherekipun enom Prabu Dasamuka ing Ngalengka, awasta Sarpakanaka, punika kautus dhumateng ingkang raka wau, amariksani redi ing Dhandhaka. Sadumuginipun ing redi wau, aningali Rama akaliyan ingkang garwa, punapa dene Laksmmana, Sarpakanaka kasmaran dhateng Laksmmana, lajeng amalih warni estri ayu, supados karemenan, ananging Laksmmana anampik. Sarpakanaka kapurih sowan dhumateng Rama, inggih ugi linampahan, nanging Rama inggih anampik. Sarpakanaka tumunten wangsul dhateng panggenanipun Laksmmana, sarta anggegodha, angangkah dipun remena, duka salebeting galih, lajeng anyandhak irungipun Sarpakanaka, pinutur pegat. Sarpakanaka ngerik sarta nangis, lajeng mumbul saha sesumbar, badhe apratela dhumateng ingkang jaler danawa kekalih, awasta Trimurda akaliyan Karadusana. Danawa kekalih wau sareng dipun wartosi dhateng Sarpakanaka, yen sinikara dhateng Laksmmana, lajeng sami mangkat dhateng redi ing Dhandhaka, angirid bala danawa kathahipun saleksa. Sadhatengipun ing Dhandhaka, saka-thahing danawa wau tumpes dening Rama akaliyan Laksmmana.

Sasirnanipun danawa wau sadaya, Sarpakanaka lumampah

dhumateng negari ing Ngalengka, badhe angunjuki uninga dhumateng ingkang raka, ingkang ajejuluk Dasamuka, utawi Rawana. tetiga, kakung kekalih, estri satunggil, ingkang kakung anama Kumbakarna akaliyan Wibisana, ingkang estri Sarpakanaka wau. Kumbakarna akaliyan Sarpakanaka sami awarni danawa, Wibisana awarni manungsa. Sarpakanaka sadhatenge ing ngarsanipun ingkang raka, lajeng apratela bab tumpesing bala danawa dening Rama saha Laksmmana, punapa dening enggenipun karisak sipatipun dening Laksmmana, sarta anyariyosi, yen Rama kagungan garwa ayu tanpa timbang, pantes kagarwa dhumateng Raja Dasamuka.

Prabu Dasamuka sakalangkung duka amidhangetaken pratelanipun ingkang rayi. Sasampuning anyakecani manahipun ingkang rayi, lajeng tindak dhumateng redi ing Dhandhaka, sumedya males dhumateng Rama. Wonten ing margi angampiri dhangkaning abdinipun danawa, ingkang nama Marica. Sareng sampun anyerepaken ingkang dados karsanipun. Marica kadhawahan andherek. Marica sanget mambeng ing karsanipun. Prabu Dasamuka, sarta angaturaken cariyos bab kadigdayanipun Rama akaliyan Laksmmana. Aturipun Marica boten kadhahar, malah andadosaken dukanipun, Marica badhe kapejahan, enggal anyungkemi padanipun sang nata, rumojong ing sakarsa, saha sagah amalih warni kidang ingkang awulu emas, badhe angleledhek dhumateng Rama akaliyan Laksmmana, kapurih kesaha saking panggenanipun dedunung, supados Dewi Sinta kantuna piyambak, saha kenging kadhustha dhumateng sang nata. Prabu Dasamuka pareng aturipun Marica wau, lajeng tindak dhumateng ing Dhandhaka, Marica andherek awarni kidang.

Sarawuhipun ing Dhandhaka Prabu Dasamuka ampingan kajeng ageng, Marica ingkang amindha warni kidang galibedan caket ing dhepokipun Rama. Dewi Sinta aningali sanget kayungyunipun dhateng kidang wau, ingkang raka lajeng dipun aturi nyepeng Rama anuruti, Laksmmana katilar wonten ing dhepok, arumeksa Dewi Sinta. Kidang kaetutaken lampahipun angantos tebih, tansah angoncati. Dangu-dangu andadoskaken panasing galihipun Rama, lajeng dipun lepassi jemparing kenging. Ungelipun kidang kalanipun kenging jemparing, pamirengipun Dewi Sinta kados Rama asesambat nedha tulung dhateng Laksmmana, Laksmmana la-

jeng kapurih anulungana, ananging boten purun, awit sumerep yen ungelipun kidang, ingkang kenging ing jemparing. Pamoponipun Laksmana andadosaken rengating galhipun Dewi Sinta, ngantos kawiyos pangandikanipun gangsul dhumateng Laksmana, dados kapaksa kesah, anusul ingkang raka.

Sakesahipun Laksmana, Dasamuka amindhha-mindhha ajar, amurugi Dewi Sinta, kacepeng lajeng kabekta mumbul. Prabu Dhasarata kagungan sadherekan ratuning peksi, anama Jathayu, punika mireng pamuwun saha pasambatipun Dewi Sinta wonten ing awang-awang, lajeng anututi sumedya atetulung, kapanggih akaliyan Dasamuka, ngantos pancakara, ananging Jathayu kawon. Dewi Sinta siyos kabekta dhateng Prabu Dasamuka, dumugi negari ing Ngalengka, kadumunungaken wonten ing patamanan salebeting kadhaton, ananging Dewi Sinta sanget ewanipun dhumateng Prabu Dasamuka.

Sawangsulipun Rama ambekta kidang, ingkang sampun pejah kajemparing wau, kapethuk akaliyan Laksmana, dipun dangu sababipun anusul. Laksmana amangsuli ingkang dados pandangu, anunten Rama kundur dhateng dhepokipun. Dewi Sinta pinanggih boten wonten, sanget andadosaken redatosing galhipun Rama, lajeng angupadosi, ananging boten pikantuk lari. Sadangunipun analasah akaliyan Laksmana, Rama aningali peksi ageng kados redi, ngandhukur wonten ing siti, suwiwinipun ical sasisih. Inggih punika Jathayu, ingkang kawon perang akaliyan Prabu Dasamuka. Panggalhipun Rama, inggih peksi wau ingkang dhustha Dewi Sinta, lajeng badhe dipun lepasi jemparing. Jathayu sareng sumerep yen badhe dipun jemparing, enggal matur dhumateng Rama, analaken sakathahing lampah, kalanipun tangled akaliyan Dasamuka, saking enggenipun badhe angrebat Dewi Sinta. Sasampuning telas cariyosipun, Jathayu lajeng pejah. Rama ageng panarimah ing galih dhumateng Jathayu, amargi saking mantepipun amemitra kaliyan Prabu Dhasarata, ngantos awadal umuripun, saking enggenipun sumedya angrebat Dewi Sinta. Bathang peksi lajeng dipun saeni, saha kabesmi.

Sasampuning ambesmi bathanging peksi wau, Rama akaliyan Laksmana lumampah malih, aningali danawa tanganipun panjang,

anama Dirgabahu, Rajaputra kekalih lajeng angunus curiga, tangane danawa tinigas tugel. Danawa wau lajeng malih warni bagus, cahyanipun kados srengenge, acariyos dhateng Rama, yen waunipun dewa, anama Bathara Sri, mila warni danawa, awit anglangkahi wewayanganipun Bathara Guru. Bathara Sri lajeng anyerepaken dhumateng Rama, yen Dewi Sinta kadhustha dhateng Dasamuka, ratu ing Ngalengka, sarta ing tembe Rama badhe kapanggih malih akaliyan ingkang garwa, kalih dening malih Rama kapurih atetulunga dhumateng ratuning kethek, anama Sugriwa, ingkang angadhaton ing guwa Kiskendha. Punika saweg perangan akaliyan sadherekipun sepuh, anama Subali, amargi bojonipun, kapendhet dhateng sadherek sepuh wau. Wondening Sugriwa ing tembe badhe dados kondhangipun Rama, sarta badhe amales sae. Bathara Sri sasampuning ngandika makaten lajeng musna.

Rama akaliyan Laksmana andumugekaken lampah, badhe angupadosi Dewi Sinta, amanggih pratapan satunggil, ingkang tapa wonten ing ngriku peksi, anama Suwaribrangti. Suwari wau sayektosipun dewa. Mila awarni peksi, amargi kasiku ing Bathara Guru, Anunten Rama angwaluyakaken warninipun ingkang sejati. Sasampuning waluya, Suwaribrangti apitutur dhumateng Rama, kados pituturipun Bathara Sri, ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau, lajeng musna minggah dhumateng Suralaya. Anunten Rama akaliyan Laksmana lumampah malih, kendel wonten ing redi Reksamuka.

Ratuning kethek anama Sugriwa, ingkang sampun kacariyos ing ngajeng wau, sarehning kawon perangipun akaliyan sadherekipun sepuh, jengkar saking negari, dedunung wonten ing wana, para bupati tuwin balanipun sami andherek. Menggah namaning para bupati wau punika, Endrajanu, Balisata, Gandamadana, Susenawinata, Wisangkala, Puthaksi, Anala, Gawaksa, Arimenda, Druwenda, Wreksaba, Danurdara, Darimuka, Sampati, Keswari, Drugama, Bimamuka. Inggih dados pinisepuhing bupati anama Anila, Kapijembawan, saha kapenakanipun Sang Prabu, awasta Anoman, inggih nama Ramadayapati, utawi Bayusuta. Anoman wau putranipun Dewi Anjani, warninipun kethek.

Prabu Sugriwa angsal sasmitaning dewa, kapurih anedha api-

tulung dhumateng Rama akaliyan Laksmana, ingkang dedunung wonten ing redi Reksamuka, inggih punika ingkang saged anyirnakaken prihatosipun. Prabu Sugriwa lajeng angutus kapenakani-pun, ingkang nama Anoman, kapurih sowana saha angaturana Rama akaliyan Laksmana dhumateng ing pasanggrahanipun Sang Prabu. Anoman lajeng lumampah, kapanggih akaliyan rajaputra kekalih, saha amratelakaken preluning dhatengipun. Rama pareng dipun aturi, lajeng tumut ing salampahipun Anoman, kapanggih akaliyan Prabu Sugriwa. Prabu Sugriwa anunten anyariyosi dhumateng Rama nalar enggenipun memengsahan akaliyan s. dherekipun sepuh, ingkang nama Subali, saha anyuwun pitulung dhumateng Rama, amargi kawon perangipun. Rama sagah amitulungi, lajeng manjing mitra akaliyan Prabu Sugriwa.

Anunten Prabu Sugriwa akaliyan Rama tuwin Laksmana bi-dhal dhateng negari Guwa-Kiskendha. Sakathahing bala kethek sami andherek. Sadhatengipun ing Guwa-Kiskendha, Sugriwa lajeng anyumbari ingkang raka, kapurih medala, sarta angabena kadigdayan. Subali amedali, lajeng pancakara akaliyan Sugriwa, Rama tansah aningali kemawon, boten saged atetulung, amargi saking jumbuhing warninipun ingkang sami tangled, dados sanget kaweken ing galih enggenipun badhe anglepasi jemparing, mbok manawi kalintu kenging Sugriwa. Dangu-dangu Sugriwa kasoran perangipun, lumajeng dhumateng panggenanipun Rama, saha pi-taken sabab dening punapa boten anulungi. Rama anyerepaken ingkang dados sabab. Sugriwa kapurih anganggeya tetenger gegodhongan, supados sampun ngantos katawur, kados ingkang sampun kalampahan. Sugriwa angestokaken dhawahipun Rama. Sasampuning angangge tetenger gegodhongan, lajeng perangan malih akaliyan Subali, tumunten Rama anglepasi jemparing dhumateng Subali, kenging dhadhanipun lajeng pejah, anunten Sugriwa angentosi ingkang raka jumeneng nata.

Prabu Subali atilar putra kakung, anama Anggada, kapendhet putra dhumateng Rama, anunten Prabu Sugriwa sagah andherek Rama, badhe anglurug dhumateng negari ing Ngalengka, nanging sarehning panuju mangsa rendheng, Prabu Sugriwa ubanggi pang-lurugipun benjing ing mangsa katiga. Rama amarengi, lajeng pamit

saha adedunung wonten ing redi Malihawan, akaliyan ingkang rayi Raden Laksmāna.

Sareng sampun numpak mangsa katiga, Prabu Sugriwa boten dhateng ing redi Malihawan, Rama lajeng angutus Raden Laksmāna, kakarsakaken animbali Prabu Sugriwa. Prabu Sugriwa enggal mangkat sabalanipun. Sadhatenge ing ngarsanipun Rama, lajeng anyuwun pangapuntan, anuntan Rama anyarah sapamrayoginipun Prabu Sugriwa, bab badhe panglurugipun dhumateng negari ing Ngalengka. Prabu Sugriwa lajeng andhawahaken parentah dhumateng Anoman, kapurih lumampaha dhumateng negari ing Ngalengka anjajep Dewi Sinta, wontenipun ing Ngalengka akaliyan botenipun. Rama ambektani sesupe dhumateng Anoman, minangka pratandha, yen saestu utusanipun, sampun ngantos kapai-ben dhumateng Dewi Sinta. Anoman lajeng mangkat, akanthi Anggadha, Anila, saha Kapijembawan, sami ambekta prajurit nyakethi, lampahipun sami medal ing awang-awang. Sareng Anoman sampun mangkat, Prabu Sugriwa lajeng andhawahaken parentah dhumateng bupati kethek sakawan, kakarsakaken angupadosi Dewi Sinta. Bupati sakawan wau enggal mangkat, ambekta bala nyatus kethi, lampahaipun sami peperangan.

Lampahipun Anoman sakanca saha balanipun dumugi ing redi Warawindu. Wonten ing ngriku sami aningali guwa, lajeng dipun lebeti. Ingkang wonten salebeting guwa wau tiyang estri satunggil, ayu taksih prawan, anama Sayempraba, punika apitaken dhateng bala kethek, menggah ing damelipun lumebet dhateng ing guwa. Ingkang tinakenan amangsuli, yen kautus ing ratunipun dhumateng negari ing Ngalengka, angupadosi Dewi Sinta. Dewi Sayempraba wau putranipun ratuning danawa, anama Wisakarma, patutan saking Dewi Meru. Wondening guwa ingkang dipun enggeni ing Dewi Sayempraba, kala waunipun kadhaton, yasanipun Prabu Wisakarma wau anama kadhaton Uparengga. Mila salin warni, awit Prabu Wisakarma kadukan dhumateng Bathara Endra, sabab dening pasang rakit punapa dene rerengganing kadhaton ing Uparengga wau, anyameni kadhaton ing swarga. Saking sangeting dukanipun Bathara Endra, kadhaton ing Uparengga kalepasan jemparing barat, lajeng salin warni dados guwa.

Dewi Sayempraba sareng sumerep saking pratelaning bala kethek, yen sami kautus dhumateng ing Ngalengka, lajeng sumedya anyupet lampahipun, sampun ngantos saged dumugi negari ing Ngalengka. Sawarnining kethek dipun paeka, kapurih sami medala saking guwa, badhe winulang isaratipun, supados enggala dumugi ing negari ingkang sineja. Sakathahing kethek sami suka bingah sami medal saking guwa, lajeng kapurih merema sadaya, inggih punika isaratipun enggal saged dumugi negari ing Ngalengka. Sareng linampahan wulangipun, sawarnining kethek lajeng cadhok, andadosaken sanget ing prihatosipun. Boten antawis dangu anunten wonten peksi ageng dhateng ing panggenanipun kethek ingkang sami cadhok wau, anama Sampati, sadherekipun sepuh Jathayu. Sareng sumerep yen Anoman sakancanipun utasanipun Rama, lajeng kasirnakaken memalanipun, dalasan balanipun inggih kawaluyakaken sadaya. Anunten Sampati anyumerepaken dhumateng Anoman, margi ingkang dhumateng negari ingkang dhumateng negari ing Ngalengka. Anoman sabalanipun lajeng mangkat.

Lampahipun Anoman kendel wonten ing pinggiring seganten. Rembagipun Anggada, Anoman kapurih lajenga dhumateng negari ing Ngalengka, Anggada sakancanipun badhe angentosi wonten pinggiring seganten. Anoman amrayogekaken, lajeng mangkat angambah awang-awang, wonten ing margi kapethuk akaliyan danawa ageng, anama Kathakini, padamelipun gogo, Anoman lajeng kauntal, ananging sareng sampun wonten ing wadhuk Anoman melar anyuwak wetengipun Kathakini. Anoman medal saking weteng, Kathakini pejah dhawah ing seganten.

Anoman andumugekaken lampah, aningali pulo wonten satengahing seganten, anama Pulo ing Menaka, akathah tetanemanipun woh-wohan warni-warni. Pulo wau anyuwara saha angampiraken Anoman, kapurih kendela sakedhap, Anoman anuruti. Sasampuning anedha woh-wohan pasegahipun Menaka, lajeng mangkat. Anunten kapethuk akaliyan danawa satunggil, tanganipun panjang, anama Wikathaksini, padamelanipun gogo dhumateng seganten. Sareng aningali Anoman, lajeng anyander, Anoman dipun cepeng badhe kauntal. Sampun kalebet ing gulu, Anoman

enggal anyuwak gurungipun Wikathaksini, dados ing pejahipun.

Lampahipun Anoman sampun anglangkungi seganten, dumugi ing redi Suwela, aningali danawa kathah sami aleledhang. Anoman lajeng anyalimpet, angentos seraping srengenge enggenipun badhe lumebet dhateng negari ing Ngalengka. Sareng sampun peteng, Anoman lumebet dhateng ing kadhaton. Dangu mubeng-mubeng angupadosi panggenanipun Dewi Sinta, ananging boten pinanggih. Anunten Anoman amalih warni danawa, supados sampun pakewed enggenipun anjajah salebeting kadhaton, angupadosi Dewi Sinta. Sareng sampun dangu enggenipun analasah, wusana dumugi ing gedhong pasareyanipun Prabu Dasamuka, Sang Nata saweg sare. Ing ngriku Dewi Sinta kaupadosan inggih boten wonten Anoman lajeng medal, anjog dhateng patamanan, anama Taman Soka.

Wonten ing Taman Soka Anoman singidan ing uwit ageng. Pangangkahipun yen sampun dalu badhe lumebet malih dhumateng kadhaton, andumugekaken enggenipun angupadosi Dewi Sinta. Boten antawis dangu mireng swaranipun tiyang estri asesambat Rama. Anoman malumpat dhateng ing uwit nagasari, aningali ing ngandhap wonten tiyang estri ayu kera, saha saweg anangis, ciptanipun inggih punika Dewi Sinta. Anunten Prabu Dasamuka rawuh ing Taman Soka, angarih-arih Dewi Sinta, Supados dhangana anglampahi karsanipun, ananging Dewi Sinta boten keguh ing manisipun Sang Nata, malah sanget enggenipun anguwus-uwus, ngantos adamel lingsem saha dukanipun Prabu Dasamuka. Sang Nata angunus candrasa, angajrih-ajrihi dhumateng sang dewi, ananging Dewi Sinta tatag. Anunten Sang Nata kundur, sarta andhawahaken parentah dhumateng danawa tigang atus, kapurih anggegirisa dhumateng Dewi Sinta. Prabu Dasamuka kagungan kapenakan estri, putranipun Wibisana, anama Dewi Trijatha, punika ingkang kakarsakaken arumeksa saha angladosi Dewi Sinta wonten ing Taman Soka. Sareng danawa tigang atus wau dhateng ing Taman Soka, badhe anggegila Dewi Sinta, sami dipun dukani sarta kaunduraken dhumateng Dewi Trijatha. Danawa sadaya sami ajrih lajeng mundur. Anunten Dewi Sinta anyariyosi dhumateng Dewi Trijatha, ingkang dados bebuka mila Rama katundhung dhumateng ing wana. Pangandikanipun Dewi Sinta, amilalah pejah, yen boten

saged kapanggih malih akaliyan Rama. Satelasing cariyos, lajeng sami lumebet ing gedhong asemedi.

Anoman lajeng ngatingal ing ngarsanipun Dewi Sinta, apratela yen kautus dhumateng Rama, angupadosi ingkang garwa, wontenipun ing negari Ngalengka akaliyan botenipun. Anunten Anoman angutaraken bebektanipun sesupe dhumateng ing Dewi Sinta, Dewi Sinta anampeni, saha lajeng pitajeng ing aturipun Anoman. Anoman anunten nyariyosi dhumateng Dewi Sinta, bab lampahanipun Rama, kalanipun pepanggih saha lajeng manjing mitra akaliyan ratuning kethek, ingkang ajejuluk Sugriwa, saha bab prihatosipun enggene kaicalan garwa. Satelasing cariyosipun, Dewi Sinta lajeng angulungaken kancing ukel saha serat dhumateng Anoman, kapurih angaturna dhumateng Rama, minangka pratandha yen Dewi Sinta taksih wilujeng. Anoman sasampune anampeni kancing ukel akaliyan serat, lajeng pamitan dhumateng Dewi Sinta, saha langkung suka bingah ing manah, awit lampahipun angsal damel. Sawedalipun saking gedhong panggenanipun Dewi Sinta, Anoman sumedya adamel pepucuking perang, Enggal lumebet ing Taman Soka, angrisak sawarnining tetaneman, ngantos katur kaulangan ing Sang Prabu Dasamuka. Sang Nata enggal andhawaken parentah dhumateng abdi danawa sakethi, andikakaken amejahi kethek pethak, ingkang angrisak patamanan. Danawa sakethi wau sadhatengipun ing patamanan, lajeng sami angangkah nyepeng dhumateng Anoman, ananging boten kening, malah danawa kathah ingkang pejah dening Anoman. Sareng katur ing Sang Prabu, lajeng anglampahaken danawa malih, kathahipun angungkuli ingkang sampun, ananging inggih sami tumpes sadaya dening Anoman, andadosakan sanget ing dukanipun Sang Prabu. Lajeng adhawuh dhumateng putranipun kakung, ingkang anama Raden Saksa, kapurih angirida danawa kathah, saha dhumatenga ing Taman Soka, amejahana kethek pethak, ingkang angrisak patamanan. Raden Saksa enggal lumampah dhumateng ing Taman Soka, angirid prajurit danawa kathah. Sadhatengipun ing patamanan, Raden Saksa saha sakathahing prajurit danawa sami anglepasi jemparing dhumateng Anoman, ananging boten wonten ingkang anedhasi, wusana Raden Saksa sabalanipun sami pejah dening

Anoman. Sareng katur ing Sang Prabu Dasamuka bab pejahing putra saha tumpesing prajurit danawa, sakalangkung andadosaken dukanipun, lajeng andhawahaken parentah dhumateng putranipun kakung, ingkang nama Raden Indrajit, utawi Megananda, kapurih amejahana kethek pethak, ingkang agempur Taman Soka. Raden Indrajit lajeng lumampah, angirid bala danawa kathah. Sareng sampun kathah enggenipun anglepasi jemparing, saha boten wonten ingkang tumama dhumateng Anoman, punapa dene bala danawa sampun kathah ingkang pejah, Raden Indrajit lajeng anglepasaken jemparing linuwih, kenging pupunipun Anoman butul. Tumunten kasusulan jemparing Naga, anggubed badanipun Anoman, Anoman dhawah ing siti, lajeng kabekta dhumateng ngarsanipun Prabu Dasamuka.

Sareng Anoman kasowanaken ing ngarsanipun Prabu Dasamuka, Sang Nata sanget duka, Anoman badhe kapejahan, ananging Wibisana boten amrayogekaken, awit pamanahipun nistha, yen panjenenganing ratu amejahana utusan. Anoman ing batos angalem dhumateng Wibisana, lajeng anguwus-uwus dhumateng Sang Nata, bab nisthaning kalakuanipun, amargi andhustha dhumateng Dewi Sinta. Pamrayoginipun Anoman dhumateng Sang Prabu, Dewi Sinta kawangsulna dhumateng Rama, supados sampun ngantos andadosaken risakipun negari ing Ngalengka. Prabu Dasamuka sareng midhangetaken panguwus-uwusipun Anoman, sakalangkung dukanipun, lajeng andhawahaken parentah, Anoman kapurih kabuntela ing eduk sarta kambengan, tumunten kasirama ing lisah, lajeng kabesmi. Dhawahipun Sang Nata kalampahan. Anoman sareng sampun kabuntel ing eduk saha kambengan, punapa dene kasiram ing lisah, tuwin kabesmi, lajeng mumbul dhateng awang-awang, godhi kakirigaken rantas, latu ngreda ambesmi kadhaton ing Ngalengka, saha kathah danawa ingkang pejah dening latu. Anoman wilujeng, lampahipun badhe mantuk angampiri Dewi Sinta sakedhap. Sasampuning anyariyosaken panganggepipun Dasamuka, Anoman lajeng mumbul ing awang-awang, sumedya mantuk saha sowan ing ngarsanipun Rama, kapanggih akaliyan kancanipun, ingkang angentosi wonten pinggiring seganten, lajeng anyariyosaken sakathahing lampah, salaminipun wonten kadhaton

ing Ngalengka. Satelasing cariyosipun, Anoman sakanca balanipun lajeng bodhol dhumateng redi ing Malihawan, sowan ing ngarsanipun Rama, saha angaturaken kancing ukel, punapa dene serat ingkang saking Dewi Sinta. Sareng bebektan kalih prakawis wau sampun katampen dhumateng Rama. Anoman amratelakaken sakathahing lampah, kalanipun wonten salebeting kadhaton ing Ngalengka. Rama sakalangkung suka pirena ing galih, amidhangetaken pratelanipun Anoman, lajeng andhawahaken parentah, andudut jemparing ingkang tumancep ing pupunipun Anoman.

Anunten Rama bidhal saking ing redi Malihawan, sumedya badhe dhateng negari ing Ngalengka. Prabu Sugriwa sabalanipun andherek. Lampahipun dumugi ing redi Mahendra, wonten ing ngriku Rama amasanggrahan. Redi ing Mahendra wau inggilipun anglangkungi, amunjuli sawarnining redi ing alam-donya, saha kathah woh-wohanipun warni-warni, anuwuki sakathahing bala kethek. Rama ameng-ameng dhateng ing redi Mahendra akaliyan Anoman, ngantos dumugi ing pucak. Saking ngriku negari ing Ngalengka katingal, saha Anoman andedahaken dhumateng Rama prenahipun Taman Soka, panggenanipun Dewi Sinta.

Kacariyos Prabu Dasamuka, ingkang angratoni negari ing Ngalengka, sampun amidhanget pawartos, yen badhe kalurug dhumateng Rama, saha yen Rama sampun masanggrahan wonten ing redi Mahendra. Prabu Dasamuka miyos sineba ing para bupati saha para abdi danawa. Patihipun Sang Nata anama Prahasta. Punggawa tuwin bupatinipun anama Prajangga, Pragasa, Mintragna, Wilohitaksa, Dumraksa, Mahundara, Gathodara, Kampana, Wirupaksa, Putradaksi, Panaksi, Jambumangli, Bajramusthi, Sokasarana. Sadherekipun kakung Sang Nata anama Kumbakarna, ageng saha inggil prasasat redi, sajagad boten wonten ingkang animbangi kadigdayan sarta kasektenipun. Sadherekipun kakung malih anama Wibisana, ambekipun pandhita. Putranipun Sang Nata sami kakung, anama Indrajit, Trisirah, Trikaya, Narantaka, Dewatantaka. Kumbakarna wau putranipun kekalih sami kakung, anama Aswanikumba, akaliyan Kumba-kumba, sami ageng inggil kados redi. Para santana saha para abdi sami sowan ing ngarsanipun Sang Nata amung Wibisana ingkang dereng sowan, awit saweg semadi.

Wibisana sasampuning semadi, lajeng sowan dhumateng ingkang ibu, ingkang saweg angredatos, awit saking resahing kalakuanipun Prabu Dasamuka, amurang leres saha ambek niaya. Karsaning ibu, Wibisana kapurih anggendholana tindakipun Sang Nata, ingkang boten prayogi, saha amangsulana Dewi Sinta dhumateng Rama, supados sampun ngantos andadosaken risakipun negari ing Ngalengka, awit Rama titising Dewa, boten kenging dipun suwawa, sampun saestu Prabu Dasamuka badhe pejah dening Rama.

Wibisana mundur saking ngarsaning ibu, lajeng sowan dhumateng ingkang raka Prabu Dasamuka. Sasampuning lenggah, Sang Nata angandika dhumateng para punggawa danawa, yen negari ing Ngalengka badhe kalurug dhumateng Rama, saha Rama sampun masanggrahan wonten ing redi Mahendra. Para punggawa kadhawahan sami amirantosa sadedamelipun ing perang. Aturipun para punggawa danawa, mengsah ingkang kados Rama boten pantes yen kagaliha dhumateng Sang Nata, awit sakalangkung saking ina saha apes. Kaupamakaken angel ambacuk pisang, tuwin amecah semangka, kaliyan amejahi Rama. Kathah solahipun para danawa, sami angungasaken kawasisanipun angempakaken dedamel, sarta karosan tuwin kawanteranipun. Wibisana anyambung ingandika dhumateng para punggawa danawa, anyerepaken ingkang dados karsanipun Prabu Dasamuka, yen para punggawa boten kantantun purunipun perang, sami kapundhutan pirembag prayoginipun ingkang linampahan. Para punggawa danawa ingkang angapesaken dhumateng Rama wau sami kawelehaken, kala negari ing Ngalengka kadhatengan utusanipun Rama, angamuk wonten ing Taman Soka, dene kathah danawa ingkang sami pejah, utusanipun kemawon samanten kadigdayanipun, mendah takasektenipun ingkang angutus. Sakendelipun Wibisana angandika dhateng para punggawa wau, Prabu Dasamuka amundhut pirembag, prayoginipun ingkang linampahan, bab dhatenging mengsah, ingkang sampun masanggrahan wonten ing redi Mahendra. Pirembagipun Wibisana, Sang Nata sowana dhumateng Rama, saha angaturna Dewi Sinta. Pamanahipun Wibisana lampah makaten punika boten angesoraken panjenenganipun Sang Nata, malah yen Sang Nata amemitra kaliyan Rama, badhe andadosaken wewahing kaluhur-

anipun karaton ing Ngalengka. Kathah-kathah aturipun Wibisana, ingkang amurih karaharjaning raka saha negari saabdinipun sadaya. Prabu Dasamuka boten amangsuli pangandika, salebeting galih duka dhumateng ingkang rayi.

Anunten eyangipun Prabu Dasamuka anama Bagawan Sumali rawuh, apitutur dhumateng ingkang wayah, yen Rama boten kening dipun suwawa, awit titisipun Bathara Wisnu. Pamrayogining eyang, Prabu Dasamuka amituruta pirembagipun Wibisana. Bagawan Sumali lajeng anyariyosaken bab kadigdayan saha kasektenipun Bathara Wisnu, kalanipun Bathara Guru anitahaken danawa, anama Wreka, punika purun amengsah Bathara Endra, Bathara Endra kasoran, anunten Bathara Wisnu ingkang angawonaken danawa wau. Wonten malih titahipun Bathara Guru, awarni danawa anama Kasipu, pinunjul ing kadigdayanipun, ing jagad tetiga boten wonten ingkang nyameni. Lami lami danawa wau ngrisak Suralaya, para dewa sadaya sami kawon sadaya. Anunten Bathara Wisnu malih warni sima, ajejuluk Bathara Narasinga, angawonaken danawa ingkang nama Kasipu wau. Sakathahing pituturipun Bagawan Sumali boten angeguhaken galihipun Prabu Dasamuka. Ingkang eyang mutung lajeng mundur palarasan.

Sadangunipun Bagawan Sumali apitutur dhumateng ingkang wayah Prabu Dasamuka, Kumbakarna anilingaken. Sareng Bagawan Sumali sampun kesah, Kumbakarna lajeng matur dhumateng ingkang raka, kapurih amituruta ingkang dados pirembagipun Wibisana, ananging Prabu Dasamuka boten andhahar aturipun, malah duka. Kumbakarna mutung lajeng mundur saking ngarsaning raka. Anunten Wibisana matur malih kathah-kathah dhumateng Prabu Dasamuka, kapurih amangsulna Dewi Sinta, saha amemitra akaliyan Rama, awit Rama boten kening dipun suwawa, saha boten sande adamel risakipun negari ing Ngalengka. Prabu Dasamuka sanget duka amidhanget aturipun Wibisana, lajeng jumeneng saking pinarakanipun, andhupak wadananipun Wibisana. Sareng sampun kathah enggenipun anguwus-uwus dhumateng ingkang rayi, lajeng kadhawahan kesah, anunggila kaliyan Rama. Wibisana boten pisan katingal gerah galihipun, amargi dipun dhupak saha dipun uwus-uwus dhumateng ingkang raka, malah taksih sanget ing panggen-

dholipun, amurih karaharjaning raka sanegari santana saha tetiyangipun sadaya. Prabu Dasamuka sangsaya sanget dukanipun, ingkang rayi katundhung malih. Sareng Wibisana aningali, yen Prabu Dasamuka boten keguh dhateng ing pawulang prayogi, lajeng pamit mundur saking pasowan. Dumugi ing jawi awewartos dhumateng balanipun, yen katundhung dhumateng ingkang raka. Sasampunipun wewartos, lajeng mumbul dhateng awang-awang, balanipun sami andherek sadaya, lampahipun mangaler, ingkang sinedya redi Mahendra.

Kacariyos Rama ingkang masanggahan wonten ing redi Mahendra, sakalangkung prihatos ing galih, angenget-enget ingkang garwa. Boten antawis dangu bala kethek sami kaget aningali ing awang-awang, danawa kathah ingkang katingal, inggih punika balanipun Wibisana, Bala kethek sami geger, anarka yen Prabu Dasamuka rawuh badhe anukup Rama. Lajeng sami angaturi uninga dhumateng Rama. Anunten Anoman mumbul dhateng awang-awang, badhe angyektosaken ingkang tinarka mengsah wau, lajeng kapanggih akaliyan Wibisana, saha kapitakenan ingkang dados lampahipun. Wibisana anyariyosaken sakathahing pratingkah, kalanipun amituturi ingkang raka Prabu Dasamuka, boten kadhahar lajeng katundhung, ing mangke sumedya sowan saha angabekti dhumateng Rama. Anoman lajeng angunjuki uninga dhumateng Rama, bab dhatengipun Wibisana, saha amratelakaken ingkang dados bebuka kesahipun saking negari ing Ngalengka, tuwin ingkang dados kaniyatipun badhe suwita dhumateng Rama. Rama sakalangkung suka pirena ing galih, lajeng dhawah angirid Wibisana dhateng ngarsanipun. Sasampuning kerid saha katampen pangabdinipun, anunten kaanggep mitra dhumateng Rama.

Rama lajeng anggalih enggenipun badhe anglurug dhumateng negari ing Ngalengka, ananging boten saged ambudi marginipun, ingkang badhe kaambah ing bala kethek, awit namung pangagenging kethek ingkang saged ngambah awang-awang. Anunten seganten dipun lepas jemparing latu, karsanipun supados asata, lajeng kenginga kaambah ing bala kethek. Seganten sareng kadhawahan jemparing latu utawi brama-astra, toyanipun lajeng panas saha umob. Sakathahipun isen-isening seganten sami kasusahan, amargi

boten betah panasing toya. Anunten Hyang Baruna, dewa ingkang rumeksa seganten, kaget aningali aruharaning seganten saisinipun, lajeng medal saking seganten, badhe sumerep ingkang dados sababipun. Boten antawis dangu aningali kethek kathah, sami wonten pinggiring seganten, wonten ing wingkingipun Rama, ingkang taksih angasta gandhewa. Hyang Baruna anarka Rama ingkang adamel aruharaning seganten, lajeng lenggah sainggiling toya, saha anyembah dhumateng Rama, supados anyirnakna aruharaning seganten, sampun ngantos adamel karisakaning isen-isenipun seganten. Anjawi saking punika, sanajan seganten asata, inggih sanget sungilipun, boten kenging kaambah ing bala kethek. Pratikelipun Hyang Baruna, Rama andhawahna parentah dhumateng sawarnining bala kethek, sami amendheta redinya tunggil, kadamel anambak seganten. Tambak punika ingkang badhe dados marginipun bala kethek, sagedipun nyabarang ing seganten. Rama sareng dipun rerepa dhumateng Sang Hyang Baruna, luntur kawelasanipun, lajeng anglepasaken jemparing toya, kadamel anyirep brama-astra wau. Ing sasirepipun brama-astra, sawarnining isen-isenipun seganten sami bingah, amargi sampun sirna panasing toya seganten. Anunten Hyang Baruna nyembah dhumateng Rama, lajeng silem ing seganten.

Rama lajeng adhawah dhumateng Prabu Sugriwa, kapurih andhawahana sawarnining bala kethek, sami amendheta redi tuwin sela, ingkang badhe kadamel anambak seganten. Bala kethek sareng dipun dhawahi dhumateng Prabu Sugriwa, lajeng sami mangkat peperangan, angusungi redi tuwin sela ageng-ageng, sami kaprenahaken wonten tembinging seganten. Sasampuning bala kethek ingkang kautus angusungi redi tuwin sela wau sami wangsul sadaya anunten bupati kethek satunggil anama Anala, ingkang pinopohan amratikelaken panambakipun ing seganten. Sakathahing redi tuwin sela wau, sami kacemplungaken ing seganten, wusana tambak lajeng dados. Saking eler mangidul notog tembinging seganten, panjanging tambak lampahan pitulikur dinten, wiyaripun lampahan tigang dinten. Anunten Rama andhawahaken parentah, angerig sarta ambidhalaken bala kethek dhumateng ing Ngalengka. Boten antawis dangu lajeng sami bidhal, medal ing tambak deda-

melipun Anala. Lampahipun sampun anyabrang ing seganten, dumugi ing redi Suwela, kaprenah saleripun negari ing Ngalengka. Sakathahing danawa ingkang wonten ing redi Suwela wau sami bibar, amargi saking ajrih dhumateng bala kethek.

Prabu Dasamuka sareng midhanget pawartos, yen seganten sampun katambak dhumateng Rama, sarta balanipun sampun sami nyabrang kendel wonten ing redi Suwela, sanget prihatos ing galih. Sarehning Dewi Sinta boten animbangi sihipun Prabu Dasamuka Sang Nata lajeng adamel paekan, amurih kasembadaning karsanipun dhumateng Dewi Sinta. Menggah paekanipun mekaten: Prabu Dasamuka kagungan abdi beboyongan jaler kekalih kakang adhi, sami bagus warnipun, punika katigas gulunipun, kadamel semang mastakanipun Rama akaliyan Laksmna, lajeng andikakaken ambekta dhumateng ing Taman Soka, sarta andedahaken dhumateng Dewi Sinta, kaawadaken mastakanipun Rama akaliyan Laksmna. Pangangkahipun Sang Nata, bilih Dewi Sinta midhanget yen Rama sampun seda, amesthi mupus, lajeng amiturut ing sakarsanipun Sang Nata. Boten antawis dangu Sang Nata piyambak tedhak dhumateng Taman Soka, awewartos dhumateng Dewi Sinta, yen Rama akaliyan Laksmna sampun kapejahan dhumateng Sang Prabu, sirah kalih wau lajeng kadedahaken. Dewi Sinta sareng aningali sirah kekalih, sanget kaget lajeng anjerit, anginten sayektos yen Rama sampun seda. Ewadanten sang dewi taksih ewa dhumateng Prabu Dasamuka, panyuwunipun mugi kabelakna ing pejahipun Rama, ananging Sang Nata boten anuruti karsanipun sang dewi, malah kathah-kathah pangandikanipun angarih-arih, amurih lunturing sihipun Dewi Sinta. Pangarih-arhipun Prabu Dasamuka andadosaken rengating galhipun Dewi Sinta, ngantos kawiyos pangandikanipun ingkang saru dhumateng Sang Nata. Prabu Dasamuka sanget duka saha lingsem, lajeng kundur saking Taman Soka.

Prabu Dasamuka sakunduripun saking Taman Soka angadhaton, lajeng animbali para nujum, kapurih ambudiya esmu pangasih, saha pangapesaning mengsah. Sakunduripun Sang Nata, Dewi Sinta sanget ing pamuwun saha pasambatipun, anginten yen Rama saestu sampun seda kekah ing cipta badhe obong, ananging Dewi Tri-

jatha putranipun Wibisana anggendholi, saha anyariyosi angsal pawartos, yen Rama sampun rawuh ing negari Ngalengka, amasanggrahan wonten ing redi Suwela, punapa dene yen ingkang rama sampun ambalik, tumut dhumateng Rama. Dewi Sinta sareng amidhanget aturipun Dewi Trijatha, sumedhot galhipun, lajeng mundur enggenipun anungkuli sirah kekalih. Dewi Trijatha anuntèn kautus lumampah dhumateng ing redi Suwela, angyektosaken rawuhipun Rama.

Dewi Trijatha enggal lumampah dhumateng redi Suwela, medal ing awang-awang, kapanggih akaliyan ingkang rama, lajeng anyariyosaken sakathahing pratingkahipun Prabu Dasamuka, enggenipun amurih kadugening karsanipun dhumateng Dewi Sinta, nanging Dewi Sinta kekah ing panampik dhumateng memanisipun Sang Nata, malah sumedya angayut tuwuh sareng kawartos yen Rama sampun seda. Wusana amratelakaken yen kautus dhumateng Dewi Sinta, angyektosaken pawartos wau. Sakathahing pratelanipun Dewi Trijatha kaaturaken dhumateng Rama, sarta Dewi Trijatha inggih kasowanaken dhumateng ngarsanipun Rama. Sareng sang dewi sampun sumerep yektosing doranipun Prabu Dasamuka, bab sedanipun Rama, lajeng kadhawahan mantuk tumunten, supados sageda enggal asuka pawartos dhumateng Dewi Sinta, yen Rama taksih wilujeng wonten ing redi Suwela. Dewi Trijatha lajeng wangsul dhumateng kadhaton ing Ngalengka, apratela dhumateng Dewi Sinta, yen Rama saestu sampun masanggrahan wonten ing redi Suwela, sumedya angrampid kitha ing Ngalengka, saha ing mangke saweg anggalih prayoginipun lampah-lampahing perang. Dewi Sinta sareng dipun wartosi makaten, sakalangkung suka pirena ing galih, sakala sirna prihatosipun, lajeng amuja semedi, anedha ing dewa karaharjanipun ingkang raka, sarta unggulipun ing perang.

Kacariyos Prabu Dasamuka, andhawahaken parentah dhumateng para punggawanipun, amanjer daludag sauruting radinan, sarta ing ngajeng griyanipun para bupati, punapa dene angerig sawarnining bala danawa, kakarsakaken sami pacak baris. Sang Nata lajeng animbali bala danawa satunggil, anama Sukasrana, punika andel-andelipun prabu Dasamuka ing bab lampah sandi,

kadhawahan anelik dhumateng redi Suwela, anacahaken bupati tuwin balanipun Rama. Sukasrana enggal mangkat, medal ing awang-awang. Sadhatengipun ing redi Suwela, lajeng malih warni kethek, anunggil lenggah para punggawa kethek, boten wonten ingkang sumerep. Boten antawis dangu Wibisana sumerep, yen Sukasrana malih warni kethek, anunggil para punggawa, lajeng andhawahaken parentah anyepeng saha ambesta. Sukasrana sasampuning kacepeng sarta kabesta, kasowanaken ing ngarsanipun Rama, kadangu angaken kemawon, yen kautus dhumateng ratunipun, anelik kathah kedhiking punggawa sarta bala kethek. Pirembagipun Wibisana dhumateng Rama, prayogi yen Sukasrana kapejahana, ananging Rama boten karsa, awit panggalhipun nistha, yen ngantos amejahana utusan. Sukasrana lajeng kaluwaran sarta kali-lan mantuk.

Sukasrana sawangsulipun saking redi Suwela, sowan ing ngarsanipun Prabu Dasamuka, amratelakaken lampahipun kautus anyandi wau, tuwin nalikanipun kacepeng. Sasampuning telas aturipun, lajeng anyasosi pirembag dhumateng Sang Prabu, sampun ngantos amengsah Rama, malah kasebut nama utami yen amangsulna Dewi Sinta, supados Sang Nata sampun ngantos amanggih dedukaning dewa, tetepa amengku negari ing Ngalengka. Ananging Prabu Dasamuka boten andhahar sakathahing aturipun Sukasrana, malah andadosaken rengating galihipun.

Kacariyos Rama, ingkang masanggrahan wonten ing redi Suwela, apirembagan akaliyan para punggawa kethek, menggah prayoginipun ingkang linampahan. Pamrayoginipun Rama, badhe angantep karsanipun Prabu Dasamuka, punapa ingkang katartamtokaken, anyiyosaken perang, utawi bedhami lajeng amangsulaken Dewi Sinta. Wondening ingkang pinilih lumampah dhumateng Ngalengka, sowan ing ngarsanipun Prabu Dasamuka, putranipun Prabu Subali ingkang sampun seda, anama Anggada. Anggada sareng sampun anampeni dhawah, enggal mangkat dhumateng Ngalengka, sowan ing ngarsanipun Prabu Dasamuka, saha amratelakaken lampahipun kautus wau. Prabu Dasamuka kekah boten karsa amangsulaken Dewi Sinta, amilalah perang akaliyan Rama. Anggada lajeng wangsul dhateng redi Suwela, angaturaken angsal-angsale

enggenipun kautos. Rama lajeng andhawahaken parentah, angerig bala kethek, kakarsakaken sami apradandosani badhe perang. Ing saunduripun Anggada saking ngarsanipun Prabu Dasamuka, Sang Nata inggih andhawahaken parentah, amepak bala danawa, amirantosa sadedamel ing perang.

Bala ing Ngalengka sampun sami pacak baris wonten sawijining kitha. Rama sabalanipun lajeng bidhal saking redi Suwela, badhe anglurugi negari ing Ngalengka. Sawarnining kethek sami ambedholi wit-witan, saweneh mendhet sela, tuwin ambedholi redi, punika sadaya badhe minangka dedamelipun. Pangangsegipun bala kethek sampun dumugi sawijining kitha ing Ngalengka. Kitha sampun kemptu kinayang ing balanipun Rama. Anunten Prabu Sugriwa andhawahaken parentah dhumateng para punggawa, terang saking karsanipun Rama, boten kalilan amiwiti perang, angentosana panempuhing bala danawa.

Sareng Prabu Dasamuka midhanget pawartos, yen mengsah sampun angembang kitha, lajeng andhawahaken parentah anempuh ing perang Arame tangledipun danawa akaliyan kethek, kathah danawa tuwin kethek ingkang pejah. Dangu-dangu bala kethek sami alit menahipun, aningali kancanipun kathah pejah, lajeng sami bibar. Prabu Sugriwa sareng sumerep, yen bala kethek kaplajeng, lajeng andhawahaken parentah dhumateng Anoman, Anala, saha Anila, kapurih ambiyantonana ingkang sami kaplajeng wau. Anunten punggawa tetiga wau sami lumampah, amemurun dhumateng kethek ingkang sami kaplajeng. Boten antawis dangu medal malih kapurinanipun, lajeng wangsul saha tangled malih akaliyan danawa. Anoman akaliyan Anala, punapa dene Anila, ambiyantoni. Danawa kawon sarta kathah ingkang pejah. Sakawonipun bala danawa, gajahipun Prabu Dasamuka kaangsahaken ing perang, kathah angsalipun pepejah kethek alit-alit. Prabu Sugriwa tumunten aparentah dhumateng punggawa kethek, amethukaken pangamuking gajah. Rame tangledipun gajah akaliyan kethek, wusananipun gajah kawon, sinempal-sempal ing kethek kathah. Anunten ingkang sami perang kasaput ing dalu, lajeng sami mundur dhumateng pasanggrahanipun piyambak-piyambak.

Sareng enjing wiwit sami perang malih. Anunten wonten

punggawa danawa satunggil, ageng saha inggil sampun prasasat redi, anama Prajangga, amedali ing paprangan, angangge limpung. Bala kethek sami gawok aningali. Wondening ingkang amethukaken Prajangga wau, punggawa kethek anama Sampati, dedamelipun kajeng ageng sagodhongipun. Rame perangipun akaliyan Prajangga, wusana Prajangga pejah kadhawahan kajeng dhumateng Sampati. Anunten wonten danawa kekalih sami sadherek anama Puthadaksi, akaliyan Pratapanaksi. Sareng aningali yen Prajangga pejah, enggal majeng dhateng ing paprangan, saha amemejahi kethek alit-alit, isarat latu ingkang medal saking mripatipun. Prabu Sugriwa sareng aningali, yen balanipun kathah ingkang kabesmi dening latu wau, lajeng adhedhawah dhumateng punggawa kethek, ingkang anama Anala, kapurih amethukna danawa kekalih wau. Anala anglaksanani. Sasampuning tangled rame, Putradaksi akaliyan Pratapanaksi sami pejah tening Anala. Ing awang-awang kathah para dewa ingkang aningali perang, sami sanget suka bingahipun. Ing sapejahipun danawa kekalih wau, lajeng sami anjawahaken sekar, sarta sanesipun ingkang wangi-wangi. Anunten danawa ingkang awasta Jambumangli majeng ing paprangan, anyepeng nanggala, kapethukaken dhateng Anoman sarwi angindhit redi-redi kabandhemaken Jambumangli kenging lajeng pejah. Sapejahipun Jambumangli, danawa gegedhungipun ing Ngalengka ingkang majeng ing paprangan, anama Mintragna, dedamelipun limpung. Wibisana ingkang amethukaken Mintragna kagada pejah.

Prabu Sugriwa amedali perang, pangamukipun anggegirisi, kathah punggawa danawa ingkang sami pejah dening Sugriwa. Anunten punggawa danawa ingkang nama Bajramusthi majeng, dedamelipun limpung, kapethukaken dhumateng punggawa kethek, ingkang awasta Arimenda. Arame perangipun, wusana Bajramusthi kapulir gulunipun lajeng pejah. Sapejahipun Bajramusthi anakipun kumbakarna majeng, anama Aswanikumba, kape-thukaken dhateng Anila. Sasampuning tangled dangu, Aswanikumba pejah, amargi kapuntir gulunipun. Anunten danawa ingkang wasta Anipraba amedali, atandhing perang akaliyan kethek ingkang nama Druwenda, dedamelipun kajeng tal. Anipraba pejah dening Druwenda. Sapejahipun Anipraba, Wirupaksa ingkang ame-

dali, atandhing perang akaliyan Laksmana. Wirupaksa pejah, amargi dipun jemparing. Anunten Raden Indrajit numpak rata, amedali perang, kapethukaken dhumateng Anggada, dedamelipun kajeng ageng. Ratanipun Raden Indrajit remuk kasabet ing kajeng dening Anggada, sanget andadosaken wirangipun, lajeng mundur saking paprangan, lumebet dhateng ing sanggar pamelengan, anenedha ing dewa, sageda unggul ing perang.

Saunduripun Indrajit amemuja wonten ing sanggar pamelengan. Rama welas aningali bala kethek, amargi kathah pejah dening danawa. Lajeng anglepasaken jemparing, punika amedalaken jemparing kathah tanpa wicalan, angengingi bala danawa, kathah ingkang pejah, andadosaken girisipun ingkang kathah-kathah, lajeng sami bibar angungsi dhateng salebeting kitha, kitha lajeng kinepang ing bala kethek.

Enggenipun semadi Raden Indrajit ngantos serap. Sareng sampun dalu lajeng medal saking sanggar pamelengan, anglepasaken jemparing naga, anama Nagapasa. Sakala ing awang-awang kaebekan dening swara kados gelap, adamel kagetipun bala kethek. Anunten jemparing ingkang kalepasaken wau, amedalaken naga ageng-ageng tanpa wicalan, sami amulet sakathahing bala kethek, dalasan Rama akaliyan Laksmana inggih kapulet. Sadaya sami rebah, saha sirna karosanipun. Wibisana kaget aningali ingkang sami kenging ing bilahi, saha sumerep yen punika pandamelipun Indrajit, lajeng medal sarwi anyangking gandhewa. Indrajit sumerep, enggal lumajeng lumebet ing kadhaton, sowan ing ngarsanipun ingkang rama, saha angunjuki uninga, yen Rama akaliyan Laksmana sabalanipun sampun kapulet ing naga. Prabu Dasamuka sareng midhanget pratelaning putra, sakalangkung suka pirena ing galih, ingkang putra dipun rangkul. Sang Nata lajeng anggeganjar dhumateng balanipun.

Anunten Dewi Sinta akaliyan Dewi Trijatha sami nitih wiwana, badhe sumerep ing jawi kitha. Sareng Dewi Sinta aningali saking katebihan, yen Rama saha Laksmana sabalanipun sami kapulet ing naga, sarta sampun prasasat pejah, lajeng kantu dhawah saking wimana. Dewi Trijatha kaget saha amuwun sanget, Dewi Sinta enggal kabekta wangsul dhumateng ing Taman Soka.

Wonten ing ngriku enget, lajeng sumedya suduk sarira, ananging Dewi Trijatha anggendholi, sarwi angresepi galhipun Dewi Sinta, anamtokaken yen Rama boten ngantos dhumateng ing seda, awit kalanipun Anoman anggempur ing Taman Soka, inggih kapulet ing naga, dene boten ngantosa pejah, malah ambesmi kadhaton ing Ngalengka. Sasampuning nyakcani makaten, Dewi Trijatha lajeng nyuwun lalahipun Dewi Sinta, badhe sowan ing ngarsanipun ingkang rama, saha matur pitaken, menggah bilahi ingkang pinanggih ing Rama akaliyan Laksmmana, punapa ngantos andadosaken sedanipun, utawi boten. Dewi Sinta pareng. Trijatha lajeng mangkat, medal ing awang-awang. Sadhatenge ing panggenanipun ingkang rama, lajeng matur pitaken menggah ingkang dados pepesthenipun Rama akaliyan Laksmmana. Wangsulaniipun Wibisana, Rama boten ngantos dhumateng ing seda, yen ngantosa seda, amesthi bumi akaliyan langit tumut sirna, mila Dewi Sinta anyirnakna prihatos ing galih, anamtokna ing dalem batos, yen Rama badhe unggul ing perang. Dewi Trijatha sasampune kaserepaken makaten dhumateng ingkang rama, lajeng wangsul dhumateng Taman Soka. Sakathahing pangandianipun ingkang rama kapratelakaken dhumateng Dewi Sinta. Dewi Sinta sareng midhanget aturipun Dewi Trijatha, lajeng lejar, saha sirna prihatos ing galih.

Wibisana sowan ing ngarsanipun Rama, amaratelakaken saka-tahing aturipun Dewi Trijatha. Rama sanget ngeres ing galih amidhangetaken, wusana angandika dhumateng Sugriwa, Anggada, saha Anoman, sarehning sariranipun amanggih bilahi prasasat sampun pejah, sami kapurih mantuka dhumateng guwa Kiskendha, sampun ngantos anglabuhi bilahinipun. Ananging Sugriwa, Anggada tuwin Anoman boten purun, aturipun, sanajan dumugia ing pejah, boten nedya pisah akaliyan Rama. Sakendeling aturipun Prabu Sugriwa, Anggada tuwin Anoman, Rama lajeng amemuja salebeting galih. Boten antawis dangu para dewa ing Suralaya sami tumedhak dhumateng panggenanipun Rama, saha anggunggung kasektenipun Rama, punapa dene angengetaken yen Rama titisipun Bathara Wisnu, amesthi saged anyirnakaken bilahi, ingkang pinanggih ing sariranipun tuwin ing bala kethek sadaya. Sasampuning pitutur makaten, para dewa ingkang jibeg wonten ing awang-

awang, sami anjawahaken sekar, sarta sanesipun ingkang wangi-wangi. Boten antawis dangu wonten angin ageng dhateng, saka-thahing naga ingkang anggubed Rama akaliyan Laksmana, tuwin bala kethek, sami kasingsal katempuh ing angin, kados upamine dipun tatasi. Sasirnaning naga, sawarnining kethek sami bingah-bingah, medal malih kapurunanipun, sami asurak-surak, lajeng angepang kitha ing Ngalengka. Prabu Dasamuka kaget amidhanget swaraning surakipun bala kethek, enggal utusan amariksa. Sareng sumerepa saking pratelaning utusan, yen naga ingkang amulet mengsah sampun sirna sadaya, saha bala kethek ingkang angwontenaken swara wau, punapa dene kitha sampun kemptu kinempang ing mengsah. Prabu Dasamuka sanget prihatos ing galih, anyipta badhe asor perangipun. Ewadenten kekah karsanipun, amilalah seda ing paprangan akaliyan nungkul dhumateng Rama. Sareng sampun kekah ing cipta badhe anglabuhi negarinipun, Sang Nata amarentahi punggawa danawa satunggil, anama Dumraksa, kakarsakaken amedali ing paprangan.

Dumraksa enggal amepak bala danawa tanpa wicalan, lajeng anumpak rata, angange dedamel limpung, bidhal dhateng sawijining kitha. Wonten ing ngriku balanipun anempuh mengsah, tandangipun bala kethek sami ambudi pejah. Boten antawis dangu bala danawa kawon, sarta kathah ingkang pejah. Sareng Dumraksa aningali, yen bala danawa sami kasoran, enggal majeng angamuk, pinten-pinten kathahing kethek ingkang pejah dening pangamukipun. Anunten Anoman atetlung, sarwi amandhi sela, agengipun saredi. Dumraksa lajeng medhun saking rata, tangled akaliyan Anoman, wusana Dumraksa kawon, pejah kabanting ing sela. Sapejahipun Dumraksa, sakantuning balanipun sami kaplajeng sadaya, wangsul dhumateng ing kitha, angunjuki uninga dhumateng Prabu Dasamuka, yen Dumraksa sampun pejah ing paprangan. Sang Nata ngungun ing galih, lajeng animbali punggawa danawa gedhug, anama Kampana, kadhawahan amedali ing paprangan. Kampana enggal anindhihi bala, medal dhateng sajawining kitha, atandhing perang akaliyan Anoman, ananging kawon, pejah amargi dipun antebi redi. Anunten balanipun sami lumajeng dhateng ing kitha, angunjuki uninga ing Sang Prabu, yen Kampana sampun

pejah. Prabu Dasamuka sakalangkung prihatos ing galih, bab pejahipun Kampana, dangu boten saged ngandika, wusana andhawahaken parentah animbali pepatihipun, ingkang anama Prahasta. Sasampuning sowan ing ngarsa, Sang Nata awewartos, yen punggawa danawa danawa gedhug sampun kathah ingkang pejah dening kethek, mila kyai patih kakarsakaken medali ing paprangan. Patih Prahasta anyandikani, mundur saking ngarsanipun Sang Prabu, lajeng mantuk badhe amuja semedi. Sasampuning asemedi, enggal angerig balanipun, lajeng amedali ing paprangan, pinten-pinten kathahing kethek ingkang tumpes dening limpungipun Patih Prahasta. Sareng Prabu Sugriwa aningali, yen bala kethek kawon, saha kathah ingkang pejah, enggal aparentah dhumateng punggawa kethek, ingkang awasta Anila, kapurih amethukna perangipun Patih Prahasta. Anila anyandikani, lajeng medal ing paprangan, dedamilipun kajeng randhu kuning, panjangipun gangsal dhepa. Sadhatengipun ing paprangan, Patih Prahasta anglepasaken limpung, ambarubul wedalipun, angebyaki dhumateng Anila, ananging satunggil boten wonten ingkang angengingi, awit saking wasising panangkisipun. Arame enggenipun sami tangled, boten wonten ingkang kasoran, awit saking sami digdaya, saha wasisipun anangkis dedamel ingkang katandukaken. Wusana Anila angempakaken upayaning perang, api-api kawon lajeng angoncati. Patih Prahasta ambujeng ngantos dumugi ing jurang. Wonten ing ngriku Anila api-api pejah, Patih Prahasta taksih tut wingking. Anunten Anila aningali sela cemeng wonten pinggiring jurang, enggal dipun pendhet kabekta mumbul, kaantebaken ing sirahipun Patih Prahasta, kaleresan kengingipun, Patih Prahasta lajeng pejah. Balanipun mawur, sami lumebet dhumateng ing kitha, angunjuki uninga dhumateng Prabu Dasamuka, yen Patih Prahasta pejah ing paprangan.

Prabu Dasamuka sareng dipun unjuki uninga, yen Patih Prahasta pejah, sakalangkung kaget, saha maras ing galih, enggal andhawahaken parentah, animbali ingkang rayi Kumbakarna, ingkang saweg sare. Anunten danawa leksanan sami lumampah dhumateng panggenanipun Kumbakarna, ambekta kendhang beri saha bendhe. Sadhatenge ing panggenanipun, kendhang

beri saha bendhe wau sami katabuh, sarta para danawa sami asurak-surak, punika minangka pamungunipun Kumbakarna, ananging Kumbakarna boten anglilir. Inggang anggugah sami kaken manahipun, lajeng amendhet dedamel, katamakaken ing jengkunipun Kumbakarna. Akathah pratingkahing danawa enggenipun amurih wungunipun, wonten inggang anyuduki, saweneh amupuh, saweneh andhawahi sela, wonten inggang ambekta rata, apangirid kapal, punapa dene ambekta gajah atusan, sami kambahaken ing jajanipun Kumbakarna, ananging Kumbakarna taksih angeca-eca sare. Wusana inggang anggugah sami sayah, saha sedhih manahipun, dados sami kendel anjetung kemawon. Anunten wonten danawa sepuh satunggil, agadhah aji wisikan, Kumbakarna kawisikan lajeng wungu, andangu sababipun kawungu. Sareng Kumbakarna sumerep saking aturipun para danawa mantri, yen katimbangan dhumateng inggang raka, saha kathah danawa bupati sabalanipun inggang pejah, punapa dene Patih Prahasta inggih pejah, Kumbakarna enggal dandos. Sasampuning dhahar, lajeng sowan ing ngarsanipun inggang raka.

Sareng Kumbakarna sampun dhateng ing ngarsanipun inggang raka, Prabu Dasamuka amartosi bab pejahipun punggawa danawa, inggang kawical sekti, tuwin pejahipun Patih Prahasta, enggenipun sami perangan akaliyan kethek. Kumbakarna kapurih amedalana perang, anyirnakna Rama akaliyan Laksmana sabalanipun. Sasampuning Sang Nata kendel angandika, Kumbakarna lajeng amelehaken tindakipun Sang Nata inggang boten leres, enggenipun boten andhahar aturipun Wibisana, tuwin wulanging ibu, punapa dene pituturing eyang Bagawan Sumali, mila ing mangke kasusah-an inggang pinanggih. Kathah-kathah pangundhat-undhatipun Kumbakarna, amelehaken tindak inggang lepat, andadosaken dukanipun Prabu Dasamuka, inggang rayi lajeng katundhung mantuk. Kumbakarna sareng dipun dukani saha katundhung dhateng inggang raka, lajeng mundur saking ngarsanipun, medal dhateng sawijining kitha, anjujug ing paprangan. Pratingkahipun angajrihajrihi, kados Bathara Kala tedhak dhumateng marcapada, badhe anggempur jagad. Panggeronipun kados swaraning gelap. Napasipun inggang miyos saking grana kados upaminipun lesus. Akathah

wit-witan ingkang sol tuwin sempal dening napasipun. Bebujengan ing wana sami bibar, angungsi ing jurang saha pepereng. Awarni-warni jalajat ingkang katingal, amengeti dhumateng Kumbakarna, yen badhe kasoran ing perang, ananging Kumbakarna boten gigrig galihipun, sampun ambudi pejah. Bala kethek sami kaget, anyana yen Prabu Dasamuka miyos anyarirani perang, lajeng sami angebyaki, sariranipun Kumbakarna kaebekan dening kethek, kados upaminipun redi kinemulan ing mega. Akathah pratingkahing kethek enggenipun amurih bahde ngesoraken Kumbakarna. Wonten ingkang angurutug sela, angentebi redi, anyabet kaliyan kajeng ageng, andhupak, tuwin anyokot, ananging sadaya punika boten kadamel raos dhumateng Kumbakarna, malah sela tuwin redi ingkang dhawah ing sariranipun sami sumyar. Wusana bala kethek sami sayah. Kumbakarna lajeng males, pinten-pinten kathahing kethek ingkang pejah kawenyed, wonten ingkang kinipataken, dhawah tebih lajeng pejah, saweneh pejah kasabetaken ing wentis, wonten ingkang sinempal-sempal, wonten ingkang dipun kemah-kemah, sakantunipun sami giris mawur lumajeng angungsi dhumateng redi Suwela, tuwin dhumateng ing jurang-jurang.

Anggada sareng aningali yen bala kethek sami kaplajeng, enggal medal saking pasanggrahan, amurugi ingkang sami kaplajeng wau. Akathah-kathah wicantenipun enggene amemurun, anunten sami wangsul malih dhumateng ing paprangan, angebyaki Kumbakarna, kabiyantonan dening para bupati kethek, ananging boten saged angawonaken Kumbakarna, malah sangsaya kathah malih kethek ingkang pejah. Anunten Wibisana matur dhumateng Rama, yen boten wonten karsanipun Rama anglepasi jemparing tumunten dhumateng Kumbakarna, amesthi bala kethek tumpes sadaya, awit ing jagad tetiga boten wonten ingkang saged mesoraken, dalasan Bathara Endra, tuwin Hyang Baruna, punapa dene Bathara Yama, boten saged anglawan. Sasampuning Wibisana ngandika makaten, Prabu Sugriwa lajeng amedali perang. Arame tangledipun akaliyan Kumbakarna, sami digdayanipun, boten wonten ingkang kasoran. Wusana Kumbakarna anyandhak limpung, wawrat sagulma kati, kalepasaken dhumateng Prabu Sugriwa. Sadangunipun Prabu Sugriwa perang akaliyan Kumbakarna, Anoman amemanuki

ingkang paman. Sareng limbung lumepas, enggal dipun candhak saha kabekta mumbul dhateng awang-awang, lajeng katugel, dados boten ngantos kencing dhumateng Prabu Sugriwa. Kumbakarna enggal anyandhak redi, kabalangaken dhumateng Prabu Sugriwa, Prabu Sugriwa kencing lajeng kalenger, anunten dipun candhak dhumateng Kumbakarna, kabekta mundur saking paprangan.

Rama akaliyan Laksmana sanget kagetipun, aningali yen Prabu Sugriwa kasoran saha kacepeng, lajeng sami angasta jemparing, sumedya ambelani. Anunten Anoman andhatengaken angin ageng. Prabu Sugriwa sareng kasikiran ing angin lajeng enget, sumerep yen kacepeng. Tumunten angenget-enget margine sagedipun uwal saking Kumbakarna, wusana kapanggih ing pambudi, astanipun kekalih anyandhak kupingipun Kumbakarna kiwa tengen, sukunipun amancal dhadha, lajeng lumumpat sarwi anyaut irung, irung tuwin kupingipun Kumbakarna kalih pisan puthul. Sugriwa sampun uwal. Kumbakarna sarisaking sipatipun anjenger, sanget wirangipun, lajeng wangsul dhumateng ing paprangan, anenumpesi kethek. Wibisana sareng aningali tumepispun bala kethek, lajeng matur dhumateng Rama, kaaturan ambiyantoni perang, amenggak pangamukipun Kumbakarna. Laksmana enggal anglepasaken jemparing, kencing makuthanipun Kumbakarna kasingsal. Anunten Rama anglepasaken jemparing, kencing pupunipun Kumbakarna rantas kalih pisan. Ewadenten taksih saged anyawataken dhendha, angengingi kethek kathah ingkang pejah. Rama anglepasaken jemparing malih, kencing baunipun Kumbakarna ingkang tengoh sempal, kantun tanganipun ingkang kiwa, ambedhol wit-witan ageng, kaobat-abitaken angengingi kethek kathah ingkang pejah. Rama anglepasaken jemparing malih, kencing tanganipun Kumbakarna ingkang kiwa sempal. Sasirnaning bau akaliyan suku kekalih pisan, Kumbakarna mangap amedalaken angin ageng awor wisa. Anunten Rama anglepasaken jemparing, wedalipun ambarubul, angebeki cangkempun Kumbakarna lajeng pejah.

Sareng misuwur yen Kumbakarna pejah dening Rama, Prabu Dasamuka muwun, sanget prihatos ing galih, amung anyipta badhe amanggih bilahi. Anunten putranipun sakawan amedali perang,

anama Trisirah, Trikaya, Narantaka, Dewantaka, akanthi embani-
 pun kekalih sami danawa, awasta Manthaka, akaliyan Samara-
 Mentha, kapethukaken dening Laksmana, saha Anoman tuwin
 Anggada, punapa dene Anila. Putra sakawan saembanipun wau
 kawon sami pejah sadaya. Balanipun mawur, angungsi dhateng
 ing kitha, saha angunjuki uninga dhumateng Sang Nata, bab tiwas-
 ing putra sakawan saembanipun. Sang Nata ngenes ing galih, apes-
 ing sarira sampun katingal, anyipta yen badhe kasoran ing perang.
 Boten antawis dangu putranipun ambajeng ingkang nama Raden
 Indrajit sowan, angrerapu dhumateng ingkang rama, sampun ngan-
 tos kagungan penggalih ajrih atandhing perang kaliyan Rama, awit
 Indrajit sagah anyirnakaken Rama saha Laksmana sabalanipun.
 Prabu Dasamuka sareng midhanget aturing putra, ulatipun bingar,
 saha suka pirena ing galih. Inggang putra lajeng dipun dhawahi
 angleksanani pangrisakipun dhumateng Rama sabalanipun. Sa-
 sampuning srengenge serep, Raden Indrajit medal dhumateng ing
 paprangan, anglepasaken jemparing anama Mohanasara, mawi
 dipun mantrani aji sesirep. Sareng jemparing sampun lumepas,
 sakathahing bala kethek kening sawabing jemparing wau, sami
 pejah tilem sadaya, namung ingkang jejer bupati boten pejah,
 ananging sami sanget aripipun lajeng tilem kapatos, saha maripati-
 pun pendul, Rama akaliyan Laksmana inggih makaten ugi. Won-
 dening ingkang lepat ing aji sesirep namung Wibisana. Sareng Wibi-
 sana sumerep yen Rama saha Laksmana amanggih bilahi, ingkang
 saking pandamelipun Indrajit, lajeng amurugi panggenanipun Ra-
 ma saha Laksmana, ingkang saweg sami sare. Sasampuning ka-
 wungu lajeng kaaturan suryan. Anunten Anoman kautus ing Rama
 dhateng ing redi Imagiri, amendhet gondhong sandilata, minangka
 jampinipun ingkang sami pejah tilem.

Anoman enggal lumampah, ananging sarehning dereng sume-
 rep warninipun godhong sandilata, saha saderengipun mangkat
 dereng ngantos nerang, dados sanget kewedaning manah, wusana
 redi Imagiri dipun bedhol, kabekta dhumateng ngarsanipun Rama.
 Rama lajeng methik godhong sandilata, kausapaken maripatipun,
 sakala waliya. Anunten godhong kaparingaken dhumateng Anom-
 an, kapurih angusapna maripatipun sawarnining kethek ingkang

pejah. Anoman anglaksanani, kethek lajeng sami gesang malih.

Raden Indrajit sawangsulipun saking amasang sesirep wau, sowan ing ngarsanipun ingkang rama, angunjuki uninga, yen Rama saha Laksmmana sabalanipun sampun sami pejah. Prabu Dasamuka sakalangkung suka pirena ing galih, lajeng kasukan adhahar eca. Boten antawis dangu, amidhanget swara rame sanget, inggih punika sabawanipun bala kethek, sami angrampid saha ambesmi kadhaton ing Ngalengka. Ingkang sami kasukan bingung aningali latu mubal andados. Anunten tatas rahinten, bala kethek sami mundur dhumateng sawawining kitha. Prabu Dasamuka enggal andhawahaken parentah, amepak bala danawa sakantunipun ingkang sampun pejah. Ingkang anyenapateni putranipun Kumbakarna anama Kumba-kumba, asipat danawa ageng saha inggil kados redi, akanthi embanipun kekalih sami danawa, awasta Kampa akaliyan Dya-jaksa. Anggada kadhawahan dhumateng Rama amethukaken Kumba-kumba, enggal angleksanani. Emban kekalih wau pejah dening Anggada, Kumba-kumba dening Prabu Suriwa. Sakantuning balanipun Kumba-kumba sami mawur, lumajeng angungsi dhumateng ing kitha. Ing mangke andel-andelipun Prabu Dasamuka namung kanton ingkang putra Raden Indrajit, akaliyan punggawa danawa tetiga, anama Wilohitaksa, Mahundara, Gathodara.

Prabu Dasamuka sareng anampeni atur bab pejahipun Kumbakumba, akaliyan embanipun kekalih, sanget prihatos ing galih saha pamuwunipun. Boten antawis dangu Raden Indrajit sowan ing ngarsanipun ingkang rama, ingkang saweg angredatos. Raden Indrajit sasampune anyakecani galihing rama, lajeng amepak balanipun, amedali perang. Arame tangledipun kethek akaliyan danawa, dangu-dangu kethek kawon sami kaplajeng. Anunten Laksmmana anglepasakan jemparing, anama Barunastra, dhawah ing paprangan lajeng dados toya ageng, ambalabar angombak-ombak, bala danawa kathah ingkang pejah ing toya. Indrajit enggal anglepasaken jemparing latu, andhawahi bala kethek, mawur saha kathah ingkang pejah. Laksmmana anglepasaken jemparing panulaking latu. Sasirnaning latu, kethek ingkang pejah kabesmi wau sami gesang malih. Anunten Indrajit anglepasaken jemparing malih, jemparing

punika amedalaken dedamel warni-warni tanpa wicalan, andhawahi bala kethek. Laksmana lajeng anglepasaken jemparing panulak. Sasirnanipun dedamel warni-warni ingkang medal saking jemparingipun Raden Indrajit, Laksmana anglepasaken jemparing malih, awasta Endrasara, Indrajit kenging gulunipun lajeng pejah. Anunten Laksmana anglepasaken jemparing malih, anama Surawijaya, andhawahi balanipun Indrajit, tumpes sadaya.

Prabu Dasamuka sakalangkung sekel ing galih, amidhanget pejahipun Raden Indrajit. Sang Nata kados upaminipun wit-witan karampas epangipun, kantun uwitipun kemawon. Telas budinipun, anyipta pejah, sumedya anglabuhi negari tuwin kulawarganipun ingkang sami pejah ing paprangan. Sang Nata lajeng malebet dhateng sanggar pamelengan, saha amuja semedi.

Kacariyos Dewi Sinta, ingkang kadumunungan wonten ing Taman Soka, boten sah enggenipun amuja semadi, ingkang tinedha ing semadi, amung karaharjan saha unggulipun ingkang raka. Sasampuning angeningaken tingal. Dewi Trijatha dhateng angaturi pawartos bab perang, yen punggawa ing Ngalengka sampun tumpes sadaya, amung kantun tetiga, bala kethek taksih wetah punggawanipun, ingkang pejah namung kethek alit-alit kemawon. Dewi Sinta suka ing galih amidhangetaken aturipun Dewi Trijatha, lajeng asemadi, anenedha ing dewa, angenggalna pejahipun Prabu Dasamuka.

Kacariyos Prabu Dasamuka, animbali para danawa nujum, tuwin para danawa pandhita, sami kadangu pepesthening sariraniipun. Pamecanipun para nujum tuwin para pandhita, Sang Nata badhe unggul perangipun. Prabu Dasamuka sasampuning semadi sadalu natas enjingipun karsa anyarirani perang, lajeng andhawahaken parentah angerig baris, tetindhihipun danawa tetiga, anama Wilohitaksa, Mahundara, Gathodara. Sareng sampun pepak anunten bidhal dhateng sawawining kitha. Prabu Sugriwa sumerep, yen Prabu Dasamuka medali perang, enggal angundhangi bala kethek, andikakaken angubengi rumeksa Rama. Prabu Dasamuka sasampuning pradandos lajeng anitih rata, rinengga ing mas saha sesotya. Lampahipun sampun dumugi ing paprangan. Boten antawis dangu lajeng wiwit perang. Bala kethek kathah ingkang pejah,

anunten Anoman ambiyantoni, kathah angsalipun pepejah. Rama welas aningali risaking bala kethek, enggal anglepasaken jemparing, andhawahi danawa, tumpes kados dipun saponi. Prabu Dasamuka duka sanget aningali tumpesing balanipun, lajeng andhawahaken parentah dhumateng punggawa danawa, ingkang nama Wilohitaksa, andikakaken ambiyantoni. Wilohitaksa angleksanani, kapethukaken dening Prabu Sugriwa. Wilohitaksa punapa dene kancanipun ingkang nama Gathodara, sami pejah dening Sugriwa. Mahundara tetulung, pejah dening Anggada.

Sapejahipun punggawa danawa tetiga, Prabu Dasamuka sangsaya sanget dukanipun, lajeng ngamuk anarajang bala kethek. Pangamukipun sampun prasasat dukanipun Bathara Kala. Bala kethek mawud sadaya. Anunten Rama akaliyan Laksmana tuwin Wibisana atetulung, sami anglepasaken jemparing, saha angaben kaluwihan akaliyan Prabu Dasamuka. Wusana Sang Nata anglepasaken limpung, ingkang dipun angkah Rama. Sareng limpung lumepas, Laksmana tatampil anglepasaken jemparing, kenging limbungipun Prabu Dasamuka. Kawangsul andhawahi ratanipun Sang Nata, remuk sakapal kusiripun. Sang Nata enggal lumumpat, sarta amundhut rata sanes. Sareng Prabu Dasamuka sampun nitih rata, lajeng anglepasaken kunta, ingkang dipun wawas Rama, ananging kenging Laksmana, jajanipun kabranan lajeng dhawah gumuling ing siti. Wibisana enggal atetulung, Laksmana kabekta mundur, kajampenan sakala waluya, boten mantra tilasing brana.

Ing awang-awang kaebekan dening jawata, ingkang sami aningali perang. Bathara Endra sumelang aningali perangipun Rama akaliyan Dasamuka, awit Sang Nata nituh rata, Rama dharat kemawon. Lajeng amaringi rata satunggil dhumateng Rama, ingkang ngusiri dewa, punapa malih amaringi jemparing kekalih, awasta Guwawijaya, satunggilipun Branaastra, utawi jemparing latu. Rama lajeng anitih rata. Angantos dangu enggenipun lepas-linapan jemparing angaben kasekten kaliyan Prabu Dasamuka, boten wonten ingkang kasoran. Wusana Wibisana matur dhumateng Rama, kapurih angrampungna perang anglepasna jemparing ingkang nama Guwawijaya, awit namung punika ingkang kenging kadamel

amejahi Dasamuka. Sasampuning Wibisana matur, Rama lajeng angasta jemparing ingkang nama Guwawijaya, Prabu Dasamuka linepasan kenging jangganipun lajeng seda.

Sasedanipun Prabu Dasamuka, sakala lajeng peteng dhedhet, angin ageng dhateng gumrebeg swaranipun, anunten jawah sekar saha ingkang wangi-wangi. Inggih punika pakurmasing para dewa dhumateng Rama, ingkang minangka pangruwatanipun sawarnining lampah awon. Wibisana sareng sumerep yen ingkang raka seda, enggal amalajengi layoning raka, anyungkemi padanipun, sarwi amuwun sanget, saha akathah-kathah pasambatipun. Rama welas aningali. lajeng anyaketi, sarta anglelipur dhumateng Wibi-sana, anyerepaken kautamaning sedanipun Prabu Dasamuka, enggenipun anggagahi negari, saha ambelani abdi-abdinipun sadaya. Sasampuning angrerapu, Wibisana kapurih angrisikana saha ambesmi layoning raka sakaliyan, Wibisana amiturut, saha lajeng anglampahi. Sasampuning ambesmi layonipun ingkang raka sakaliyan, Rama angandika dhumateng Wibisana, kapurih jumenenga ratu wonten negari ing Ngalengka, anggentosan Prabu Dasamuka. Wibisana angestokaken karsanipun. Rama lajeng amulang praktikelipun ing ratu, tuwin wajibipun dhumateng para abdi, punapa dene dhumateng para santana. Sareng sampun telas wulangipun, anunten sawarnining kethek ingkang pejah ing paprangan, sami kagesangaken malih dhumateng Rama, isarat godhong sandilata.

Sareng sedanipun Prabu Dasamuka sampun antawis satengah wulan, saha Rama boten angandika bab Dewi Sinta, Anoman lajeng angengetaken, saha matur pitaken menggah ingkang dados karsa ing atasipun ingkang garwa. Wangsulaning pangandika, Anoman kapurih lumampaha dhumateng ing Taman Soka, amate-dhani uninga dhumateng dewi Sinta, yen Dasamuka sampun pejah, saha Wibisana kakarsakaken anggentosi jumeneng ratu wonten negari ing Ngalengka. Anoman enggal lumampah. Dumugi ing Taman Soka kapanggih akaliyan Dewi Sinta, saha andhawahaken timbalanipun Rama. Dewi Sinta sakalangkung suka pirena ing galih, Anoman lajeng kapurih matura dhumateng Rama, yen Sang dewi kala rumiyin apunagi, bilih Rama unggul ing perang, badhe angabekti dhumateng ingkang raka wonten ing paprangan. Ing

mangke karsanipun badhe angluwari punagi wau. Anoman wangsul sowan ing ngarsanipun Rama, saha angaturaken ingkang dados pangandikanipun Dewi Sinta. Rama pareng, ananging Dewi Sinta kakarsakaken sesuci rumiyin. Anoman enggal wangsul malih dhumateng ing Taman Soka, saha andhawahaken pangandikanipun Rama dhumateng Dewi Sinta. Sang Dewi lajeng asesuci, saha abusana endah, anunten tindak dhumateng pasanggrahan, kadherekaken dening Dewi Trijatha sarta Anoman. Sadumuginipun ing pasanggrahan, Rama ewa aningali ingkang garwa, amargi sampun lami wonten ing mengsah, tinarka sampun ginggang saking kasudianipun dhumateng ingkang raka. Panggalih makaten punika sanget andadosaken prihatosipun Dewi Sinta, saha sanget ing pamuwun tuwin pasambatipun. Sakathahing aturipun Dewi Trijatha, ingkang anelakaken sucinipun Dewi Sinta, boten kaanggep dhumateng Rama.

Dewi Sinta sareng dipun ewani dhumateng ingkang raka, lajeng sumedya anganyut tuwuh, amargi saking obong. Anunten nedha pitulung dhumateng Laksmana, akaklempak kekajeng. Rama angejepi dhumateng Wibisana, kapurih andhawahana parentah anglempakaken kajeng. Sasampuning kathah kajeng ingkang dhateng, katumpuk wonten ing paprangan, lajeng kasumed, Latu andadosa amulad-mulad. Sareng Dewi Sinta badhe obong, Bathara Brama katingal pinarak ing dhampar wonten salebeting latu ingkang murub wau, angawe dhumateng sang dewi. Dewi Sinta enggal lumebet ing latu, atimpuh ing ngarsanipun Hyang Brama. Boten antawis dangu Hyang Girihata tedhak dhumateng pasanggrahaniipun Rama, kadherekaken ing para dewa. Anunten Bathara Brama angandika dhumateng Rama, yen Dewi Sinta saestu taksih suci. Para dewa anyambungi pangandikanipun Bathara Brama, sami anetepaken kasucianipun Dewi Sinta. Dewi Sinta lajeng kadhawahan ing Bathara Brama medal saking latu, saha alenggah caket Rama. Sang dewi anglampahi, para dewa lajeng musna.

Rama akaliyan ingkang garwa, sarta Laksmana, tuwin Wibisana, punapa dene sakathahing punggawa, sami nitih rata dhumateng kitha ing Ngalengka, lajeng sami akasukan. Anunten Anoman kadhawahan dhumateng Rama, angrumiyinana dhuma-

teng negari ing Ngayodya, saha amratelakna sakathahing lampah dhumateng Barata, wiwit tindakipun Rama saking negari ing Ngayodya, angantos dumugi bedhahipun negari ing Ngalengka, Anoman lajeng mangkat. Boten antawis dangu Rama akaliyan ingkang garwa, tuwin Laksmana, sami kondur dhumateng negari ing Ngayodya. Prabu Wibisana saha Prabu Sugriwa punapa malih Dewi Trijatha andherekaken. Lampahipun sami nitih rata medal ing awang-awang.

Kacariyos Anoman, ingkang kautus lumampah angrumiyini, lampahipun sampun dumugi negari ing Ngayodya, sowan ing ngarsanipun Prabu Barata, saha ngaturaken ingkang dados lampahipun. Prabu Barata sakalangkung suka pirena ing galih, lajeng amethuk rawuhipun Rama, akanthi ingkang ibu, tuwin Dewi Sukasalya, punapa dene Dewi Sumitra, saha Raden Satrugna. Sasampuning kapanggih akaliyan Rama, lajeng sami kondur angadhaton. Sareng sampun sami anentremaken sarira, Rama kagungan karsa akasukan, dalasan kethek tuwin danawa alit-alit kakarsakaken bingah-bingah.

Prabu Wibisana akaliyan Prabu Sugriwa, sasampuning antawis lami enggenipun kendel wonten negari ing Ngayodya, lajeng sami anyuwun lilahipun Rama, badhe kondur dhumateng negarinipun piyambak-piyambak, Rama anglilani. Ratu kekalih tumunten sami bidhal, Prabu Wibisana dhumateng negari ing Ngalengka, Prabu Sugriwa dhumateng gua Kiskendha.

TAMAT

GANCARING CARIOS

ARJUNASASRA

Serat punika anyariyosaken lampah-lampahipun negari tiga, ing Lokapala, kalih ing Ngayodya, tiga ing Mahispati. Ingkang kacariyos rumiyin negari ing Lokapala, ratunipun ajejuluk Wisrawa, punika kagungan karsa badhe magawan, lajeng aseleh kaprabon dhumateng putranipun kakung, awasta Danapati, utawi Wisrawana.

Kacariyos wonten ratuning danawa, ajejuluk Prabu Sumali angratoni negari ing Ngalengka, punika kagungan putri satunggil, anama Dewi Sukesi ayunipun anglangkungi. Sareng Prabu Danapati midhanget pawartos, bab endahing warninipun Dewi Suksei, lajeng matur dhumateng ingkang rama, kaaturan ang-lamaraken. Bagawan Wisrawa anuruti karsaning putra, enggal tindak dhumateng negari ing Ngalengka, kapanggih akaliyan Prabu Sumali, saha amratelakaken ingkang dados preluning rawuhipun. Wangsulnipun Prabu Sumali pareng abebasanan kaliyan Bagawan Wisrawa, ananging saderengipun dhaup, anyuwun kawulanga kawruh, ingkang kenging andadosaken kawilujenganing sarira, saha mikantukaken kanugrahan ing jaman kailangan. Bagawan Wisrawa dhangsan ing karsa, Sang Prabu lajeng kawulang kawruh, ingkang kasuwun wau. Kalanipun sami aginem raos bab ngelmu, Dewi Sukesi lenggah wonten ing wingkingipun ingkang rama.

Kacariyos Bathara Guru akaliyan Bathari Durga tumedhak dhateng ing marcapada, anjujug negari ing Ngalengka, ing pangenanipun ingkang sami aginem raos wau. Bathara Guru lajeng manjing ing guwa-garbanipun Bagawan Wisrawa, Bathari Durga manjing ing guwa-garbanipun Dewi Sukesi. Bagawan Wisrawa sakala kapencut aningali Dewi Sukesi. Lajeng matur dhumateng Prabu Sumali, yen pareng putranipun kasuwun badhe kagarwa piyambak. Prabu Sumali pareng, ingkang putra katan-tun, inggih nyarah ing sakarsa. Anunten Bagawan Wisrawa kadhaupaken akaliyan Dewi Sukesi.

Prabu Danapati lami angajeng-ajeng kunduripun ingkang rama, wusana pikantuk pawartos, yen Dewi Sukesi sampun kagarwa dhumateng ingkang rama piyambak, sanget andadosaken dukanipun. Lajeng andhawahaken parentah amepak bala,

badhe anglurug dhumateng ing Ngalengka, amengsah ingkang rama. Dereng ngantos bidhal, anunten Bathara Endra nedhaki, saha amangsit dhumateng Sang Nata, yen sampun kalebet ing pepesthen, Dewi Sukesi dados jodhinipun Bagawan Wisrawa. Sang Nata kapurih anyandekna karsanipun badhe anglurug wau. Bathara Endra lajeng amaringi garwa widadari kekalih dhumateng Prabu Danapati, awasta Dewi Nawangsih akaliyan Dewi Sasmitaningsih. Sang Nata suka pirena ing galih, saha sirna dukanipun dhumateng ingkang rama.

Negari ing Ngalengka ingkang kacariyos malih, Dewi Sukesi ambobot. Sareng dumugi ing mangsa, ambabar miyos kakung, nanging awarni danawa, sirahipun sadasa, tanganipun kalih dasa, kaparingan nama Rawana. Rawana sasampuning diwasa, atapa wonten ing redi Gohkarna, angantos lami. Dewi Sukesi apeputra malih kakung, inggih asipat danawa, ageng saha inggil prasasat redi anakan, kaparingan nama Kumbakarna. Bagawan Wisrawa sanget prihatos ing galih, dene apeputra kekalih sami warni danawa.

Prabu Danapati sampun amidhanget pawartos, yen ingkang rama kasekelan galih, awit apeputra kekalih, sami awarni danawa. Sang Nata lajeng tindak dhumateng ing Ngalengka karsa tuwi dhumateng ingkang rama. Sasampuning rawuh ing Ngalengka, saha kapanggih akaliyan ingkang rama, Sang Nata lajeng aparing pitedah dhumateng ingkang rayi, ingkang nama Kumbakarna, kapurih anusula ingkang raka, saha tumuta tapa wonten ing redi Gohkarna. Kumbakarna angestokaken, lajeng kesah tapa wonten ing redi Gohkarna wau. Prabu Danapati anunten kondur dhumateng ing Lokapala.

Dewi Sukesi ambabar malih miyos estri, inggih ugi awarni danawa, kaparingan nama Sarpakanaka. Bagawan Wisrawa sangsaya kapetek ing prihatos, amargi putranipun tiga pisan sami awarni danawa, lajeng lumebet ing sanggar pamelengan, anenedha ing dewa, sageda apeputra jaler, ingkang bagusipun anyameni Prabu Danapati ing Lokapala. Semadinipun Bagawan Wisrawa katrimah, ingkang rayi apeputra kakung, bagus kados Prabu Danapati, kaparingan nama Wibisana. Boten an-

tawis dangu Bagawan Wisrawa seda.

Rawana utawi Dasamuka enggenipun tapa wonten ing redi Gohkarna satus taun. Wondening ingkang tinedha ing tapa, sajagad sampun wonten ingkang ngungkuli kadigdayan saha kasektenipun. Bathara Guru anjurungi, Dasamuka lajeng mantuk dhumateng Ngalengka, anunten kaangkat jumeneng ratu dhumateng ingkang eyang Prabu Sumali.

Kumbakarna taksih kanton atapa wonten ing redi Gohkarna. Tapanipun inggih katarimah ing Bathara Guru. Sasampuning kaparingan kaluwihan, Kumbakarna lajeng mantuk dhumateng ing Ngalengka. Anunten Wibisana kesah tapa dhumateng ing redi Gohkarna wau. Inggih ugi kaparingan kaluwihan dhumateng Bathara Guru, anunten mantuk dhumateng ing Ngalengka.

Prabu Dasamuka sasampuning jumeneng ratu, kagungan karsa badhe amengku saising jagad. Negari ageng-ageng sampun kathah ingkang nungkul dhumateng Sang Nata. Wondening ingkang sampun kapesthi ing dewa, ing sajagad boten wonten ingkang kuwawi amengsah Prabu Dasamuka, ananging ing tembe badhe wonten manungsa satunggil, ingkang katitisan ing Bathara Wisnu, saha abala kethek, punika ingkang saged ameja-hi Prabu Dasamuka.

Prabu Dasamuka sasampuning kathah enggenipun anenek-lukaken negari, kagungan karsa badhe aninggahi saha angrisak kayanganipun para dewa. Lajeng angundhangi bala, kadhawan amirantosa dedameling perang. Patihipun Sang Nata sadherekipun enem Dewi Sukesi, anama Prahasta.

Prabu Danapati ing Lokapala sampun pikantuk pawartos, yen Prabu Dasamuka ambekipun resah, saha karem apeperangan, anggegempuri negari, ingkang tanpa sabab. Karsanipun Prabu Danapati, badhe angengetaken dhumateng ingkang rayi, sampun ngantos kalajeng enggenipun kagungan karsa ingkang boten leres. Lajeng akintun serat kabekta ing utusan, anama Gohmuka. Sareng serat katampen saha katupiksa ing sang Prabu Dasamuka, sanget andadosaken dukanipun, awit pangraosipun, sakathahing tindak tuwin panganggepipun boten wonten ing-

kang dhumawah ing cacad. Dados ingkang raka kagalih amemaoni karsanipun, saha sumedya angrebat karatonipun. Saking sangeting duka angunus Candrasa, utusanipun ingkang raka lajeng katigas gulunipun. Gohmuka pejah, sirahipun mumbul ing awang-awang. Dukanipun Prabu Dasamuka boten kendel samanten kemawon, malah andhawahaken parentah dhumateng Patih Prahasta, amepak prajurit, badhe anglurug dhumateng negari ing Lokapala. Punggawa danawa ingkang kakarsakaken anindhihi prajurit tetiga, anama Dumraksa, Kampana, saha Supwarsa. Sang Nata anyarirani panglurugipun. Lampahing baris sampun dumugi ing tepis-wiringipun negari ing Lokapala.

Sirahipun Gohmuka, ingkang mumbul dhateng ing awang-awang wau, dawah ing ngajenge pepatihipun Prabu Danapati, anama Banendra. Anunten kyai patih midhanget pawartos, yen Prabu Dasamuka ing Ngalengka anglurug dhumateng ing Lokapala, lajeng angunjuki uninga dhumateng ratunipun. Prabu Danapati sareng anampeni aturing patih, sanget angungun saha kaduwungipun ing galih, awit saking enggenipun amulang sae dhumateng Prabu Dasamuka, boten katarimah, wusana sumedya amales awon. Sang Nata lajeng andhawahaken parentah dhumateng Patih Banendra, angerig sakathahing prajuritipun. Wondening balanipun Sang Nata pepalihan, manungsa akaliyan danawa. Patih Banendra ingkang anyenapateni prajurit danawa, tetindhihipun prajurit manungsa kekalih, anama Citrayuda akaliyan Citracapa. Sareng prajurit ing Lokapala sampun pepak, kabidhalaken dhateng sajawining kitha, lajeng tangled rame akaliyan bala ing Ngalengka. Wusana bala ing Lokapala kawon, amargi saking karoban mengsah. Sareng Prabu Dasamuka aningali, yen bala ing Lokapala kaplajeng, enggal amusus astanipun, sakala medal latu ageng mulad-mulad ambebu-jeng ingkang sami kaplajeng wau. Prajurit ing Lokapala kathah ingkang pejah amargi kabesmi.

Sareng Prabu Danapati anampeni pratelaning patih, yen abdi ing Lokapala kawon perangipun, lajeng kendel ing sawatawis, saha memuja salebeting galih. Boten antawis dangu katurunan tetumpakan saking ing sawarga, anama Puspaka, saha busana adi.

Sang Nata sasampuning dandos, lajeng anitih Puspaka, karsa anyarirani perang, kadherekaken ing Patih Banendra, saha punggawa tetiga, anama Citrayuda, Citracapa, Susena, sami anum-pak rata. Tindakipun Sang Nata sampun dumugi sajawining kintha. Latu ingkang mulad mubal sirna dening jemparingipun Patih Banendra. Sasirnaning latu, Patih Banendra anglepasaken jemparing, wedalipun ambarubul, andhawahi mengsah. Dana-wa saleksa ingkang pejah dening jemparingipun kyai patih. Ci-trayuda akaliyan Citracapa inggih sami anglepasaken jemparing, wedalipun ambarubul tanpa wicalan, andhawahi mengsah, ka-thah ingkang pejah. Prabu Dasamuka duka sanget, amargi ba-lanipun kathah ingkang tumpes, lajeng anyarirani perang, atan-dhing kaliyan Patih Banendra. Wusana Patih Banendra kace-peng, kabucal dhawah tebih tumunten pejah. Citrayuda pejah dening Dumraksa, Citracapa pejah dening Wirupaksa. Sakan-tuning balanipun punggawa kekalih wau sami mawud.

Prabu Danapati kesisan bala, namung kantun ingkang ma-ger santun kemawon, angapit-apit puspakanipun. Sang Nata sumedya amales pejahipun Patih Banendra saha tumpesing ab-dinipun, lajeng amiyosi ing paprangan. Prabu Dasamuka sume-rep, yen ingkang raka anyarirani perang, enggal anitih rata, sa-ha amethukaken. Sareng sampun kapanggih ajeng-ajengan, la-jeng sami lepas-linepasan jemparing. Angantos dangu enggeni-pun angaben kaluwihan, boten wonten ingkang kasoran. Wusa-na Prabu Dasamuka amusus asta, medal latu ageng anglangu-ngi, ngantos sundhul ing sawarga. Para dewa geheran, sami ngi-li. Dangu-dangu Prabu Dasamuka rumaos kontit kasektenipun, lajeng mumbul dhateng ing awang-awang. Sasampuning kathah-kathah panguman-umanipun dhumateng ingkang raka, enggal andhupak mastakanipun ngantos kabranan. Prabu Danapati lajeng dipun cepeng, badhe kabanting, Patih Prahasta tumun-ten anyandhak astanipun Prabu Dasamuka, saha matur anga-sih-asih, sampun ngantos anyedani ingkang raka.

Sadangunipun Patih Prahasta anggendholi karsaning ratu-nipun, enggenipun badhe ambanting ingkang raka, anunten Ba-gawan Padma tedhak saking sawarga, akanthi dewa sakawan.

Bagawan Padma wau ingkang rama Bagawan Wisrawa, saha sampun dados dewa. Tumedhakipun kautus ing Bathara Endra, amundhut Prabu Danapati, badhe kadamel dewa, sarta amaringaken karaton ing Lokapala saisinipun dhumateng Prabu Dasamuka. Bagawan Padma sasampune andhawahaken timbalanipun Bathara Endra dhumateng Prabu Dasamuka, lajeng kondur dhateng ing sawarga, ambekta Prabu Danapati.

Prabu Dasamuka lajeng anglebeti kadhaton ing Lokapala, isinipun ingkang kalebet peni-peni kapendhet sadaya. Dalasan bala danawa inggih sami malebet ing kadhaton, saha anjarah-rayah anenelasaken.

Ing negari Lokapala wonten redi inggil anglangkungi, anama Kelasa-prawata, pucakipun meh sundhul ing sawarga. Prabu Dasamuka badhe sumerep puputipun redi wau, lajeng dipun inggahi sarwi anitih wimana, kadherekaken dening danawa pipiyan ing sawatawis. Lampahipun Sang Nata dumugi ing pucak, ing ngriku wonten kadhatonipun, anglangkungi endah, korinipun anjog dhateng ing sawarga. Kadhaton wau kadamel panggenan widadari, ingkang minangka gegantungan ganjaranipun para satriya ingkang sami pejah wonten ing paprangan. Prabu Dasamuka sadumuginipun pucaking redi wau, taksih manggung wonten ing wimana kemawon. Anunten dewa kang tangga kori aningali Sang Nata, lajeng anguwuh kapurih wangsula, awit boten wonten ingkang kenging angambah panggenanipun para widadari, bilih boten angsal wewenangipun Bathara Guru, sanajan para dewa inggih kedal mawi kalilan dening Sang Hyang Guru. Prabu Dasamuka sanget prihatos ing galih amidhanget pepelingipun dewa ingkang tangga kori wau. Lajeng tedhak saking wimana saha amuja semadi. Wondening ingkang tinedha salebeting semadi, kalilana lumebet dhateng panggenanipun para widadari. Sasampuning memuja, korining kadhaton dipun dedel menga, ananging sareng astanipun malebet, kori lajeng tumangkeb, astanipun Sang Nata ingkang tengen kapippit, kadudut-dudut boten kenging. Saking sangeting sakit, Prabu Dasamuka angerik, swaranipun kados gelap, angebeki ing Suralaya, adamel gegering para dewa. Bathara Guru

lajeng amarentahi dewa kang tengga kori, kapurih angengak-na kori, ingkang mipit astanipun Prabu Dasamuka. Sareng kori sampun kaengakaken, Prabu Dasamuka lumebet, mider-mider aningali, langen-langening kadhaton, kadherekaken ing abdi da-nawa pipiyan.

Ing redi wau wonten pratapanipun satunggil, anglangu-angi saking endah, saha kathah tatenamanipun warni-warni. Won-dening ingkang tapa wonten ing ngriku anama Dewi Widawa-ti, ayunipun tanpa sisihan, inggih punika titisipun Dewi Sri. Dewi Widawati ingkang wau kapendhet putra dhumateng Ba-gawan Drahapati. Sasedanipun pandhita, Dewi Widawati ing-kang angenggeni pratapanipun. Dewi Sri ingkang nitis dhateng Dewi Widawati wau, sampun aprajangjean akaliyan Bathara Wisnu, badhe tumedhak dhateng ing marcapada. Karsanipun Bathara Wisnu, badhe anitis wonten negari ing Mahispati, ana-ning lami dereng pikantuk margi. Sareng negari ing Lokapala kainggahan dhumateng Prabu Dasamuka, Bathara Wisnu eng-gal tumedhak dhateng ing marcapada, tumitis ing danawa ab-dinipun Prabu Danapati, ingkang dipun pejahi dening pung-gawa danawa ing Ngalengka, ingkang nama Mintragna. Anun-ten Bathara Wisnu anitis dhumateng Prabu Arjuna Sasra ing mahispati. Menggah karsanipun Dewi Sri, badhe nitis dhuma-teng putri ing Manggada, ingkang kagarwa dhumateng Prabu Arjuna Sasra wau, anama Dewi Citrawati, ananing dereng pi-kantuk margi.

Sarawuhipun Prabu Dasamuka wonten ing pratapan, De-wi Widawati saweg semadi wonten ing sanggar langgatan, ka-get aningali dhumateng Sang Nata. Prabu Dasamuka sareng ani-ngali Dewi Widawati, ingkang saweg medal saking sanggar lang-gatan, galihipun gimir. Lajeng anantun badhe kapendhet garwa, ananging Dewi Widawati anampik, saha anyerepaken, yen sari-ranipun boten kenging kawengku ing sanesipun saking Batha-ra Wisnu, saha Bathara Wisnu ing mangke sampun nitis dhateng Prabu Arjuna Sasra ing Mahispati, boten antawis lami sang de-wi inggih badhe nusul. Kalih dening malih Dewi Widawati amar-tosi dhumateng Prabu Dasamuka, yen Sang Nata ing tembe ba-

dhe seda dening ratu ingkang abala kethek, ing katitisan ing Bathara Wisnu, awit saking andhustha garwanipun. Prabu Dasamuka boten maelu dhateng sakathahing pangandikanipun Dewi Widawati, malah anyaketi saha angaras ukelipun, andadosaken dukanipun sang dewi, ngantos kawiyos pangandikanipun gangsul dhumateng Sang Nata. Sasampune anguwus-uwus dhumateng Prabu Dasamuka, Dewi Widawati enggal wangsul dhumateng sanggar langgatan. Wonten ing ngriku lajeng malebet ing latu murub, sakala sariranipun sirna.

Prabu Dasamuka anututi Dewi Widawati, amurugi panggenaning latu. Sareng aningali yen sang dewi sampun boten wonten, sakalangkung angungun ing galih, lajeng wangsul dhateng ing jawi saabdinipun ingkang andherek wau, saha mider-mider wonten ing redi.

Wonten redi malih satunggil, prenahipun boten tebih saking redi Kelasa wau, anama Duksina. Inkang tapa wonten ing ngriku ratu pinandhita, ingkang dhedhepok wonten sakiwa tengenipun redi Duksina wau. Damelipun Prabu Maruta amemulang dhateng sawarnining pandhita wau. Pamulangipun elet sakenjing. Anuju ing dinten pakempalanipun para pandhita, apuruhita dhumateng Prabu Marut. Prabu Dasamuka rawuh, Para pandhita wau kaget aningali danawa, lajeng sami bibar, namung kanton Sang Bagawan Maruta, ingkang taksih wonten ing sanggar pamulangan. Prabu Dasamuka lumebet ing sanggar pamulangan, lajeng katakenan dhumateng Sang Bagawan Maruta, menggah dameling rawhipun. Prabu Dasamuka amangsuli pangandika, yen mentas ambedhah negari ing Lokapala, saha Bathara Guru sampun amaringaken negari wau satalatahipun dhumateng Sang Nata. Wondening preluning rawhipun, namung badhe anelukaken Sang Bagawan Maruta, awit redi Duksina kalebet ing wewengkonipun negari ing Lokapala. Bagawan Maruta sareng midhanget pangandikanipun Sang Nata, sakalangkung dukanipun, lajeng anyandhak dedamel, sumedya anglawan dhumateng Prabu Dasamuka. Anunten wonten swara kamirengan, andhawahaken timbalanipun Bathara Guru, angetaken dhateng Bagawan Maruta, yen dede lampahing pandhita apeperangan. Saha Prabu Dasamuka boten kenging dipun pe-

228

jahi, yen dereng dumugi ing mangsa. Bagawan Maruta sareng amidhanget swara wau, enggal anyelehaken dedamelipun, lajeng angundhuh woh-wohan kasegahaken dhumateng Prabu Dasamuka saabdinipun. Prabu Dasamuka sasampuning dhahar asegnipun sang pandhita, lajeng anyariyosi bab estri ayu, ingkang tapa wonten ing redi Kelasa. Saha bab panampikipun estri wau dhumateng Sang Nata, lajeng sirna amargi manjing ing latu murub. Sang pandhita kapurih anjatena panggenan purugipun tiyang estri wau. Wangsulipun Bagawan Maruta, tiyang estri ingkang kapangandikakaken wau, sampun nitis dhateng putri ing Manggada, ingkang kagarwa dhumateng Prabu Arjuna Sasra ing Mahispati. Benjingipun badhe tumitis dhateng putri ing negari Mantili, ingkang badhe kagarwa dhumateng raja-putra ing Ngayodya.

Prabu Dasamuka sasampuning dipun wartosi dhumateng Bagawan Maruta, lajeng bidhal saking redi Duksina, sumedya anglurugi negari ing Ngayodya. Bala danawa ingkang sami katarilar wonten negari ing Lokapala sami andherek. Patih Prahasta sanget boten amrayogekaken karsanipun Sang Nata, badhe anglurug dhateng ing Ngayodya, awit tanpa sabab, saha boten mawi asuka uninga rumiyin, nanging Sang Nata boten andhar aturipun. Lampahing baris sampun angancik tepis-wiringipun ing Ngayodya, sami amasanggrahan wonten ing wana, anuntan bala danawa sami malebet ing padhusunan, saha ambebahaki.

Inggang jumeneng ratu wonten ing negari Ngayodya, ajejuluk Banaputra. Sang Nata sampun anampeni pratela, yen Prabu Dasamuka sampun ngancik tepis-wiringing Ngayodya, lajeng andhawahaken parentah amepak bala, amethukaken dhateng ing mengsah. Ratu ingkang ambiyantoni perang dhumateng Prabu Banaputra: satunggil ratu ing Kamboja, kalih ing Kraldhagami, tiga ing Welaraja, sakawan ing Bigala. Sareng prajurit ing Ngayodya tuwin prajurit banton sampun pepak, lajeng kabidhalaken dhateng sawawining kitha. Wonten ing ngrikun rame apering kaliyan bala danawa, bala ing Ngayodya tuwin prajurit banton sami kawon saha tumpes sadaya, dalasan ratu sakawan

wau sami pejah dening Prabu Dasamuka. Wusana Prabu Banaputra anyarirani perang, atandhing kaliyan Prabu Dasamuka. Ngantos dangu enggenipun sami lepas-linepasan jemparing, saha angaben kadigdayan tuwin kasekten. Wusana Prabu Banaputra linepasan limpung, kenging lajeng dhawah, anunten dipun purugi dhumateng Prabu Dasamuka. Ingkang pinurungan anudingi sarta anyupatosi, pangandikanipun, "Heh Rawana, sarehne ambekmu rusuh, lan agawe kasusahaning akeh, ing besuk ana wewales kang tumi baing awakmu, metu saka ing wang-saku, kang aran Ragawa, iya iku kang bakal amateni kowe sabalamu". Prabu Dasamuka sareng midhanget pangandika meka-ten, anyandhak limpung, kasawataken ing Sang Prabu Banapu-tra, andadosaken sedanipun. Dasamuka sabalanipun lajeng lumebet ing kadhaton Ngayodya, anjarah angrerayahi saha ambe-boyongi. Satelase isinipun ing kadhaton, Sang Nata karsa angle-lana badhe anenelukaken negari, awit galihipun dreng marem, yen dereng dipun sembah ing ratu sajagad. Kacariyos sampun kathah negari ageng-ageng, ingkang kabedhah dhumateng Pra-bu Dasamuka, wusana Sang Nata sabalanipun amasanggrahan wonten ing Pulo Manik.

Ing mangke ingkang kacariyos negari ing Mahispati, ratu-nipun ajejuluk Arjuna Wijaya, inggih Sasrabau, utawi Arjuna Sasra, garwanipun anama Dewi Citrawati. Seliripun wolung atus, saha kathah ratu negari ing amanca, ingkang lampahan sataun tuwin kalih taun, sami kabawah ing Sang Nata. Pepatihipun anama Suwanda, ingkan warni jumbuh akaliyan Sang Nata.

Anuju satunggiling dinten Prabu Arjuna Sasra karsa ameng-ameng dhumateng wana ingkang urut pasisir. Lajeng andhawah-aken parentah dhumateng Patih Suwanda, angundhangi bala, tuwin para ratu, punapa dene para satriya, kakarsakaken sami andherek. Patih Suwanda angleksanani dhawahipun Prabu Ar-juna Sasra. Sareng sampun sami pepeke, Sang Nata lajeng bidhal anitih rata akaliyan ingkang garwa. Selir wolung atus kakarsaka-ken andherek.

Tindakipun Sang Nata sampun dumugi ing redi. Para pan-dhita ingkang adhedhepok wonten ing ngriku, sareng midhanget

yen Sang Nata papara dhumateng wana, enggal sami amethuk, saha sakalangkung sami suka bingahipun, awit pangenanipun katedhak ing ratu ageng. Sang Nata sasampuning ambebedhag saha mendhet ulam lajeng anyare ing pratapan. Wonten ing ngriku aginem raos kaliyan para pandhita, bab kautamaning lampah-lampah tuwin wajibipun ing agesang. Enjing Dewi Citrawati akaliyan para selir sami angundhuh sekar, sanget sami suka bingah ing galih. Anunten Sang Prabu Arjuna Sasra bidhal saking pratapan wau, karsa amasanggrahan ing pangenan sanesipun. Samargi-margi Sang Naga adedana dhumateng para abdi, boten wonten ingkang kalangkungan. Akathah pratapan ingkang dipun kendeli, pundi ingkang rusak andikaken andadosi dhumateng abdinipun, saha pinaringan ing saratipun anyae. Wusana tindakipun Sang Nata dumugi ing redi ageng. Wonten ing ngriku Patih Suwanda ayasa pasanggrahanipun Sang Nata.

Redi wau caket akaliyan lepen ageng, toyanipun lebet saha santer, tempuk akaliyan seganten. Enjing Sang Nata akaliyan ingkang garwa ameng-ameng dhateng pinggiring lepen wau. Dewi Citrawati kapengin badhe siram ing lepen, ananging kacandhet awit saking lebet saha santer. Cuwaning galhipun ngantos katawis saking semu. Sang Nata anggrahita, lajeng angandika dhumateng ingkang garwa, "Aja susah atimu, prakara jero lan santering kali. Mungguh panambaking kali, amurih cetheke, aku kang nyaguhi. Aja sing kali, sanajan segara, aku kaduga anambak, apa dene yen kowe duwe karep, anjaluk udhune swarga marang marcapada, aku iya kaduga". Sasampuning ngandika mekaten, lajeng animbali Patih Suwanda, pangandikanipun Sang Nata, "Suwanda, ingsun karsa sare ana sajroning kali, sira lan para ratu tuwin punggawa padha rumeksaa pasanggrahan". Sakendelipun ngandika mekaten, Sang Nata lajeng triwikrama, sakala sariranipun dados ageng kados redi, astanipun sewu. Anunten para dewa sami anjawahaken sekar, minangka pakurmat dhumateng Prabu Arjuna Sasra. Para pandhita, tuwin Dewi Citrawati, saha para selir, punapa dene para abdi ageng alit, sami angabekti dhumateng Sang Nata. Sareng sampun sami angabekti, Sang Nata lajeng tedhak anggebyur saha malang wonten ing

lepen. Sakala toyanipun membeg, kados dipun tambak. Anun-
ten Dewi Citrawati siram akalayan para selir wonten pangge-
nan ingkang cethek.

Kacariyos Prabu Dasamuka, ingkang masanggrahan wonten
ing Pulo Manik, sakalangkung cuwanipun ing galih, amargi ka-
la wonten ing redi Kelasa-prawata kaoncatan ing Dewi Widawa-
ti. Salaminipun wonten ing Pulo Manik wau Sang Nata tansah
amemuja, ingkang tinedha ing semadi, kaugunga ing dewa saba-
rang karsanipun. Boten Antawis dangu para danawa sami kage-
geran, amargi katrajang ing toya ageng. Inggih punika amberi-
pun toya lepen, ingkang dipun tambak ing Sang Prabu Arjuna
Sasra, angalebi wana-wana tuwin pategilan saha pasabinan. Sa-
king agenging toya ingkang mungsuh, ngantos angacaki pasang-
grahanipun Prabu Dasamuka. Para danawa alit-alit sami malang-
krong wonten ing witwitan. Prabu Dasamuka sakalangkung duka
aningali ambering toya dhateng ing pasanggrahan, lajeng andha-
wahaken parentah anitik, ingkang andadosaken agenging toya.
Wonten punggawa satunggil, anama Sukasrana, punika ingkang
kapatah anitik. Sukasrana lajeng mangkat. Boten antawis da-
ngu wangsul, sowan ing ngarsanipun Prabu Dasamuka, saha anga-
turaken ingkang pinanggih ing pamariksanipun. Sareng Prabu
Dasamuka sumerep saking pratelaning utusan, yen ambering to-
ya wau saking pandamelipun Prabu Arjuna Sasra, lajeng andha-
wahaken parentah dhumateng Patih Prahasta, amepak bala,
badhe anglurugi Prabu Arjuna Sasra. Patih Prahasta sanget bo-
ten amrayogekaken karsanipun Sang Nata, awit Prabu Arjuna
Sasra ratu ageng saha sekti, angerehaken ratu kathah, sami sek-
ti-sekti sadaya. Sumelangipun Patih Prahasta, yen Sang Nata
ngantosa mengsah Prabu Arjuna Sasra, bokmanawi manggih
tiwas. Kathah-kathah aturipun kyai patih, enggenipun murih
sandening karsane ratunipun, punapa dene anyerepaken, yen
Prabu Arjuna Sasra titisipun Bathara Wisnu, boten kenging li-
nawan. Prabu Dasamuka boten andhahar aturing patih, ing-
kang amung amurih karaharjaning sariranipun, malah sanget
andadosaken dukanipun, amidhangetaken panggunggungipun
Prahasta dhumateng Prabu Arjuna Sasra. Lajeng tiwikrama, sa-

riranipun dados ageng prasasat redi, astanipun wolung atus' sami anyepeng dedamel sadaya, pangandikanipun dhumateng Patih Prahasta, "Heh paman patih, delengen kasektenku. Apa ana isining jagad, kang wani tuwin bisa memalangi kekarepanku. Si Arjuna Sasra maneh yen wani mungsuh aku, dewa ing Suralaya kabeh kekes andeleng kasektenku". Patih Prahasta boten ajrih matur malih, sanget ing pangudi, sesaged-saged badhe angampah karsaning ratunipun, ananging Prabu Dasamuka kekah ing karsa, enggenipun badhe anglurug. Patih Prahasta kagali ajrih perang, lajeng kadhawahaken kesah, kapurih tumuta dhumateng Prabu Arjuna Sasra. Anunten Sang Nata aparentah dhumateng punggawa danawa, ingkang anama Mintragna, Wirupaksa, Dumraksa, saha Kampana, ambidhalaken prajurit, badhe anginggahi Prabu Arjuna Sasra. Boten antawis dangu bala danawa sampun pepak, lajeng kabidhalaken. Patih Prahasta boten kantun, ananging lumampah wonten ing wingking, saha sanget prihatosipun, awit Prabu Dasamuka anampik wulang prayogi, ingkang kenging andadosaken karaharjaning sarira saha abdinipun sadaya.

Patih Suwanda sampun anampeni pratelanipun mantri ingkang nganglang, yen ratuning danawa ingkang jejuluk Dasamuka anginggahi, badhe anggitik Prabu Arjuna Sasra, lajeng andhawahaken parentah amepak prajurit. Sawontenipun prajurit ingkang andherek papara kapara tiga, ingkang kalih duman badhe kabekta amethukaken mengsah, ingkang saduman katilar wonten ing pasanggrahan, arumeksa Prabu Arjuna Sasra ingkang saweg sare wonten salebeting toya. Pikajengipun Patih Suwanda, mengsah badhe kapethukaken saking katebihan, supados sampun ngantos adamel kagetipun Prabu Arjuna Sasra. Sareng sampun rampun genggenipun amematah, Patih Suwanda lajeng bidha. Barising ngajeng tetindhihipun ratu ing Manggada, punika ingkang dados ulu-ulunipun para ratu, ingkang kalereh dhumateng Prabu Arjuna Sasra. Anunten kasembetaken dening ratu ing Srawangga sabarisisipun. Sawingkingipun ratu ing Srawangga ingkang anepangi ratu ing Srawantipura, lajeng ratu ing Kalingga-pati. Anunten Prabu Ngalatanaya, sami sabarisi-

pun piyambak-piyambak. Inggang amungkasi Patih Suwanda saprajuritipun. Lampahing baris ageng sampun dumugi ing ara-ara saselaning redi ageng, caket akaliyan seganten, wonten ing ngriku sami amasanggrahan.

Prabu Dasamuka sabalanipun medal ing awang-awang, saha sampun angungkuli pasanggrahanipun Patih Suwanda. Sang Nata eram aningali kathahing baris, inggang wonten ing ara-ara. Andugi yen Prabu Arjuna Sasra inggang masanggrahan wonten ing ngriku, lajeng niyup sabalanipun, badhe anempuh inggang sami pacak baris. Patih Suwanda saha para ratu wau sumerep, lajeng sami medal saking pasanggrahan, saha anata prajuritipun. Anunten Prabu Dasamuka anguwuh-uwuh saking awang-awang, "Heh Arjuna Sasra, yen kowe ora gelem nyembah marang aku, amesthi mung sadina iki kowe andeleng soroting srengenge, awit ora wurung kowe sabalamu bakal tumpes dening aku. Sanajan kowe dibiyantonana ing dewa, amesthi ora kelar anadhahi pangamukku. Mulane yen kowe ngeman umurmu, dienggal angrungkebana delamakanaku, lan raja-branamu, tuwin anak-anak wadon para ratu kang kalereh ing kowe, padha saosna marang aku, mung iku kang minangka pamurunge patimu!". Patih Suwanda amangsuli, "Heh Dasamuka, aku dudu Prabu Arjuna Sasra. Aku iki patihe, jenengku Suwanda. Tekaku ing kene arep antemalangi lakumu, aja kongsi kowe amungu gustiku kang lagi sare. Yen aku isih urup, amesthi ora kalakon kekarepanmu, sumedya angrubedi gustiku. Aku lan para ratu kalerehane gustiku amilalah tumpes ana ing paprangan, karo nungkul marang kowe!". Prabu Dasamuka gumujeng amidhangetaken wangsulanipun Patih Suwanda, lajeng angandika malih, "Sarehne aku ratu gedhe lan kawasa, atut tandhing perang karo ratumu si Arjuna Sasra. Yen karo kowe aku ora gelem perang, awit kowe wong nistha, ora duwe kasekten, eman gegamanku yen dak tamakna ing kowe". Prabu Dasamuka sasampuning ngandika mekaten, lajeng mundur dhateng pasanggrahanipun ing Pulo Manik, sarwi andhawahaken parentah dhumateng danawa punggawa, inggang nama Kampana, Supwarsa, Dumraksa, saha Mintrag-na, amethukaken perangipun Patih Suwanda.

Anunten punggawa danawa sakawan wau sabalanipun sami medhun saking awang-awang, lajeng perang akalayan prajurit ing Mahispati. Ratu ing Manggada anglepasaken jemparing, punika amedalaken jemparing aleksan, andhawahi bala danawa, kathah ingkang pejah. Anunten Wirupaksa amusus astanipun, amedalaken lesus, anyirnakaken sakathahing jemparingipun ratu ing Manggada. Lajeng angabani balanipun, kapurih anempuha prajurit manungsa. Para danawa enggal angebyaki, saha kathah angsalipun pepejah. Anunten ratu ing Srawantipura anglepasaken jemparing, punika amedalaken sela kathah, agengipun saredi-redi, andhawahi bala danawa, saha kathah ingkang pejah. Prabu Suryaketu anusuli jemparing, punika amedalaken naga tanpa wicalan, anenumpesi bala danawa, amargi saking ampuhing wisanipun. Danawa punggawa ingkang nama Wirupaksa, Supwarsa, Gathodara, Brajamusthi, Wilohitaksa, Marica, Pragasa, Prajangga, Jambumangli, Puthadaksi, Mintragna, saha Sukastrana, sareng aningali risakipun bala danawa, lajeng sami angawaki perang. Pangamukipun anggegirisi, kathah bala manungsa ingkang pejah, dening danawa punggawa wau. Anunten ratu ing Manggada, ing Srawangga, saha ing Kalinggapati, sami tedhak saking rata, ambiyantoni perang, ewadenten prajurit manungsa meksa kontit perangipun. Patih Suwanda enggal anglepasaken jemparing, punika amedalaken dedamel warni-warni tanpa wicalan, andhawahi bala danawa, kathah ingkang pejah. Anunten danawa punggawa ingkang sampun kasebut wau angamuk malih, anenumpesi bala manungsa. Para ratu kaleheranipun Prabu Arjuna Sasra sareng aningali risaking prajurit manungsa, lajeng sami ngamuk anempuh bala danawa. Ratu kaleheran wau wonten ingkang nama Prabu Soda, punika anglepasaken jemparing bajra, anempuh bala danawa, sadaya sami sirna kabekta ing angin. Sasirnanipun danawa alit-alit, amargi linepasan jemparing bajra dening Prabu Soda, anunten para punggawa danawa sami ngamuk, kapethukaken dening para ratu kaleheran, saha dening Patih Suwanda. Arame perangipun, wusana sakathahing danawa punggawa sami kawon saha pejah sadaya, namung kantun satunggil, ingkang nama Sukastrana. Pu-

nika lumajeng sabalanipun dhumateng ing Pulo Manik, sowan ing ngarsanipun Prabu Dasamuka, lajeng angaturaken tiwasing para punggawa sabalanipun.

Prabu Dasamuka gedheg amidhangetaken pratelanipun Susastrana, gereng-gereng dangu boten saged ngandika. Wusana lajeng angundhangi bala, sakantunipun ingkang wonten ing pasanggahan, saha amemacak punggawa, gegentosipun ingkang sami pejah. Wondening ingkang kaangkat dados punggawa, anak utawi sadherekipun ingkang sampun pejah wau, sarta sami anunggak semi nama. Sasampuning amemacak punggawa, Prabu Dasamuka lajeng bidhal saking Pulo Manik, kadherekaken ing Patih Prahasta sabalanipun. Bala danawa saweneh wonten ingkang medal ing awang-awang saweneh medal ing dharat. Samargi-margi amebabahaki padhusunan, saha amemangsa tiyang dhusun.

Sasirnanipun mengsah danawa, para ratu kalerehan tuwin Patih Suwanda sami suka bingah, saha ngaub wonten sangandhaping wit-witan. Boten antawis dangu sami kaget dening swaranipun bala danawa, ingkang saweg dhateng. Baris danawa wau, anjog dhateng dharatan, lajeng anempuh barising Mahispati. Sakala sami perang rame. Patih Prahasta ngamuk sarwi anumpak gajah, kathah angsalipun pepejah. Kapethukaken dening ratu kalerehan, ingkang jejuluk Wisabajra. Gajahipun Patih Prahasta pejah kagada dening Prabu Wisabajra wau. Sareng Prabu Dasamuka aningai, yen gajahipun Patih Prahasta pejah, lajeng triwikrama, angamuk anenumpesi. Sakathahing jemparing tuwin dedamelipun para ratu telukan boten wonten ingkang tumana dhumateng Prabu Dasamuka. Wusana para ratu wau kathah ingkang pejah, sakantunipun sami lumajeng, angungseken gesang, awit giris aningali ngamukipun Prabu Dasamuka, sampun prasasat Bathara Kala badhe anggempur jagad.

Patih Suwanda sareng aningali mawudipun para ratu, lajeng adamel serat, katangsulaken ing cakra, linepasaken dhumateng para ratu ingkang sami kaplajeng wau. Ijermaning serat, "Heh para ratu kang padha lumayu saka ing paprangan. Teka ora weh ing isin, giris andeleng mungsuhe sekti, lali yen tinitah ra-

tu. Mungguh pati lan urip gumantung ana hing Hyang Suksma Kawekas, iya iku kang aparing karaharjan lan cilaka, sarta kang anitahake para ratu, kinacek lan sapadha-padhaning tumitah, sabab dening apa kowe padha miris amungsuh si Dasamuka. Jenenge ratu kang satemene amesthi sugih wirang, lan kendel perang. Kowe iku padha kinulit daging marang Sang Prabu Arjuna, sakakarepanmu diemong, apa kang kowalesake, yen nora getih lan patimu. Yen nora mengkonoa, eman negara diadegi ratu kang kaya kowe. Ratu kang sajati ora gelem mingked saka ing marganing kautaman. Yen maju marang ing paprangan, anyipta bakal semadi, papaning perang kang minangka padupan, panah lan gegaman liyane dianggep ratu tuwin urubing geni, egong dianggep gentha. Yen ratu anumpes satru salah, amesthi gedhe ganjarane ana ing jagad kailangan. Saupama olehe nedya anyirnakake kadursilan, kongsi tumeka ing pati, amesthi bakal munggah ing swarga, katemu lan jawata linuwih, iya iku Bathara Wisnu, lan dewa Nayaka wewolu”.

Para ratu ingkang sami kaplajeng wau sareng anampeni seratipun Patih Suwanda, medal malih kapurunanipun, lajeng sami wangsul dhateng ing paprangan sabalanipun, saha tangled malih akaliyan Prabu Dasamuka, ananging kawon sarta pejah sadaya, sakantuning balanipun sami mawud. Anunten Patih Suwanda numpak rata, lajeng dhumateng ing paprangan. Prabu Dasamuka aningali, yen kapethukaken ing Patih Suwanda, lajeng angandika, ”Heh Suwanda, kowe iku teka meksa arep angayoni aku, aluwung mundura di enggal. Matura marang gustimu si Arjuna Sasra, yen dak enteni ana ing paprangan, awit iku kang patut perang karo aku. Yen aku dudu tandhingmu, ora wurung kowe ajur ana ing tanganku!”. Patih Suwanda amangsuli, ”Heh ratu buta, yen aku isih urip, amesthi ora kelakon kowe perang karo gustiku Prabu Arjuna Sasra. Gustiku ratu gedhe, ambek utama, eman yen tandhinga karo kowe, awit kowe bumurka reregeding jagad, aku bae nguwisi perang karo kowe!”. Prabu Dasamuka sareng dipun wangsuli mekaten, lajeng anglepas’ en limpung, kadhawahan dening jemparingipun

Patih Suwanda, limbung wau tugel. Angantos dangu enggenipun sami lepas-linepasan jemparing, ananging boten wonten ingkang ngengingi. Wusana Patih Suwanda anglepasaken jemparing cakra, kenging jangganipun Prabu Dasamuka pagas. Sang Nata seda dhawah ing siti, ananging sarehining kagungan aji Pancasona, mastaka ingkang sampun pagas wau tungtum malih akaliyan gembung. Prabu Dasamuka gesang malih lajeng mumbul dhateng ing awang-awang. Prabu Dasamuka kerep seda dening jemparingipun Patih Suwanda, ananging gesang malih amargi saking sawabipun aji Pancasona. Wusana Patih Suwanda anglepasaken jemparing trisula, kenging jajanipun Prabu Dasamuka, seda dhawah ing siti, saha sampun gesang malih, ananging Sang Nata boten wungu, api-api seda. Patih Suwanda andugi, yen Prabu Dasamuka sampun pejah, lajeng tedhak saking rata, amurugi layonipun Sang Nata, badhe katigas mastakanipun, Sareng badhe kajambak, Prabu Dasamuka wungu, saha anggelut dhumateng Patih Suwanda. Dhuwungipun lajeng karebat, kadamel anigas gulunipun kyai Patih. Sareng gulunipun kyai patih sampun ketigas, surah akaliyan gembungipun sami ngamuk, adamel girising para danawa punggawa, saha susahing galihipun Prabu Dasamuka. Anunten Sang Nata anglepasaken jemparing bajra, sirah saha gembung wau sirna kabekta ing jemparing sakantuning balanipun Patih Suwanda mawud.

Prabu Arjuna Sasra sawungunipun sare wonten ing lepen, sampun midhanget pawartos, yen wonten mengsah danawa dhateng saking negari ing Ngalengka, saha sampun kapethukaken dhumateng Patih Suwanda. Sang Nata sareng anampeni pawartos wau, saking sumelangipun dhumateng Patih Suwanda, manawi ngantos amanggih tiwas wonten ing paprangan, lajeng angundhangi bala, karsa atetulung dhumateng pepatihipun. Sareng prajurit sampun pepak, Sang Nata lajeng bidhal. Wonten ing margi kapethuk akaliyan putranipun Prabu Soda, saha dipun pratelani bab pejahipun Patih Suwanda sarta para ratu tetelukan. Prabu Arjuna Sasra sakalangkung duka, amidhanget pejahipun Patih Suwanda, lajeng andhawahaken parentah, amelak lampahing baris. Anunten Sang Hyang Kanekaputra te-

dhak, mendhak-mendhak ing ngarsanipun Sang Nata, saha andhawahaken timbalanipun Bathara Guru, Sang Nata kapurih anyandekna enggenipun badhe perang akaliyan Prabu Dasamuka, awit dereng dumugi ing wewatesaning mangsa pejahipun Dasamuka. Ingkang sampun kapesthi Bathara Guru, benjing yen prang Prabu Arjuna Sasra anitis sapisan malih dhumateng manungsa, ingkang angratoni kethek, ing ngriku mangsaning pejahipun Prabu Dasamuka sabalanipun danawa sadaya. Mila Prabu Arjuna Sasra ing mangke kaaturan kundur, sampun ngantos amejahi Dasamuka. Wangsulaniipun Prabu Arjuna Sasra, boten sumedya badhe amejahi Prabu Dasamuka, namung badhe kaangkah kawonipun kemawon, awit yen boten mekaten, Dasamuka amesthi boten sampun-sampun enggene adamel kasusahaning jagad. Sang Hyang Kanekaputra kendel, ananging tut wingking tindakipun Prabu Arjuna Sasra. Sareng sampun dumugi ing paprangan, Sang Nata andhawahaken parentah anata baris. Hyang Kanekaputra lajeng pamit, kondur dhumateng ing kadewatan.

Prabu Dasamuka taksih pacak baris wonten ing awang-awang. Sareng aningali wonten baris ageng andhatengi, lajeng niyup sabalanipun, anempuh prajurit ing Mahispati. Arame tangledipun danawa akaliyan manungsa. Anunten Prabu Dasamuka anglepasaken kunta, saha brama-astra. Jemparing kekalih wau amedalaken jemparing tanpa wicalan, sarta amedalaken latu ageng. Enggal Prabu Arjuna Sasra anglepasaken jemparing panulak, anyirnakaken prabawanipun Prabu Dasamuka. Prabu Dasamuka anglepasaken kunta malih, ananging inggih ugi sirna katu-lak ing jemparingipun Prabu Arjuna Sasra. Anunten Sang raja danawa triwikrama, sariranipun dados ageng kados radi, saha murub, sirahipun sadasa. Prabu Arjuna Sasra lajeng anglepasaken jemparing trisula, angleresi kencing jangganipun Prabu Dasamuka, mastakanipun sadasa rantas nanging boten antawis dangu tungtum malih akaliyan gembung. Prabu Dasamuka lajeng gesang malih, saha amedalaken prabawa, amurih tumpesipun bala ing Mahispati, ananging sakathahing prabawanipun sami sirna dening jemparingipun Prabu Arjuna Sasra. Sarihning Prabu Arjuna Sasra welas aningali risaking abdinipun, ingkang

amargi saking pangamukipun Dasamuka, dados karsanipun badhe adamel rampunging perang. Sang Nata lajeng triwikrama, sariranipun dados ageng, angungkuli sariranipun Prabu Dasamuka, astanipun sewu, sami anyepeng dedamel sadaya, lajeng tagled akaliyan sang raja danawa wonten ing awang-awang. Angantos dangu enggenipun lepas-linepas jemparing, saha angaben kaluwihan, ananging kathah ing kaluwihanipun Dasamuka kontit, sanget andadosaken kakening galihipun, ngantos muwun saha angerik-ngerik, swaranipun kados gelap.

Boten antawis dangu Bathari Durga garwanipun Bathara Guru tumedhak, karsa atefulung dhumateng Prabu Dasamuka, sakala jagad peteng dhedhet. Prabu Arjuna sumerep, yen punika pandamelipun Bathari Durga, lajeng angasta dhendha, saha ngandika seru, "Heh Bathari Durga, kowe iku salah gawe, lah iya diprayitnani, tadhahana dhendhaku iki". Sareng dhendha lumepas, pepeteng wau lajeng sirna, Bathari Durga katingal kawujudanipun, enggal wangsul dhateng kayanganipun. Prabu Arjuna Sasra tumunten anglepasaken jemparing dibya, angengingi jangganipun Prabu Dasamuka rantas, mastakanipun dhawah ing siti, ananging lajeng tungtum malih akaliyan gembungipun. Anunten enggal cinandhak ing Sang Prabu Arjuna Sasra, Dasamuka boten saged ebah, ical kasektenipun, lajeng dipun rante. Saking sangeting lingsemipun, Prabu Dasamuka api-api seda. Sareng bala danawa aningali, yen gustinipun sampun kawon, saha kacepeng ing Sang Prabu Arjuna Sasra, enggal sami lumajeng, angungsekaken gesang, namung Patih Prahasta ingkang boten lumajeng, malah amurugi Prabu Arjuna Sasra, saha anyungkemi padanipun, aturipun sarwi anangis, "Dhuh Prabu Arjuna Sasra, manawi pareng ing karsa dalem, mugi angapuntena kalepatanipun Rawana, sampun ngantos kapejahan. Ingkang kala wau boten kirangan enggen kawula angengetaken, sampun ngantos purun-purun amengsah panjenengan dalem. Ananging sarehning pun Rawana taksih enem, saha cupet ing budi, dados kirang santosaning manah, enggenipun anyakep sakathahing pawulang sawe, mila panyuwun kawula, enggenipun purun-purun ing panjenengan dalem, mugi kagaliha saking bodho-

nipun". Prabu Arjuna Sasra gedheg amidhangetaken aturipun Patih Prahasta, boten mawi amangsuli pangandika. Anunten Patih Prahasta matur kathah-kathah dhumateng Prabu Dasamuka, amelehaken kadadosaning tindakipun ingkang boten leres, saha enggenipun angumbar aluhamah. Prabu Dasamuka kendel kemawon, Anunten Prabu Arjuna Sasra bidhal, badhe kondur dhumateng pasanggrahan. Prabu Dasamuka kaemotaken ing rata, kalampahaken wonten ing ngajeng.

Wonten danawa punggawa ing Ngalengka satunggil, anama Sukasrana, amalih warni manungsa angaken abadi ing Mahispati, sowan ing ngarsanipun Dewi Citrawati, sarta agadhah atur doracara, yen Prabu Arjuna Sasra seda wonten ing paprangan, saha Prabu Dasamuka badhe rawuh ing pasanggrahan, lajeng amboyongi garwa tuwin seliripun Prabu Arjuna Sasra. Dewi Citrawati kalangkung kaget amidhanget pawartos mekaten wau, cip-taning galih, aluwung pejaha akaliyan kawengku ing sanesipun. Enggal anyandhak patrem lajeng asuduk sarira, selir wolung atus inggih sami bela pejah sadaya. Sareng Dewi Citrawati sampun seda, Sukasrana enggal kesah, saha sampun awarni danawa malih.

Prabu Arjuna Sasra sarawuhipun ing pasanggrahan, sanget kaget saha prihatos ing galih, aningali sedaning garwa. Boten antawis dangu dewa ingkang rumeksa ing lepen amanggihi Sang Nata, sarwi anyaosi toya, anama tirta-marta, inggih punika toya panggesangan. Sareng layonipun Dewi Citrawati, dipun tetsi ing toya wau, lajeng gesang malih, saha boten wonten tilasing brana. Mekaten ugi selir wolung atus sami gesang malih, amargi saking sawabing toya wau. Anunten dewa ingkang rumeksa lepen wau anyerepaken dhumateng Prabu Arjuna Sasra, menggah namaning danawa ingkang andadosaken jalaran sedanipun Dewi Citrawati, tuwin selir wolung atus. Satelas pratelanipun lajeng mantuk.

Samantukipun dewa ingkang rumeksa lepen, Prabu Arjuna Sasra akaliyan ingkang garwa lajeng siram dhumateng ing lepen, para selir sami andherek. Sasampuning siram, Sang Nata kagungan karsa badhe andikakaken ngupadosi danawa pun


Sukasrana, ingkang gadhah atur doracara wau, karsanipun badhe kapejahan, ananging Dewi Citrawati boten pareng, dados boten estu kaupadosan. Anunten Dewi Citrawati badhe sumerep warnipun bebestan ratu ing Ngalengka. Prabu Arjuna lajeng andhawahaken parentah anyowanaken. Sareng sampun dumugi ing ngarsanipun Sang Nata, saha sampun akedhunaken saking rata, Dewi Citrawati, tuwin para abdi estri, sami aningali.

Wonten pandhita linuwih, sampun sumengka pangawak braja, saha dados dewa ing Suralaya, anama Pulastha, kaprenah buyutipun Prabu Dasamuka. Menggah sajarahipun punika, Pulastha apeputra Bagawan Padma, Bagawan Padma apeputra Prabu Wisrawa, Prabu Wisrawa apeputra gangsal, pambajengipun ajejuluk Danapati, ingkang jumeneng ratu wonten ing Lokapala, ingkang sakawan patutan saking Dewi Sukesi putri ing Ngalengka, anama Dasamuka, Kumbakarna, Sarpakanaka, saha Wibisana. Pulastha wau tumedhak saking swarga, amanggihi Prabu Arjuna Sasra, anyuwunaken pangapunten ingkang wayah, supados sampun ngantos kapejahan. Ing ngajeng Prabu Arjuna Sasra boten pareng anggesangi dhumateng Dasamuka, amargi dados jalaraning tumpesipun bala ing Mahispati, nanging sareng sang resi Pulastha sagah anggesangaken sakathahing abdi ing Mahispati, ingkang sami pejah wonten ing paprangan, Sang Nata lajeng andhawahaken parentah anguculi Prabu Dasamuka, kairida ing ngarsanipun. Prabu Dasamuka sareng sampun kaluwaran, lajeng kasowanaken ing ngarsanipun Prabu Arjuna Sasra, saha anyungkemi padanipun Sang Nata. Sasampuning kaparingan pangapunten, Prabu Arjuna Sasra saha resi Pulastha sami amulang kathah-kathah dhumateng Dasamuka aprajangi, badhe angestokaken sakathahing wulang wau. Anunten resi Pulastha kendel, saha angeningaken tingal. Boten antawis dangu, sakathahing manungsa tuwin danawa, punapa dene kapal gajah saha nunggilanipun, ingkang sampun sami pejah wonten ing paprangan, sareng sami kajawahan lajeng sami gesang sadaya, andadosaken suka pirenaning galihipun Prabu Arjuna Sasra. Anunten sang resi Pulastha pamit dhumateng Sang Nata.

mantuk dhateng ing Suralaya.

Samantukipun sang Resi Pulastha, Prabu Arjuna Sasra kundur sabalanipun dhumateng negari ing Mahispati. Prabu Dasamuka badhe andherekaken, ananging Prabu Arjuna Sasra boten pareng, Dasamuka kadhawahan mantuk dhateng Ngalengka, saha kalulusaken enggenipun jumeneng ratu.

T A M A T



bp PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

